Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Жәмийетлик пәнлер кафедрасы

# *Этика*

Методикалық қолланба

Авторлар: доц. З. П. Сеитова, З. Тлеумуратова, М. Есетова

## Кирис сөз

Өзбекстан Республикасында ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыўдың тийкарғы ўазыйпалары, мәмлекеттиң сиясий, руўхый, жәмийетлик ҳәм экономикалық раўажландырыў принциплерин белгилейди. Сонлықтанда, Президент И. А. Каримов «Ҳүжан пәклиги, әсирлер, заманлар аса инсан руўхыйлығының таяныш үстинлеринен бири болып келмекте. Жәмийет турмысында әдалат ҳәм ҳақыйқат, меҳрибанлық, инсап диянат усаған түсиниклерди қарар таптырыўда әйне усы принциптиң орны ҳәм тәсири шексиз,»[1] -деп тастыйықлайды.

Инсанның ҳәр тәреплеме кәмил табыўы процессиниң өнимдарлығы, ең әўели, оның жәмийетлик, әдеп-икрамлылық бағдары менен байланыслы болып, бул жағдай жасларда айрықша әҳмийетке ийе. 2010-жылдың «Баркамал әўлад жылы» деп жәрияланыўы мәмлекетимизде жасларға болған итибардың айқын көриниси болды. Соның ушында, мәмлекетимиз Президенти И. А. Каримов айтқанындай, «Барлық жақсы нийетлеримиздиң орайында перзентлеримизди ҳәм физикалық, ҳәм руўхый жақтан сағлам қылып өстириў, олардың бахты-саадаты, айдын келешегин көриў, дүньяда ҳеш кимнен кем болмайтуғын әўладты тәрбиялаў арзыўы турады.»[2]

Жаслардың жәмийетлик, әдеп-икрамлылық тәрептен қәлиплесиўи қурамалы ҳәм көп қырралы тәрбиялық процесс болып бир қатар принциплерге байланыслы.

Бириншиден, ҳуқықый демократиялық ҳәм пуқаралық жәмийет қурыў процессинде, базар экономикасына өтиўдиң «Өзбек моделине тийкарланған ҳуқықый-жәмийетлик реформалардың баркамал әўладты тәрбиялаў ўазыйпасына мәмлекет сиясатының тийкарғы бағдарларынан бири сыпатында қаралмақта.

Екиншиден, Өзбекстанда пуқаралық жәмийеттиң қурылыўы жәмийетлик турақлылықты тәмийнлеў, инсанның руўхый кәмилликке

---

[1] И. А. Каримов Юксак маънавият- енгилмас куч. –Тошкент: Маънавият, 2008. –Б. 27
[2] И. А. Каримов «Баркамал аўлад жылы» Мәмлекетлик дәстүри. –Тошкент Ўзбекистон 2010. -Б. 3

ерисиўи, көп миллетли ҳәм көп динли жәмийетимизде ҳуқық ҳәм мәплерди жәнеде уйғынластырыў, халық аралық экстремизм ҳәм терроризмниң түрли көринислерин жоқ етиўге қаратылған.

Үшиншиден, өзбек миллетиниң тәбиятына тән болған жақсылық, кеңпейиллилик, сабыр-тақат, меҳрийбанлық, кишипейиллик болған пазыйлетлерди жәнеде раўажландырыў халқымыздың руўхый, әдеп-икрамлылық қәдриятларын тиклеўдиң әҳмийетли бағдарларынан болып, жасларда әдеп-икрамлылықты қәлиплестириў ҳәм байытыў менен байланыслы. Өз нәўбетинде, жасларымыз халқымыздың бул пазыйлетлерин тек ғана руўхый мийрас сыпатында қабыл қылыўлары емес, ал руўхый, әдеп-икрамалылық дәстүрлеримизди жәнеде байытып, жәмийетимиздиң турмыс тәризине айландырыўлары лазым.

Төртиншиден, жақын тарийхый өтмишимизде ҳүкимран болған тоталитар-класслық идеология улыўма инсаныйлық ҳәм оның менен байланыслы болған миллий, руўхый, әдеп-икрамлылық қәдриятларға, жәмийетлик татыўлық, динлер ара кеңпейиллик усаған идеяларға қарсы қаратылған еди. Мәмлекетимизде пуқаралық жәмийети қурылып атырған ҳәзирги шараятта, өтмиштен қалған бундай иллетлер ҳәм олардың ақыбетлерин тезирек жоқ етиў ўазыйпасыда үлкен әҳмийетке ийе болмақта.

Сонлықтанда, Этика ҳәмме дәўирлерде де жоқары әҳмийетке ийе болған пән.

## Этика пәниниң предмети

Этика-философиялық илимлердиң бири болып ол бир неше мың жыллық тарийхқа ийе. Ол әййемги дәўирлерден баслап-ақ Шығыс араб еллеринде "Илми равиш", "Илми аҳлоқ", "Ахлоқ илми", "Әдепнама" деген атамаларда әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлийматты билдирген. Ал көпшилик Батыс еллеринде болса, "Этика" деген атама қолланылып, ол ең дәслеп илимге әййемги грек философы Аристотель тәрепинен киргизильген.

Аристотель илимлерди классификациялаўда оларды үш топарға бөледи: теориялық, әмелий ҳәм творчестволық. Биринши топарға ол философия, математика ҳәм физиканы, екинши топарға болса этика ҳәм сиясатты, үшинши топарға искусство ҳәм өнерментшиликке тән болған әмелий илимлерди киргизеди. (Қараңыз: Ахлоқшунослик.Т., 2000ж., 3-бет)

Этика термини шығысы бойынша әййемги (грек- ethos) сөзи болып, ол дәслеп адамның жасайтуғын орны, мәканын билдиретуғын болған, соңын ала бул термин үрп-әдет, йош, характер деген мәнислерге ийе болды. Әййемги грек ойшылы Аристотель (б.э.ш. 384-322ж.ж.) (грекше-ethos) сөзиниң характер, йош мәнислерине тийкарланып, ethicos (этикалық) терминин қолланады. Ол бул термин арқалы адамлардың айрықша адамгершиликли қәсийетлер класын характерлейди, кейин ала бул терминнен ethika (этика) сөзи пайда болып, ол арқалы адамгершилик, әдеп-икрамлылық ҳаққындағы илимге атама бериледи. Солай етип, этика илими б.э.ш. IV әсирде әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлиймат сыпатында өз атамасына ийе болды.

Этиканың тийкарғы изертлеў обьекти мораль болып есапланады, яғный моральдиң келип шығыўы, мәнис-мазмунын, жәмийеттеги адамгершиликли қатнасықларды үйренеди. Мораль терминин (moralis) илимий айналысқа биринши мәртебе әййемги рим ойшылы Цицерон тәрепинен б.э.ш. IV әсирде киргизилген, ол дәстүр, минез-қулық, минез деген түсиниклерди аңлатады. Мораль термини араб тилинде "Аҳлоқ" яғный минез-қулқ деген түсиникке сәйкес келеди. "Аҳлоқ" сөзи еки турли мазмунға ийе болып, улыўма тусиник сыпатында пәнниң изертлеў обьектин аңлатса, конкрет түсиник сыпатында

адамның минез-қулқы, характери, ис-ҳәрекетин өз ишине қамтыйтуғын әдеп-икрамлылық ҳаққындағы түсиниклер системасынан ибарат. Әдеп-икрамлылықты улыўма түсиник сыпатында алып, оны шеңбер формасында көрсететуғын болсақ, онда бул шеңбердиң ең кишкене бөлегин әдеплилик, оннан улкенирек бөлимин минез-қулық, ең үлкен бөлегин мораль ийелейди.

Ҳәр бир илим өзинше бир пән. Оны анықлаў - сол илимниң өзине тән озгешелигин, хызмет шеңбери менен мақсетин анықлаўдан ибарат.

Этика курсының тийкарғы мақсети бул адамның жәмийетке ҳәм басқа адамларға байланыслы миннетин белгилейтуғын нормалар системасын, адамның әдеп - икрамлылық, минез-қулық режелерин үйрениў, түсиндириўлерден ибарат. Сондай-ақ этика ҳәр қыйлы жәмийетлик қатнасықлар системасында моральдиң орнын анықлайды, оның тәбиятын ҳәм ишки дүзилисин анализлейди, әдеп-икрамлылықтың тарийхый раўажланыўын, келип шығыўын үйренеди, оның анаў ямаса мынаў жәмийетлик системаға сәйкеслениўин теориялық жақтан тийкарлап береди.

Этика мораль ҳаққындағы бир пүтин, ҳәр тәреплеме илимий теория болып, ол өз предметин социаллық қатнасықлар менен байланыстырады. Соның менен бирге этика моральдиң пайда болыўы ҳәм тарийхый раўажланыў нызамларын, оның функцияларын анықлаў менен шекленип қоймастан, ол моральдиң социаллық мазмуны, адамлардың журис-турысын, минез қулқын тәртипке салыў нызамларын ҳәм ол арқалы социаллық мазмунын үйрениў менен шуғылланады. Әдеп-икрамлылық дегенимиз тек ғана қандай да бир белгили минез, үрп-әдетлер, адамлар арасындағы социаллық қатнасық формасы емес, ал оннан да басқа минез-қулықтың анық айтылған пикирлери, оған ой жууыртыў, яғный терең философиялық мазмунға ийе түсиник. Дәслепки дәўирлерде этика философияның бир қурам бөлеги, ҳәттеки оның өзеги болып есапланып кельген. Философлар дүньяға көз-қарас машқалаларына жуўап бериў барысында жәмийетте адам қалай жасаўы керек, оның жәмийетлик ўазыйпасы нелерден ибарат, минез-қулық нормалары қандай болыўы керек ҳәм басқа да усы сыяқлы сораўларға жуўап табыўға, яғный адам түсинигиниң ең зәрүр мәселелерин шешиўге умтылған.

Этиканың философиялық билимлер системасында келип шығыў тарийхына тоқталатуғын болсақ, этика философияның әййемги бир тармақларынан есапланып ол антикалық дәўирде пайда болған. Бул дәўирде философия еки тараўдан:

1. практикалық (этика, педагогика) ҳ.т.б.
2. теориялық (тәбиятты үйрениў мәселелери) турады деп есапланған.

Оның бул дәўирде пайда болыўы материаллық өндиристен руўхый өндиристиң бөлеклениўи ҳәм моральдың жәмийетлик сана формасында ажыралыў процесси менен тиккелей байланыслы. Философиялық ой-пикирлер тарийхына нәзер тасласақ, этиканың философияның салыстырмалы айрықша бир тараўына айланып қалмағанлығына гуўа боламыз. Этиканың еркин бир тараўға айланыўы конкрет пәнлердиң философия ишинен ажыралып шығыўына қарағанда басқаша өзгешеликке ийе. Конкрет пәнлер философиядан ажыралып шығып өзиниң еркин раўажланыў ҳуқықына ийе болды.

Этиканың мораль ҳәм әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлиймат сыпатында еркин тараўға айланыўы менен де оның философиялық мәниси жойтылып кетпеди. Этика әййемги илимлердиң бири болғанлығы ушын ғана емес, ал биринши нәўбетте философиялық машқалаларды бул илимнен (пәннен) ажыратыў мүмкин болмағанлығы себепли ол философия менен де, дүньяға көз-қарас пенен де методологиялық тийкардағы терең байланысқа ҳәм бирдей дереклерге ҳәм көз-караслық принциплерге де таянған ҳалда болып қала береди.

Этика пәни өзиниң алдына қойған тийкарғы мәселелерди шешиўде философияның баслы мәселеси- ойлаўдың болмыс пенен өз-ара қатнасығы ҳаққындағы мәселеге берилген жуўапларға тийкарланады ҳәм социаллық турмыс, моральлық сананың өз- ара қатнасығы ҳаққындағы мәселелерде этика мудамы философиялық пән болып қалады. Этика еркин пән есапланады, бул өз гезегинде оның өзине тән предмети ҳәм өз методларына сүйениўи менен белгиленеди.

Идеалистлик этика дүньядағы этикалық байлықлар абсолют руўхтың ямаса жеке субъективлиликтиң туўындысы, ал моральдың раўажланыўын болса, абсолют идеялық раўажланыў басқышларының нәтийжеси деп қарайды.

Материализм болса, дүньяның этикалық байлықларының объективлигин тастыйықлайды ҳәм оны материаллық (тәбийий ҳәм жәмийетлик) дереклер менен байланыстырады.

Этиканың илим сыпатында қәлиплесиўи, әлбетте, әййемги грек философы Аристотельдиң философиялық тәлийматы менен байлыныслы. Ол өзине шекемги дәўирлердеги этикалық, әдеп-икрамлық пикирлерди жәмлестирип оларды системаластырған. Аристотель өз шығармаларында қандай да бир мәңги нормалар ҳаққындағы пикирлерди бийкарлап, моральлық түсиниклерди изертлеп шығады ҳәм олардағы улыўмалық мазмунды табыўға ҳәрекет етеди. Соның менен бирге этика түсиниклериниң илимий классификациясын ислеп шығады, олардың мәнилик шегараларын анықлайды. Этиканың тийкарғы теориялық ҳәм практикалық проблемаларын избе-излик пенен дәлиллеп береди.

Аристотель этиканы моральды үйренетуғын практикалық пән, жәмийет ҳаққындағы пәнлердиң бир түри деп қарайды. Ол моральдың жәмийет турмысында үлкен әҳмийетке ийе екенлигин мойынлайды. Этика басқа жәмийетлик пәнлер сыяқлы өзиниң бай түсиниклерине ийе болып, улыўма этика теориясы, тарийхый этика, норматив-аксиологиялық этика, профессионаллық этика, моральлық этика сыяқлы бөлимлерге бөлинеди.

Улыўма этика теориясы методологиялық машқалаларды шешиў менен шуғылланады. Моральдың тәбияты, мазмуны, спецификасы, оның состав элементлери ҳәм бул элементлердиң өз-ара байланысы көрсетиледи, моральлық раўажланыў өзгешеликлери, мораль раўажланыўындағы жәмийетлик-класслық өзгешеликлерин, оның ҳәзирги жағдайы ҳәм раўажланыў тенденцияларын үйренеди.

Тарийхый этика моральдың тарийхый формаларын, оның тарийхый раўажланыў нызамларын ҳәм класслық жәмийеттеги моральдың класслық

характерлениўин, моральлық теориялардың тарийхый раўажланыўын ҳәм олардың тарийхтағы тутқан орнын изертлейди.

Норматив-аксиологиялық этика конкрет мораль нормаларын, моральлық сананың тийкарғы принциплери сыпатында қарап, олардың әҳмийетлилигин көрсетип моральлық баҳалылықларды үйрениў ҳәм тийкарлаў менен қызығады.

Прогрессив адамзаттың әдеп-икрамлылық мийнетлериниң ишиндеги профессионаллық этиканың талаплары үлкен баҳалылыққа ийе. Профессионаллық этика ең алды менен адамның өзиниң кәсиплик ўазыйпасына қатнасын белгилейтуғын моральлық нормалардың жыйындысы. Әдетте жәмийеттиң раўажланыў барысында ҳәр қыйлы кәсиптиң адамлары бир-бирине тең болмаған практикалық конкрет-социаллық жағдайларда айырымларында мийнеттиң объекти жоқ, айырымларында бар, бирақ ҳәр қыйлы дәрежедеги қатнаста мийнет етеди. (Мәселен, шыпакерлер-наўқаслар, оқытыўшылар менен оқыўшылар, көркем өнер хызметкерлери ҳәм тыңлаўшылар). Усының менен бир қатарда белгили бир кәсиптиң өзинде де мийнетке байланыслы кәсиплеслер арасындағы қатнас, бирдей мазмунға ийе болыўыда мүмкин. Бул жағдайда искерликтиң профессионаллық сферасы индивидлердиң әдеп-икрамлылық психологиясының белгили бир дәрежеде модификацияланыўына (ҳәр қыйлы өзгериўшеңлигине) алып келеди.

Моральлық тәрбияның этикалық теориясы бөлими тәрбия жумысларында моральлық принцип, нормалардан жетерли пайдаланыў қағыйдаларын белгилеп, дүньяға көз-қарас тәлийматы менен шуғылланады.

Этика басқа жәмийетлик илимлер менен де өз-ара байланыста раўажланып бармақта. Әсиресе этика әййемги дәўирлерден баслап-ақ эстетика илими менен өз-ара байланысқа ийе. Ең дәслеп адамның ҳәр бир ис-ҳәрекети, мақсет нийетиниң өзи әдеп-икрамлылыққа (этикаға) ҳәм гөззаллыққа (эстетикаға) бағдарланған болады, яғный конкрет алынған қандай да бир унамлы искерлик, ҳәрекет өзинде ҳәм ишки гөззаллық, ҳәм сыртқы гөззаллық белгилерин өзи ишине қамтыйды. Усы көз-қарастан қарағанда Сократ, Платон, Фарабий сықлы ойшыл-алымлар көпшилик

жағдайда әдеп-икрамлылықты (этиканы) ишки гөззаллық, ал эстетиканы сыртқы гөззаллық сыпатында анализ еткен. Бизге мәлим болғанындай искусство эстетиканың тийкарғы изертлеў обьекти болып есапланады. Ондай болса ҳәр бир искусство шығармасында әдеп-икрамлылықтың, моральдың актуаль проблемалары көтериледи. Онда оны дөретиўши көркем өнер хызметкери өзи жасап турған дәўирдеги ерисилген әдеп икрамлылық, моральлық баҳалықларды көркем образлар арқалы бериўге ҳәрекет етеди. Демек, буннан сондай жуўмақ шығарыў мүмкин, эстетиканың уйрене-туғын қубылыслары мәлим дәрежеде этикалық, моральлық көз-қарастан да изертленеди.

Этиканың дин менен байланысы да жоқарыда айтылғанларға сәйкес келеди, еки илимниң мақсети ҳәм әдеп-икрамлылық машқалаларын изертлеўге бағдарланған. Себеби жер жүзлик динлер пайда боламан дегенге шекем мәлим бир дәрежедеги қәлиплескен үрп-әдет, дәстүрлер, баҳалылықлар қандай да бир мәлим диний қағыйдаларға, динниң муқаддес китапларына өз тәсирин тийгизген. Ҳәзирги ўақытта динлер де әдеп-икрамлылыққа, моральға сондай етип өзиниң тәсирин жасап атыр. Мәселен: Ислам динине келетуғын болсақ, Қуран, Ҳәдис, Шәрият ҳ.т.б. көрсетпе ҳәм талаплар мусылман Шығыс еллериндеги жасаўшы халықлардың әдеп-икрамлылық пазыйлетлери, яғный моральлық дәрежесиниң раўажланыўына тәсир жасаған. Соның менен бирге кәмил инсан мәселеси этика ҳәм динтаныў илими ушын да бир улыўмалық мазмунға ийе машқала. Бундағы парқ соннан ибарат, этика бул мәселеге бүгинги күн тәрбиясы көз-қарасынан қатнас жасайды.

Этиканың ҳуқықтаныў илими менен байланысы да узақ тарийхқа ийе. Мәлим болғанындай мораль нормалары өзиниң мәнис-мазмуны жағынан бир-бирине уқсас болып келеди. Соның ушында моральды жәмийетлик тийкардағы ҳуқық, ал ҳуқықты болса нызамластырылған мораль қағыйдалары деп айтыўымыз мүмкин. Этиканың ҳәм ҳуқықтаныў илимлериниң изертлеў усыллары бир-бирине уқсас болғаны менен, олар мәселеге жантасыў усылы көз-қарасынан бир-биринен парқ қылады, яғный

ҳуқық нормаларының орынланыўы әдетте арнаўлы юридикалық шөлкемлер, лаўазымлы шахслар арқалы, мәжбүрий санкциялар ҳ.т.б. менен жүзеге асырылады. Мораль нормалары болса улыўма қабыл етилген миллий үрп-әдетлер, жәмийетлик пикир жәрдеминде, арнаўлы белгиленген шахс тәрепинен емес, ал белгили бир социаллық топар, жәмийет тәрепинен әмелге асырылады.

Этика педагогика илими менен де ажыралмас байланысқа ийе. Педагогикадағы шахсты қәлиплестириў, тәрбиялаў, тәлим бериў процесслерин пәндиў-нәсиҳатларсыз, әдеп-икрамлылық сабақларысыз көз алдымызға келтириўимиз қыйын. Усы көз-қарастан этика өзиниң теориялық әсиресе әмелий аспектлери менен педагогиканың тийкары есапланады. Улыўма алғанда билимлендириў тараўындағы ҳәр қандай тәлим-тәрбия үлгиси әдеп-икрамлылық тәрбиясы сыпатында көринис табады.

Этиканың психология илими менен байланысы да узақ тарийққа ийе. Бул еки илим де адамлардың ис-ҳәрекети, минез-қулқы, кеўил кеширмелери, арзыў-нийетлерин үйренеди. Бирақ бул үйрениў еки түрли көз-қарас тийкарында алып барылады: психология қандайда бир инсан ис ҳәрекети, минез-қулқы мотивлериниң руўхый тәбияты ҳәм қәлиплестириў шәриятларын изертлесе, ал этика болса сол психология анализ еткен көринислердиң, ҳәдийселердиң моральлық әҳмийетин ҳәр тәреплеме ашып береди.

Этика илими социология пәни менен де өз-ара байланысқа ийе. Бул еки пән де адам искерлигин басқарыўдың социаллық мириўбетлери болған моральды үйренеди. Бирақ бул мәселеде этиканың искерлик шегарасы кеңирек. Мәлим болғанындай, социология жәмийеттеги адамлардың массалық ис ҳәрекети ҳәм олардың нызамлықларын тек ғана сол социаллық дүзим шегарасында изертлейди. Мораль болса өзиниң мазмунына қарап, егер керек болатуғын болса белгили бир конкрет социаллық дүзим ямаса дәўир шегарасынан шығып, инсан әдеп-икрамлылығының жоқары нәтийжеси сыпатында келеси дәўир ушын ҳәм тарийхый және де моральлық әҳмийетке

ийе болған шахсқа ҳәм жәмийетке тән болған ис ҳәрекетлерди ҳәм олардың себепли тийкарларын үйренеди.

Соңғы ўақытларда этиканың экология илими менен қатнасы айқын сезилмекте. Биз этиканың тарийхый раўажланыўына нәзер тасласақ көпшилик жағдайда этика адамның өзи, оның ис ҳәрекетлери, жәмийет алдындағы миннети менен шуғылланғанын, ал инсанның тәбиятқа болған қатнасының дыққаттан шетлеп қалғанлығын көремиз.

Соңғы дәўир, яғный XX әсирге келип тәбиятқа болған тар мәпдарлық шеңбериндеги қатнаслар ақыбетинде пайда болған экологиялық жағдайлар нәтийжесинде келип шыққан глобал экологиялық проблемалар көпшилик жағдайда адамлардың социаллық-моральлық көзқарасларына, әдеп-икрамлылық негизлерине, инсаныйлық қатнас ҳәм улыўма адамзатлық баҳалылықларына байланыслы екенлиги мәлим болды. Экологиялық проблема тийкарынан социаллық проблема болып, тиккелей техникалық қураллар менен пайда болған болса да, өзиниң толық шешимин фундаменталь социаллық трансформация нәтийжесине де экономикалық, өндирислик, социаллық, мәдений ҳәм аксиологиялық раўажланыў (илгерилеў) арқалы табады. Бүгинги күнде экологиялық проблема пүткил планеталық, глобаллық характерге ийе болып отыр. (Мәселен: Байкал, Арал, Каспий теңизлери машқалалары ҳ.т.б.). Әсиресе Арал машқаласының экологиялық апатшылық екенлиги ҳеш кимге сыр емес. Ҳәзирги ўақытта жер жүзи жәмийетшилиги тәрепинен бул экологиялық кризистен шығыўдың жоллары қарастырылмақта. Әлбетте бул глобал характердеги мәселени шешиў жолларының бири- бул адамның тәбиятқа саналы қатнасын, ақылға муўапық ис ҳәрекетин басқарыў, яғный экологиялық сананы қәлиплестириўден ибарат.

Әдеп-икрамлылық ҳәм мораль жәмийетлик раўажланыўда барлық ўақытта да үлкен әҳмийетке де ийе болып келген. Тек ғана зулымлық ҳәм зорлыққа, әдалатсызлық ҳәм ҳуқықсызлыққа тийкарланған дүзимлерде ғана жалғанға бойсындырылып, қәлиплестирилген ҳәм усы жол менен оның әҳмийети пәсейтирилген. Республикамыз ғәрезсизликке ерискеннен кейин

бизиң дүнья қарасымыз ҳәм руўхый дүньямызда да жаңаланыўлар жүзеге аса баслады.

Усы жаңаланыў процессинде этика пәниниң де өз орны бар. Оның алдында жаңа демократиялық жәмийет ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурып атырған мәмлекетимиз пуқараларының, әсиресе жаслардың моральлық санасын раўажландырыў, оларды ҳәзирги заманға ылайық физикалық ҳәм руўхый жақтан жетилискен, кәмил инсан етип тәрбиялаўға қаратылған үлкен ўазыйпа турыпты. Әлбетте бул ўазыйпаларды моральға тән болған дәстүрий усыллар ҳәм заманагөй қатнаслар тийкарында әмелге асырыў мүмкин. Усының менен бир қатарда бүгинги күнниң жәҳәнге тән болған глобаль машқалаларын шешиўге қаратылған да ўазыйпалар ҳәм жоқ емес. Солардың бири планетада {Этосфера} деп аталынатуғын әдеп-икрамлылық орталығын жаратыў менен байланыслы машқала.

Әсирлер даўамында инсан үлкен биологиялық әлемниң ишинде оның киши бир бөлеги болып, ақыл ҳәм ойлаў еркине ийе ҳүкимдар сыпатында жасап келди. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басынан баслап адам өзиниң ақыл-ой потенциалы арқалы, илимий-техникалық революция нәтийжесинде өзи жасап атырған биосфера ишинде ноосфераны {техникалық әлемди} жаратты. Бизиң әсиримиздиң 20- жыллары француз алымы Э.Леруа ноосфера (грекшеден аўдарғанда ақыл-ой сферасы) түсинигин усынады. Соңынан бул түсиник алымлар Тейяр де Шарден ҳәм В.И.Вернадский тәрепинен раўажландырылды. Буның мәниси соннан ибарат, илимий ой менен қуралланған адамзат жетекши күшке айналып, бизиң планетамыздың эволюциясын белгилейди.

Планета тарийхында адам бириншиден болып үлкен геологиялық күш сыпатында майданға шықты. Адамзатлық ойлаў биосферадағы өзгерислердиң тийкарғы себебине айналып отыр. Ноосфера ҳаққындағы тәлийматтың тийкарын салыўшылардың бири В.И.Вернадскийдиң сөзи менен айтқанда, "... ҳәзир биз биосферадағы жаңа геологиялық өзгерислерди бастан кешириў арқалы биз ноосфераға кирип баратырмыз".

Бирақ, тилекке қарсы ноосфера бүгинги күнде тек ғана унамлы қубылыс сыпатында емес, ал унамсыз қубылыс сыпатында да өз көринисине ийе болмақта. (Мәселен: ғалаба қырғын етиўши қураллар болған атом, водород, нейтрон бомбалары, баллистикалық ракеталар, биологиялық қураллар). Буннан тысқары ноосфераның пайда болыўы қоршаған атмосфераның, дүньялық океанннның, улыўма орталықтың патасланыўына, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясының, ҳәттеки адамзаттың химиялық жақтан зәҳәрлениўине алып келмекте.

Соңғы ўақытлар жоқ етиўге орын табылмай океанда, кемелерде жүзип жүрген радиоактив қалдықлар (шығындылар), олардың адам жасамайтуғын атаўларға көмип тасланыўы, атмофераның озон қабатының тесилиўи нәтийжесинде космостан келип атырған тиришилик ушын зыянлы болған ҳәр қыйлы нурлар, кислота жаўынлары адамзаттың жасаўы, улыўма тиришилик ушын үлкен қәўип туўғызып отыр. Бундай унамсыз қубылыслардың пайда болыўында белгили дәрежеде адамның да қатнасы бар, яғный инсан көре-биле тура "өзи отырған шақаға балта урмақта".

Бул машқалалардың шешилиўи тек ғана қоршаған орталықты химиялық зәҳәрлениўден, экологиялық жақтан тазалаў менен ғана емес, ал, ең дәслеп XXI әсир адамының санасын технократия зәҳәринен "зәҳәрсизлендириў" менен байланыслы. Яғный, булар адамзат алдында экологиялық қубылыс сыпатында ғана емес, ал соған тең мазмундағы әдеп-икрамлылық, моральлық машқала сыпатында көлденең мәселе болып турыпты. Белгили австриялық этолог алым, Нобель сыйлығының лауреаты Конрад Лоренцтиң "Жалпыламай ҳәм ҳәр тәреплеме тез жайылып баратырған жанлы тәбиятқа "жатсыраў"дың тийкарғы себеби цивилизациямыз адамындағы эстетикалық ҳәм этикалық жақтан сананың төменлиги" деген сөзлери биз сөз етип отырған мәселе көзқарасынан қарағанда ҳақыйқатлыққа туўры келеди.

Улыўмаластырып айтқанда, айтылғанлардан шығатуғын жуўмақ соннан ибарат, келешекте адамзат өзин ҳәм өзи жасап атырған орталықты жоқарыдағы айтылған қәўиплерден қутқараман десе-онда XXI әсирден

баслап этосфера дәўирине өтиўи керек; әдеп-икрамлылық мораль бизиң ҳәр биримиз ушын техникалық орталық сыяқлы зәрүрликке айланғанда ғана оған ерисиў мүмкин. Әлбетте бул иste этика илиминиң де орны өз алдына.

## Әййемги Шығыс ҳәм Грецияда ең дәслепки этикалық пикирлердиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы

Этиканың тарийхы әдеп-икрамлық ой-пикирлердиң пайда болыўы ҳәм оның тарийхый раўажланыўын изертлейди. Ҳәр бир этикалық концепсия мәлим дәрежеде бир ойшылдың пикирлеўи ҳәм искерлигиниң нәтийжеси болғаны менен де, оның түп мәнисин алып қарайтуғын болсақ, белгили бир тарийхый дәўир талапларынан келип шыққанлығын көремиз. Ҳәр қандай жәмийетте де әдеп-икрамлылық ҳәм этикет нормаларын өз ишине алатуғын қағыйдалар жыйындысы ямаса «әмелий мораль» нормалары қәлиплескен. Олар руўхый мәденияттың үлгилеринде де көринисин тапқан.

Дәслепки мәденият б.э.ш. әййемги дәўирлерде Мысрдағы (Египеттеги) Нил, Месопотамиядағы Тигр, Евфрат дәрьяларының төменги ҳәм орта ағысы алабында, киши Азияда, Турандағы Копетдаг етеклери, Әмиўдәрья, Сырдәрья, Зарафшан бойларында Ҳиндистандағы Ганга, Брахмапутра, Қытайдағы Хуанхе, Сицзян, Янцзы ҳ.т.б. дәрья алабларында пайда болды.

Б.э.ш. VI-V әсирлерде Мысрда дәслепки мәденияттың үлгилери раўажлана баслады. Мыср мәдений естеликлериндеги ертеклер, мифлер, рәўиятлар ҳәм дидактикалық шығармаларда усы дәўирдеги социаллық турмыс, үрп-әдетлер, тәбият ҳәдийселери, диний әдеп-икрамлылық, ҳуқықый, философиялық көзқараслар жүзеки болсада, өз сәўлелениўин тапты. Мысрлылар өзлериниң дүньялық ҳәм диний философиялық шығармаларында адамларды бул дүньяның инамы менен жасаўға, өлим ҳәм ақыретти ойлаўға шақырады. Мысрлылардың прогрессив философиялық түсиник бериўши дереклериниң бири «Ҳақыйқатнама»да бөлиминиң қүдирети, әдалат ҳаққында ҳәм әдеп-икрамлылық ҳаққындағы пикирлер айтылған. Әййемги мысрлылардың әдеп-икрамлылық, нәсиятнамалар

жыйындысы болған «Пхатотсп нәсиятлары» бизиң дәўиримизге шекем келип жеткен.

Дәслепки философиялық ҳәм этикалық ой-пикирлер Шығыстағы Вавилонияда эрамыздан бурынғы төртинши мың жыллықта пайда болды. Бул дәўирде адамлардың турмыстағы болып атырған ҳәдийсе ҳәм қубылысларға реакциясы белгили дәрежеде өзгере басланған, философиялық ҳәм этикалық көз-қараслар қәлиплесип, олар сол дәўир фольклорында өз көринисин тапты.

Улыўма алғанда әййемги Египет ҳәм Вавилония мәденияты бай мәдений мийрасқа ийе болып Шығыс ҳәм дүнья халықларының әдеп-икрамлылық мәдениятына өзиниң унамлы тәсирин көрсетти.

Әййемги Шығыста этикалық тәлийматтың раўажланыўында әййемги Ҳиндистанда раўажланған этикалық ҳәм әдеп-икрамлылық ой-пикирлер жыйындысы өз алдына үлкен әҳмийетке ийе.

Б.э.ш. үшинши мың жыллықта әййемги ҳиндлердиң руўхый мәденияты өз раўажланыўына ийе болды. Әййемги ҳиндлердиң “Рамаяна”, “Махабхарат”, “Панчататра” усаған әжайып дәстанларында ақыл, әдалат, инсап, ҳадаллық, пәклик, мәртлик ҳаққында зулымлық ҳәм жаўызлық, бузықлық ҳәм зорлыққа қарсы гүресиў ҳаққында терең философиялық мазмунға ийе пикирлер айтылған.

Әййемги ҳиндлердиң әдеп-икрамлылық тәлийматлары ведалар, йога, жайнизм, буддизм, “Бхагаватгита” ҳәм “Артхатастра” ҳәмде локаята ағымларынан турады.

Ведалық этика әййемги ҳинд жәмийетиниң төрт қатламға-варнаға бөледи: брахманлар (ақсүйеклер), кшатарийлер (әскерий адамлар), вайншавлар (дийханлар, өнерментлер), шчудралар (қуллар) “Ману нызамлары”нда жазылыўынша брахманның ўазыйпасы тәлим бериў, Веданы үйрениў, қурбанлық қылыў, садақа бериў, кшатарийлер халықты қорғайды: вайншавлар шарўа, дийханшылық, саўда менен шуғылланады: шчудралар мине усы үш социаллық қатламға хызмет етеди. «Ману нызамлары»нда «Ҳаял, ул ҳәм қул -үшеўи жеке мүлк ийеси есапланбайды, олар кимдики

болса, соның қолға киргизген мүлки есапланады», - деп айтылған.

Ведалық этика қағыйдаларына сәйкес туўма түрдеги әдеп-икрамлылық пазыйлети жоқары адамлар, бирақ кейинги ағымларда йога, жайнизм, әсиресе буддизмниң этикалық қағыйдаларында, әдеп-икрамлылық пазыйлетлер ийеси болыўы адамның социаллық келип шығысы менен емес, ал оның шахс сыпатында руўхый ҳәм физикалық жақтан жетилисиўи менен байланыслы деген, идея алға сүриледи. Будданың тәлийматы бойынша дүнья азап-ақыбетлерге толы. Ең тийкарғы проблема усы азап ақыбетлердиң шолып изертлеўден ибарат. Әпсанада айтылыўынша, шахзада Сидкарха Гаутама күнлердиң күнинде бир ғарры ҳәм жаназада мерекени көрип қалады. Ғарры менен сәўбетлесип ол турмыста ҳәр бир адамды кеселлик, ғарры ҳәм өлим күтип турғанлығын еситип қапа болады ҳәм өз патшалығын таслап олардан қутылыўдың жолын излеп кетеди ҳәм бул жол ҳаққында төрт ҳақыйқатлықты излеп табады.

Биринши ҳақыйқатлық - бул дүнья азап-ақыретлерге толы дүнья.

Екинши ҳақыйқатлық - бул азап-ақыретлердиң себеплери бар.

Үшинши ҳақыйқатлық - бул азап-ақыретлерге шыдам бериў ҳәм оннан қутылыўға болады.

Төртинши ҳақыйқатлық - бул азап-ақыретлерден қутылыўдың жоллары бар.

Будданың төртинши ҳақыйқатлығы әдеп-икрамлылық көзқарасынан үлкен әҳмийетке ийе. Бул Будда басып өткен ҳәм ҳәмmениң өтиўи керек болған нирванаға жетисиў жолы. Бул жол төмендеги сегиз пазыйлетти ийелеўден ибарат:

туўры қараў, - яғный турмыста буддизм тийкарларын ҳәм өз жолыңды билиў.

дурыс ойлаў, -яғный адамның өмири оның ой-пикирлеринен ғәрезли болады, ой-пикирлердиң унамлы тәрепке қарай өзгериўи, өмирдиң жақсыланыўына алып келеди. дурыс сөйлеў, - яғный адамның сөйлеген сөзи оның руўхына, характерине тәсир етеди.

дурыс ис ҳәрекет етиў, - яғный адамлар бир-бири менен келискен ҳалда, бир-бирине жаманлық ислеместен өмир кешириўи керек.

дурыс турмыс тәризине әмел қылыўы керек, - яғный будданың айтқанларын (нәсийҳатларын) ҳәр бир қәдемде ядта тутыўы ҳәм оған әмел қылыўы керек.

ҳәр қандай исти дурыс меңгериў ҳәм шын кеўилден, мийнеткешлик пенен оны әмелге асырыў.

дурыс ой-пикирди дурыс бағдарлаў оның үстинен дурыс, туўра дыққат қойып қадағалаў, себеби ой-пикирлер адамның келешек өмирин белгилейди. барлық ой-пикирди қәлбине топлаў ушын бәрқулла шынығыўлар ислеўди әмелге асырыў.

Солай етип әййемги Ҳиндистандағы қәлиплескен әдеп-икрамлылық тәлийматы жоқарыдағы айтылғанларға байланыслы болып өз дәўири ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қытайда этикаға тән машқалалардың ислениўи эрамыздан алдынғы II мың жыллық орталарына туўра келеди. Бул машқалалар тийкарынан конфуцийлик, даосизм, Мо-ди, Янь-Чжу тәлийматларында өз сәўлелениўин тапқан.

Конфуцийлик адамлар қулқын, нызамлар ҳәм қағыйдаларды аспан белгилейди, адамның жәмийеттеги ҳалатын да алдыннан жаратып қояды, сол себепли ҳәр бир адам тәғдирине тән бериў лазымлығын, егер тән бермесе тәртипсизлик ҳәм кризис болыўын айтып, әдеп-икрамлылықтың иләҳий дерегин тийкарлаўға урынады. Конфуцийлар этиканы адамларды басқарыў саласынан «аспан тәңри»н түсиниўге жәрдем беретуғын сиясий пәнниң бир бөлеги деп қараған. Конфуцийлар пикири бойынша этика принциплери ҳүкимранлық-бойсыныўшылық қатнасларына тийкарланады.

Конфуцийлик тәлийматында тийкарғы моральлық нызам, тийкарғы моральлық түсиник - жэнь (адамгершилик). Лунь юй ((Ҳикметлер китабында мынадай деп жазады: «Кимде-ким шын қәлбинен инсанды сүйиўге умтылса, ол ҳәр қандай жаўызлық иске бармайды, өзиңе хош көрмеген нәрсени басқаға рәўия көрме сонда мәмлекетте ҳәм, семьяда ҳәм өзине байланыслы жаман исти сезбейсең. Демек жэнь - ҳәм мәмлекет, ҳәм семья ағзалары арасындағы қатнасықларды белгилейтуғын моральлық тәлиймат». Оның менен «сяо» - ата-ананы, үлкенлерди ҳүрмет қылыў, «ли» - үрп-әдет, дәстүрлерди абайлы

сақлаў түсиниклери менен үзликсиз байланысқа ийе. Әсиресе «ли» түсинигиниң мағнасы жүдә кең болып, ол мәмлекетке болған мүнасабетти де өз ишине алады. Император - Аспанның улы, ол Аспан астындағы барлық затлардың атасы болып есапланады. Аспан астындағы тәртип қағыйда болса төмендегише: «Патша - патша, ата - ата, хызметкер - хызметкер, перзент - перзент болыўы керек».

Конфуцийлик тәлийматы бойынша мәмлекетти басқарыўда мулайым қатнаста мәселен, әкениң балаларына болған қатнасындай болыў керек. Яғный бунда баслы шәрт соннан ибарат, басшының қол астындағыларына қатнасы, атаның балаға қатнасындай, ал қол астынғы хызметкерлердиң өз хожейинлери, басшыларына қатнасы, балалардың атасына қатнасындай болыўы керек.

Конфуцийлық тәлийматы төмендеги бир қатар принциплерди өзине тийкар етип алады:

жәмийетте ҳәм жәмийет ушын жасаў;

бир-биреўге, жол бериў, келисиў, бағыныў;

жасы үлкенлерди ҳәм дәрежеси үлкенлерди тыңлаў;

императорға бағыныў;

өзиңди услап тутыў, артықша нәрселерден аўлақ болыў;

адамгершиликли болыў.

Конфуций өз көз-карасларында басшы қандай болыўы керек деген мәселелерге көбирек кеўил аўдарады. Яғный ҳәр қандай басшы төмендеги сыпатларға ийе болыўы керек:

императорға бағыныўы ҳәм конфуцианалық принциплерине әмел қылыўы;

зәрүрли билимлерге ийе болыўы;

елге садық хызмет етип, оның патриоты болыўы;

ҳақ нийетли, кең пейилли болыўы;

мәмлекетке ҳәм өзин қоршағанларға тек ғана жақсылық ислеў, оларға ғамхорлық көрсетиў керек. Өз гезегинде қол астындағылар да ;

өз хожайынына ҳақ нийетли түрде шын берилген;

ҳәр тәреплеме билим алыў арқалы өзин жетилистирип барыўы;

жумыс барысында өзин ҳәр тәреплеме көрсетиўи керек.

Конфуцийдиң әдеп-икрамлылық тәлийматын оның шәкиртлери Мэн-цзи, Сюнь-цзилер даўам етти. Бул тәлиймат Хань дәўиринен (б.э.ш. II әсирден б.э.ш. II әсири) баслап XX әсирдиң басларына шекем Қытай идеологиясына тийкар болып хызмет етип келди.

Даосизм этикасы (Дао-универсал нызам, әлемниң ең жоқары илаҳий алғашқысы) конфуцийликке атап айтқанда «даналық» ҳаққындағы тәлийматқа қарсы қаратылған еди. Даосизм тәрептарлары халық билимдан болса басқарыў қыйын болады, ақыл ҳәм даналық тәрк етилсе, халық бахытлырақ болады деген. Сол себепли олар ағартыўшылықтан, илимнен улыўма ўаз кешкен еди. Даосизмниң тийкарғы мақсети өз жақынына меҳирли болыўы, ҳәмме нәрсени кешириўи, жаманлыққа қарсылық қылмаслықты нәсиятлаў, еркти сөндириў, пассивликти өзи нәсиятлаған әдеп-икрамлылықтың әпиўайы принципи, деп есаплар еди.

Этика тәлийматларының бирқанша анық сәўлелениўин әийемги Греция ҳәм Рим (эрамыздан алдынғы XII-XI  әсирлерде) көриў мүмкин. Грециядағы ойшыллар әдеп-икрамлылық идеал, этика тәбияты, жақсылық мәселелерине териялық көзқараслардың қәлиплесиўи менен ҳәр қыйлы әдеп-икрамлылық мәселелерди үйрене баслаған. Бул дәўир философлары ушын әдеп-икрамлылық нызамлар улыўма мәжбүрий характерге ийе екенлиги яки  олар салыстырмалылығы «әўелден бар ма» яки оларды инсан өзи жартқан ба, өмирден мақсет не, сол усаған сораўларға жуўап бериўге урынған. Айрым әийемги грек ойшыллары (пифагоршылар) этикалық түсиниклерди математикалық теңлемелер, формулалар менен анықлаў ҳәм дәлиллеўге ҳәрекет қылған еди.

Демокрит барлық тәбийий процесслерге, соның ишинде инсанның әдеп-икрамллық қатнасларға да қудайлардың араласыўын бийкарлап, Адам қулқының реал, бул дүньядағы тийкарын табыўға урынады. Демокрит әдеп-икрамлылықты адамның өз тәбиятынан келип шығып тийкарлаўға ҳәрекет қылады. Ол этиканың еки жүзлеме  жасалма ҳәм ҳақыйқыйға бөлиниўине

қарсы шығады. Ол шахстың тек ғана сәўбетлесиў ҳәм ақыл басшылығында жетисетуғын ақылый камалаты ушын Жан күйдиреди. Дурыслығын билмеслик қәтеге алып келеди, деген еди ол. Ақыл дурыс ҳәрекетлерге бағдарланыўы лазым, бул болса белгилерди бәрқулла қурамаластырып барыў ҳаққында бирге ислесиў, тәбият нызамлары ҳәм адам қулқын үйрениў зәрүр демекдур.

Демокритке қарама-қарсы әийемги грек философы Сократ (эрамыздан алдынғы 469-399 ж.ж.) жаратқан этика мектеби улыўмалық пәзийлетти нәсиятлайды. Сократтың пикири бойынша, улыўмалық пәзийлет бир қатар жеке пәзийлетлерден: батырлық, даналық, әдалатлық ҳәм басқалардан турады. Ҳәр бир пәзийлет ол яки бул т6рдеги билимлерден турады. Мәртлик – қорқыўды жоқ қылыўды, даналық – нызамларға әмел қылыўды, әдалатлық – жақсылықты қалай әмелге асырыўды 6йретеди. Сол себепли адамды пәзийлетли өмирге 6йретиўден алдын ол ең улыўмалық этикалық нормаларды, улыўмалық пәзийлетти билиўи зәр6р. Сократ «кимгедур пәзийлетти билиў раўа көрилген болса, әне сол адам ғана пәзийлетти көрсете алыўы м6мкин» дейди. Пәзийлет ҳәм билимди әйне бир нәрсе деп биледи, Сократ пикири бойынша пәзийлет илим себепли, тәлим бериў менен қолға киритилгенлиги себепли, ақылый раўажланыў әдеп-икрамлылық тийкарын қурайды.

Сократ шәкирти «идеалист» философ Платонның (эрамыздан алдынғы 427-347 ж.ж.) қараслары устазының этикасына жақын. Платон өзиниң этикалық системасын жаратты, устазына ерип, объектив идеализм жолын таңлады, этикалық системасын жаратты, устазына ерип, объектив идеализм жолын таңлады.

Платон этикасының тийкарғы теориялық таяныш ноқаты– инсан санасы шегараларынан сыртта болған ҳәм мәңгилик идеялары әлеминде қудайдың бәрқулла қадағалаўы астында болатуғын жалғыз өзгермес «жақсылық» идеясыдур. Оның пикири бойынша, адамның әдеп-икрамлылық өмири сол жоқары «жақсылық» идеясына умтылыўға толық бойсынған ҳәм

сол бақытлылықты қурайды, тек ғана жоқары «жақсылық» идеясына умтылғанда ғана қулық үлгисин көриў мүмкин.

Антик этика ҳәм басқа бир қанша билим тармақларын дәслеп тәртипке салған Аристотель (эрамыздан алдынғы 384-322 ж.ж.) есапаланады. Оның «никомах этикасы» ҳәм «Сиясат» шығармалары әдеп-икрамлылық машқалаларын теориялық ислеп шығыўға бағышланған. өз көзқарасларында Аристотель мәңги бар болған идеялар ҳүкимранлығын бийкарлайды, әдеп-икрамлылық түсиниклерин анализ қылып, олардағы улыўма мазмунды ҳәрекет қылады, этика түсиниклериниң илимий классификациясын ислеп шығады, олардың мәнис шегараларын анықлады, этиканың тийкарғы теориялық әмелий машқалаларын изшиллик пенен сәўлелендиреди. Аристотель этиканы әдеп-икрамлылықты үйренетуғын әмелий пән, жәмийет ҳаққындағы пәнлердиң бир түри деп қарайды.

Әййемги Грециядағы этикалық пикирлер Эпикур (эрамыздан алдынғы 314-270 ж.ж.) ҳәм стоиклар тәлийматы менен жуўмақланады. Эпикур бахыт түсинигин әдеп-икрамлылықтың негизи деп есаплайды, бахыт түсинигин даналық пенен байланыстырып қарайды. Ол этиканы өмирде жасаўдың мақсети ҳаққындағы, азап-ақыретлерден қутылыў, адамларға бахыт келтиретуғын, тынышлыққа ерисиў жолларын үйрететуғын тәлиймат деп қарайды. Эпикур инсанның физикалық азаптан ҳәмде рууҳый тәшўишлерден «атараксия»дан қутылыўы, яғный инсанның биротала қанықтыратуғын ҳалатты бахыт деп түсинеди. Бахытқа умтылыў деп тастыйықлайды, Эпикур адам ушын тәбийий нәрсе, оның өзи де рәҳәтлениў, тынышлықты қәлеўинен келип шығады. (Ойшыл рәҳәтлениў дегенде физиологиялық ихтияжларын қандырыўды нәзерде тутқан емес). Ол барлық рәҳәтлерди 2 түрге бөледи. Бири физикалық рәҳәтлер – адамлардың үй-жай, кийим-кеншек ҳәм тағы басқалардан табатуғын тыншлығы, екиншиси рууҳый рәҳәтлер билим ҳәм дослықтан табылатуғын тынышлық. Әййемги Грецияда улыўма философиядағы этика тараўында да материализм менен идеализмниң гүреси Демокрит-Эпикур (моральлық мәселелерди шешиўде реал өмир байланыстырыў ҳәрекети) ҳәм Сократ-Платон этикалық мәселелерди идеал

түсиниклер ҳәм теориялар тийкарында шешиўге умтылыў, бағдарлары менен белгиленеди. Әййемги грек ойшылы Сократтың пикири философияның баслы ўазыйпасы этикалық болып есапланады, яғный қалай өмир сүриў керек екенлиги ҳаққындағы тәлийматты ислеп шығыў болып табылады. Мораль өзиңди дурыс тутып билиўден келип шығады, ал оны болса өзиңниң ишки дүньяңның, руўхый дүньяңның искерлигин билмей турып белгилеп болмайды. Тек билимнен адам ғана әдеп-икрамлы бола алады. Адам деп тек ақыллы адамды ғана есаплайман дейди Сократ. Философ өзиниң көзқарасларында жақсылық ҳәм шынлыққа биргеликили нәрселер екенлигин айтады, бирақ реаль дүнья турақсыз деп ҳәм усы себепли ол шынлықтың жасаў орны, мәканы бола алмайтуғынлығын айтады. Бул улыўмалық моральлық шынлықты объектив жасаўшы, биз жетисе алмайтуғын идеал дүньядан – қудайдан табыўға болады. Тек қудай адамлардың ис-ҳәрекетиниң негизин жетилискен ҳалында түсине алады. Әдеп-икрамлы болыў бул сайландыларға яғный интелектуал адамларға тән қәсийет, дейди Сократ.

Сократтың шәкирти әййемги грек философларының бири Платон (б.э.ш. 427-347 ж.ж.) жақсылық ҳәм жаманлықты адам ақылы жетисетуғын «идеалар дүньясы»на өткереди, олар арасында ең жоқарғы мақсетти белгилейтуғын идея орын тутады. «Идеялар дүньясы» ямаса «түрлер дүньясы» турақлы ҳәм реаль, ал «материялар» дүньясы турақсыз, соның ушын ҳәм олар реаль емес. Платонның этикалық көз-қарасларының тийкарында идеялар ҳәм жан ҳаққындағы тәлиймат турады. Философтың пикиринше, биз жасап турған дүньядағы барлық нәрселер ҳәм ҳәттеки бул дүньяның өзи де ҳақыйқый дүньяның саясы, ҳақыйқый идеялар дүньясын сезиўлер түўе ақыл менен ҳәм билип болмайды. Оның түсиндириўи бойынша адам қудди бир зинданға салынып, сол жерден ҳақыйқый дүнья болса барлық өзиниң көриниси менен оның артында турғандай сезиледи. Адам физикалық жақтан өсиўи мүмкин, бирақ руўхый жағынан ол раўажлана алмайды. Платон өзиниң «Театет» диалогында инсанның алған билимлерин, бул оның тек ядына алған нәрселери (есинде сақлаў). Жан идеялар дүньясында өз билгенлериниң айырымларын ядқа (еске) алыўы мүмкин, бирақ ҳеш қандай

жаңалық алыўы мүмкин емес. Барлық тири жанлардың мақсети бахыт, турмыс, өмир ушын гүрестен ибарат. Бул гүрес қайырсақаўатлы, жетилискен, өмир ҳәм жақсылық идеяларынан ибарат болады. Платон адамды еки дүньяға да тийисли деп есаплайды: идеялар дүньясы ҳәм жетилискен ўақытша қубылыслар дүньясы. Платонның әдеп-икрамлылық көз-қарасының биринши ҳалаты соннан ибарат, яғный руўхыйлықтың тийкарғы дерегин ол инсанға байланыстырады, ҳәм оны жәмийеттен тысқары қояды. Екинши ҳалат бойынша руўхый белгилер (сапалар), жақсы нийетлер дәслептен-ақ индивидге анығырағы оның жанына берилген, әдеп-икрамлылық ҳәм жақсы нийет, пикирлердиң туўмалылығы Платон ушын зәрүрли шәрт есапланады. Себеби жәмийет ағзаларының топарларға, классларға, касталарға бөлиниўшилиги дәл ҳақыйқый қубылыс. Жоқары пәзийлетлик, ақыллылық, жанның ақыл бөлегиниң көринис табылыў, бул пәзийлет данышпан философларға тән болып олар мәмлекеттиң бирден-бир ҳақыйқый ҳүкимдарлары.

Мәртлик (қаҳарманлық ямаса руўхтың күши) бул әскерлер ушын туўма қәсийетке ийе болып, мәмлекетти қорғаўға қаратылған.

Платонның тәлийматы бойынша ақыллылық ҳәм мәртлик унамлы ҳәм актив пәзийлет есапланады. Жанның төменги бөлеги өнерментлерге, дийханларға, яғный әпиўайы халыққа тән болып, олар мәмлекеттеги еки жоқары қатламға бойсыныўлары керек. Пәзийлетлер «зәңгисиниң» ең төменги бөлегинде қуллар турады. Олар улыўма әдеп-икрамлылық деген нәрседен аўлақта турады ҳәм ҳеш қандай пәзийлетлерге ийе емес.

Платон өзиниң «Федр», «Тимей» ҳәм «Федон» сыяқлы шығармаларында жанның адам денесинде ямаса ҳайўанларда көшип жүретуғынлығын тән алса да, жанның қулдың денесине кирмейтуғынын айтады. Қуллар Платон дүзбекши болған мәмлекетте ең төмен, қара жумысларды ислеў ушын жаратылған. Мәмлекетти басқарыўшы данышпан - философ ҳәм қорғаўшы әскерлер бурынғы ески коммунада жасағандай етип жасайды, ал өнерментлер, дийханлар, саўдагерлер жоқарыдағы еки қатламды да өзлериниң ислеп тапқанлары менен тәмийинлейди. Турмыста барлық адам

өзиниң ўазыйпасын атқарады, бул нәрсе өз гезегинде мәмлекетте әдалатты тәмийинлейди. Платон өзиниң соңғы шығармасы болған «Нызамлар»да мәмлекет ҳаққында сөз етип, руўхыйлыққа, руўхый тәрбияға үлкен итибар береди ҳәм нызамшылықты әдеп-икрамлылық, моральлық жақтан беккемлеў ҳаққында айтады. Бул шығармасында ол руўхый сапалардың, пәзийлетлердиң туўма екенлигин тастыйықлайды. Тәрбия тек ғана әўелден инсанға берилген пәзийлетлерди қәлиплестиреди, яғный жүзеге шығарады. Егер де тәрбия натуўры берилсе онда инсандағы әзелий пәзийлетлер өзгериўи ямаса сөниўи де мүмкин. Руўхый тәрбияның тийкары мәселен, - бул нызамларға ықтиярлы түрде бойсыныўдан ибарат.

Платонның пикири бойынша Қудай ҳәр қандай жақсылықтың дереги, турмыстың мақсети жанды ҳәр қандай денелик байланыстан «тазалаўдан» ибарат. Платонның этикалық көз-қараслары диний мазмунға ийе болды. Оның тийкары - мәңги ҳәм өзгермес идеялар, өлмейтуғын жан ҳәм барлық нәрселердиң өлшеми - Қудайдан ибарат еди. Оның пикиринше адамның негизи оның руўхый талаплары менен белгиленеди. Платон ушын әдиллик ҳәр бир социаллық қатламның өзиниң миннети менен шуғылланыўы болып есапланады, яғный аристократия - сиясат пенен, еркин адамлар - өнерментшилик пенен, ал қуллар болса - физикалық мийнет пенен машғул болыўы керек дейди.

Улыўма алғанда Сократ ҳәм Платонның этикалық тәлийматы сол ўақыттағы Грециядағы аристократиялық қатламның, қул ийелеўши мәмлекеттиң мәпин қорғаўға қаратылған еди.

Этиканың логикалық жақтан тийкарланған системасы әййемги Грецияның энциклопедист алым, ойшылы Аристотель тәрепинен дүзилди. Ол әййемги Грецияның ҳүкимдары Александр Македонский жасаған дәўирде өмир сүрди ҳәм Александр Македонскийдиң тәрбиялаўшы, устазы болды.

Аристотель биринши болып этиканы өз алдына пән сыпатында илимий-философиялық билимлер қатарына киргизди. Оған адамлар ортасындағы қатнасық шеңбери ҳәм ақыл, социаллық ҳайўан болған - индивидтиң әдеп-икрамлылығын үйрениўши илим деген атама берди. Ол

әдеп-икрамлылық мәселелерине бағышланған шығармасын «Никомах этикасы» деп атады. Бул шығарма оның улына бағышланып, туўры жүрис-турыс, тәрбия, әдеп-икрамлылық ҳаққында нәсийҳат формасында жазылған. Биз әййемги грек философларының әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлийматларын анализ етип қарағанымызда, яғный Демокриттиң әдеп-икрамлылық тәлийматы мәлим дәрежеде турмыстағы данышпанлыққа тийисли афоризмлерден ибарат екенлигин, ал Платонның әдеп-икрамлылық тәлийматы монолог сыпатында, яғный өзиниң формасы бойынша илимий шығарма болып, әдебийликтен ҳәм күнделикли турмыс ғалма-ғалынан ажыралып туратуғынлығын көремиз.Әдеп-икрамлылық мәселелерин шешиўде оның тәлийматы Демокриттиң көз-қарасларына жақын. Аристотельдиң этикасы дүньялық мазмунға ийе болып, ҳәр бир азат инсанды мәмлекет пуқарасы руўхында тәрбиялаў мәселелерине бағышланған.

Аристотельдиң пикири бойынша әдеп-икрамлылық кең ҳәм ҳәр тәреплеме үйрениў ҳәм де оның системасын жаратыўдан алдын бахыттың не екенлигин анықлап айтыў керек. Екиншиден, адам бахытқа ерисиўге ылайық па ямаса ылайық емеспе деген саўалға жуўап бериў керек. (Бунда адам ерки, оның ҳәрекетин бахлаў проблемасы қойылады); үшиншиден, бахытқа ерисиў ушын қайсы жолдан барыўды таңлап алыў дәркар. (Жақсылық проблемасы, тәрбияның мазмуны ҳәм имканиятларды көрип шығыў керек); төртиншиден, адам умтылыўының ең жоқарғы мақсети бул - бахыт-садат екенлигин билиў керек.

Аристотельдиң өз шығармаларында философия, логика, психология, тарийх, сиясат, этика, эстетика ҳ.т.б. илимий мәселелерди изертлеген. Аристотель дәслеп Платонның шәкирти болғаны менен соңғылығында оның тәлийматына қарсы шығады. Оның пикири бойынша Платонның тәлийматы дүньяны түсиниўди жеңиллестирмейди, керисинше қыйынластырады.

Аристотель өзиниң устазының ҳақыйқый жақсылық бул өзгермейтуғын идея деген пикирине қарсы шығып мынандай дейди: «Ҳәр қандай жағдайда да Платон маған устаз ҳәм дос болғаны менен де, мен ушын ҳақыйқат оннан қымбатлырақ». Ҳақыйқаттың мазмуны соннан ибарат, жақсылық бирден бир

идея бола алыўы мүмкин емес, себеби болмыс категориясына, сапа ҳәм қатнасық категориясына тийисли. Жақсылық бул ҳәр қыйлы, ҳәм оны бир идеяға байланыстырып қойыў мүмкин емес. Егер жақсылық өз-өзинен пайда болады деген тәғдирде де оның әдеп-икрамлылыққа ҳеш қандай байланысы болмай, адамлар оған ерисе алмаған болар еди.

Мораль - бул әмелий мәселелерди шешеди. Жақсылық түсиниги, мақсет пенен байланыслы болып, ол ҳәмме ўақытта оған умтылады. Жақсылықты Аристотель жан ҳаққындағы тәлийматына байланыслы жанды бөлеклерге ажыратып классификациялайды. Бул ажаратыў диний мақсетте емес, ал генетикалық, биологиялық көз-қарас тийкарында болады.

Жанның «өсимликлер» бөлеги барлық өсимликлер ушын улыўмалыққа ийе. Жанның ақыл бөлеги тек ғана адамға тән болып инсан жанның усы бөлеги арқалы тири затлардан ажыралып турады.

Аристотель жақсылықлардың өзине тәнлигин анықлаў мақсетинде руўхыйлыққа мүрәжәәт етеди. Ол руўхый ҳәрекетлерди үш түрге бөледи:

1. аффектлер.
2. қабилетлер.
3. ийе болыўшылық белгилери.

Аффектде (affectte-латын. Руўхый тәшўиашлениў, заўық, ҳәўес). Аффектлер барлық қабылетлерди тәбияттан алады. Жақсылық әдет сияқлы искерлик арқалы ерисилген сапа болып табылады. Жақсылықтың әдеттен парқы соннан ибарат, әдет мақсетке қарай қәлиплеспейди, жақсылыққа арнаўлы билим арқалы саналы рәўиште ерисиледи. Адамның жақсы болыўы оның ақыллы ис-ҳәрекети, тәрбиясы ҳәм өз ўазыйпасына болған қатнасында көринеди. Аристотельдиң пикиринше барлық жақсылықларды еки түрге ажыратыў мүмкин: Дианоэтик - жанның ақыл бөлеги (даналыққа әмел қылыў, излениўшилик) арқалы болады. Этик бөлеги жанның ерикке умтылыўы себепли пайда болады.

Аристотель этикасының мәлим дәрежеде ҳәм класслық характери - бул жақсылықларды түсиндириўге, мәселелерди әдалатлы түрде шешиўге байланыслы. Оның пикиринше әдеп-икрамлылық пәзийлетлери арасына

биринши орында әдалат турады. «Әдалатсыз» деп нызамды бузыўшыларға басқалардан көбирек алыўшы ҳәм басқаларға тең қутылыў, адамларға бахыт келтиретуғын жолларды үйрететуғын тәлиймат деп есаплайды. Эпикурдың пикиринше, бахытқа умтылыў - адам ушын тәбийғый нәрсе, оның өзи де рәҳәтлениўден келип шығады. Ол барлық рәҳәт-ләззетти 2 ге бөледи: дене рәҳәти - адамлардың аўқат, үй-жай, кийим-кеншек ҳ.т.б. нәтийжесиндеги пайда болатуғын рәҳәтлениў, ал руўхый рәҳәтлениў болса - адамның илим-билим, өз- ара қарым-қатнасық сөзлеринен пайда болатуғын рәҳәтлениў.

Эпикур этикасы жақсылық деген не, ҳәм жаманлық деген не, адам бахытқа ерисиў ушын не ислеў керек ҳәм нелерге ерисиў керек? деген мораўларға жуўап бериўди биринши орынға қояды. Эпикурдың этикалық тәлийматы, яғный ҳәр бир адам өмирде бахытқа өзи ерисиўи керек, бахтын өзи табыў керек деген пикирди биринши орынға қояды.

Эпикуризмге қарама-қарсы болған идеяны стоицизм раўажландырады. Стоицизм (б.э.ш. IV әсирде) әййемги Грецияда пайда болған ҳәм б.э. 8 әсирлеринде Римде раўажланған философиялық этикалық тәлиймат.

Стоиклердиң пикири бойынша ең жоқарғы адамзатлық бахыт - бул тәбияттың жаратылысы бойынша жасаў ҳәм ондағы ҳеш нәрсени өзгертпеў. Потенциаллық тәбийғый мүмкиншиликлер адамды өз бетинше жетилисиўине, әдеп-икрамлылық идеясына алып келеди. Адамның раўажланыўындағы бундай жетискенлик адамгершилик делинеди. Адамгершиликли өмир бахтлы өмир саналады. Адамгершилик бир мәрте, бир таманлама болады, бирақ ол индивид искерлигиниң ҳәр қыйлы тәреплеринде көриниўи мүмкин, деп үйретеди стоиклер. Олардың пикиринше жеке адамгершиликтиң 4 түри бар: ақылылық, мәртлик, шыдамлылық, ҳақыйқатлық. Булардың барлығының тийкары бир нәрсе - бул, билим:

адам нелерди ислеў керек, нелерди ислемеў керек екенлигин билиў,

адам нелердиң қандай талапларды ҳәм қандай дәрежеде қанаатландырыўын билиў,

адам нелерден қорқыўы ҳәм нелерден қорықпаўы керек,

адамлардың қәдирин билиў ҳәм баҳалай алыў.

Стоиклердиң пикири бойынша адамның санасына, ақылына алжасық киргизетуғын ҳәм оның руўхынан жоқ қылыныўы керек болған аффектлер тән болады. Төрт аффект бар: ҳәзлик, қайғы, тилек, қорқыныш. Соның менен бирге ҳәр қандай жердеги зәрүрликлер қараланыўы керек, адамның ҳақыйқат қуўанышы аспектлик өмир кешириўинде - дейди олар.

Ригоризм (латын rigor- қатаң) - ҳәр қандай жағдайда да белгиленген әдеп-икрамлылық нормаларын қатаң ҳәм сөзсиз сақлаўда талап етилетуғын моральлық принцип. Усы жерден қудай ушын өзин жетилистириў, өзин қурбан қылыў, аскетизм, фатализм, бағыныўшылық, шыдамлылық ҳаққындағы идеяларды қабыллаған христиан моралы өзиниң басламасын алады.

Солай етип, әййемги грек этикасы бир қатар әҳмийетли мәселелерди қойды: моральдың келип шығыўы ҳаққында, әдеп-икрамлылықтың сиясат, дин менен байланысы, өмирдиң, адамгершиликтиң мазмуны, моральлық минез-қулықың критериялары ҳ.т.б.

## Орта Азиядағы әдеп-икрамлылық тәлийматларының раўажланыўы

Әдеп-икрамлылық тәлийматлардың ең алғашқысы, инсаныяттың қәлиплесиўи менен байланыслы болып, дәслепки әдеп-икрамлылық қараслардың пайда болыўы адамзаттың узақ тарийхына барып тақалады, еле жазыў ойлап табылмаған ўақытлардың өзинде-ақ халық аўызеки дөретпелеринде сол дәўир адамларының әдеп-икрамлылық ой-пикирлери өз сәўлелениўин тапқан. Ертек, қосық, нақыл ҳәм мақалларда инсанлардың өз ўазыйпасын сезиниўи, бирге ислесиў, дослық, мийнетсүйиўшлик, пәклик, әдалатлық усаған қәсийетлер уллы әдеп-икрамлылық тийкарында улығланған. Орта Азиядағы биринши жазба әдеп-икрамлылық қараслар зардуштлик (зорастризм) динниң муқаддес китабы болған «Авесто»да ушырайды. «Авесто» Орта Азия, Иран, Азербайжан халықларының әййемги дәўириндеги экономикалық-жәмийетлик турмысы, динлери, әлем

ҳаққындағы көзқараслары, үрп-әдетлери, руўхыйлығы, мәдениятын үйрениў ушын әҳмийетли дерек есапланады. «Авесто»да баян етилген мағлыўматларның ең әййемги бөлимлери эрамыздан алдынғы 2 мың жыллық ақырлары ҳәм 1 мың жыллық басларына тийисли. «Авесто»да әлем еки тийкардан, яғный жарықлық ямаса қараңғылық, жақсылық ҳәм жаманлықтың тоқтаўсыз гүресинен ибарат деп айтады.

Жақсылық таратыўшы ҳәм оны өзинде сәўлелендириўши қудай Ахурамазда жер, суў, өсимлик ҳәм басқа ҳәмме тәбийий байлықларды жаратқан. Жаманлық күшлерине Ахриман басшылық қылады. Жақсылық әлеми Ахурамазда ҳукимран болған жарықлықтан, жаманлық әлеми болса Ахриман ҳүкимран болған- қараңғылық зүлметинен қуралған. Соған байланыслы инсан да дене ҳәм руўхтың қарама-қарсылығынан, инсан әдеп-икрамлылығы болса жақсы ҳәм жаман қулық-әдетлериниң қоршаўынан ибарат.

Ахурамазда шадлық ҳәм бахыт ҳаққында былай дейди. «Мен ҳәр еки қолым менен пидакарлық пенен мийнет қылыўшы адамды қоллайман, оның исине, өнимине берекет бағышлайман».

«Өзбекстанда философиялық пикир әййем заманнан бар болып, ҳәр бир тарийхый дәўирде өз заманының жәмийетлик турмысын ҳәм идеялық раўажланыў дәрежесин сәўлелендирген» -деп жазған еди академик И. М. Муминов.

Орта Азиялық ойшыллардың әдеп-икрамлылық қараслары менен танысар екенбиз, төмендегилерди нәзерде тутыў лазым

Орта Азия ойшыллары дөретиўшилик пенен шуғылланған дәўирде философия, әмелий философия ҳәм териялық философияға бөлинген. әмелий философия этика, педагогика, социологияға тармақланған. Теориялық философия болса тәбиятттаныў мәселелери менен шуғылланған. Сол себепли Орта Азиядағы прогрессив философиялық-әдеп-икрамлылық көзқараслар раўажаланыўына тәбияттаныўшылар, философлар менен бирге әдебият ўәкиллери де бирге үлес қосқан. әсиресе олар әмелий философияның (илимий ҳикметтиң) этика тараўын жоқарылатып, берекетли мийнет

қалдырған. Орта Азия ойшылларының әдеп-икрамлылық мәселелерине пантеистлик руўхта жантасқанлықларыда олардың этикалық көзқарасларындағы улыўмалық қәсийети.

Ең әҳмийетли тәреплеринен бири - Орта Азия ойшылларының дерлик барлығы Аристотельдиң шәкиртлери сыпатында әдеп-икрамлылықтың әҳмийетин, әдеп-икрамлылық түсиниклериниң дерегин адамлардың турмыс қатнаслары менен, олардың бахытқа умтылыўлары менен байланыстырады.

Әййемги Орта Азияда этикалық, әдеп-икрамлылық тийкарлардың раўажланыўы улыўма алғанда мәденияттың раўажланыўына тән болған белгилер менен характерленеди.

Орта Азияның ислам динине шекемги дәўирдеги улыўма тарийхын, соның ишинде этикалық көз-қараслар тарийхын үйрениў ушын әййемги парсы жазыўлары,әййемги грек тарийхшылары Герадот, Страбонның тарийхый ҳәм географиялық шығармалары, зроастризм дининиң «Авесто» деп айтылыўына муқадес китабы, ҳ.т.б. дереклер үлкен әҳмийетке ийе. Олар қатарына әййемги түрк руникалық жазыўлары (Култегин, Тунюкук), қытай дереклери де киреди.

Авесто, Орта Азия халықларының әдеп-икрамлылық, этикалық тәлийматының қәлиплесиўи тарийхын үйрениў ушын әҳмийетли дерек хызметин атқарады. Академик И.Муминовтың атап өткениндей Авестода ислам динине шекемги дәўирдеги Орта Азия халықларының тәбийғый-илимий, әсиресе этикалық ой-пикирлердиң раўажланыўы тарийхына тән жүдә көплеген материаллар бар. (Қараңыз И.Муминов таңламалы шығармалары. Т. Фан. 1972, 110-бет.)

Айрықша итибар аўдарылатуғын жери бизиң эрамыздан бурынғы V-V әсирлерде пайда болған зроастризм дининиң пайғамбары Заратуштраның ҳәм оның «Зенд - Авесто» китабының дөрелген мәканы Орта Азия, анығырағы Әмиўдәрья менен Сырдәрья аралығында болған. Соңынан ғана ол Иранға таралып, сол елде узақ әсирлер даўамында мәмлекетлик дин дәрежесинде сақланған.

Зороастризм этикасының характерли белгилериниң бири соннан ибарат, Авестода көпшилик әдеп-икрамлылыққа байланыслы этикалық түсиниклер адамға тән көриниске ийе абстракция формасында берилген. Авестоның этикалық тәлийматы төмендеги үшликке жәмленген: гумата (Humata - жақсы пикир), Гукта (Hukta - жақсы сөз) ҳәм гваршта (Hvarsta - жақсы ис).

Авестоны изертлеўшилердиң дерлик ҳәммеси Авестоны диний характерде болған менен бир қатарда онда философия, этика, сиясат, турмыс, әдебият мәселелериниң де кең көлемде жаратылғанлығын тастыйықлайды. Авесто менен танысып шығыў Орайлық Азия, Азербайжан, Иран ҳәм путкил Жақын ҳәм Орта Шығыс халықларындағы дәслепки тәбийғый-илимий ой-пикирлерди үйрениў ушын да, жәҳәнниң усы регионларында жасаўшы халықлардың жәмийетлик-сиясий ҳәм философиялық ой-пикирлериниң қәлиплесиўиниң аспектлерин анықлаў ушын да бай материал болып табылады.

Изертлеўши К.Г.Залеманның пикири бойынша Авесто шама менен бизиң эрамыздан алдыңғы X әсирден V әсирге шекемги аралықта сол дәўирдеги зардуштийлик дини ҳүкимдарлық қылған мәмлекетлерде жаратылған.

Зардуштийлик руўлық-қәўимлик дузим ҳүкимдарлық еткен дәўирде пайда болып, кейин ол Әййемги Шығыста қул ийелеўшилик дәўиринде ҳәр тәреплеме раўажланады ҳәм аршакийлер, сасонийлер заманындағы дәслепки феодализм дәўиринде түп-тийкарынан өзгереди. Көпшилик жағдайда Авесто диний тәлиймат болып көринген менен бирақта ондағы диний-мифологиялық ҳәм философиялық аспектлерди ажыратып қараўымыз зәрүр.

Ҳақыйқатында да Авестода көпшилик ўақыялар инсан образында бериледи, идеялар болса жанлы мақлуққа айлантырылады.

Изертлеўшилердиң пикиринше «Гата», «Ясна», «Яшта»лардың (гимнлер) айрым бөлимлери - Авестоның философиялық ҳәм этикалық, әдеп-икрамлылық идеяларын анализ етиўди «Гата»ның мазмунын ашыўдан баслаў

мақсетке муўапық болады, себеби бунда зардуштийликтиң адамға, адамның жәмийеттеги орны ҳәм ролине мунасебети анығырақ көриниске ийе болады. Зардуштийлик тәлийматы бойынша жисманий ҳәм мәнаўий дүнья үш дәуирден ибарат («Гата», 45).

Биринши дәўир, ең әййемги дәўир болып, ол дәслепки турмысты, өмирди билдирген ҳәм бунда ҳәр еки дүньяда да (физикалық ҳәм руўхый дүнья) жақсылық күшлери жеңиске ерисип, дүньяда жарықлық ҳәм адамгершилик, бахыт-саадат ҳүкимдар болған. Жынаят ислеген бирден-бир адам - ҳәким Йима Вивахвант болып, ол «адамларды ҳәдден тысқары разы етиў ушын оларға мал гөшин жегиздирген». («Ясна», 32-б.).

Екинши дәўирде - жақсылық рухлары менен жаманлық рухлары ортасында, соның менен бирге олардың ықласбентлери арасында аяўсыз гүрес барады.

Үшинши дәўир - бул келешекте әдалаттың жеңиске ерисиў дәўири болып табылады.

Зардуштийликтиң моральлық көрсеткишлеринде әпиўайы мораль нормаларына бойсыныўға үлкен әҳмийет бериледи. Зардушт тәлийматы бойынша миннеттиң ең биринши шақырықларының бири - руўхый саламатлық ҳаққында ғамқорлық етиў. Ҳаяллар саламатлығы ҳаққында ойлаў, әсиресе олар ҳәмледар пайытта ҳәм жас босанғанда ғамхорлық етиў керек. Диндарлар тазалыққа (өз дене тазалығы, үй азадалығы, каналлар, көллер, жап-салмалардағы суў тазалығы х.т.б.) итибар бериўлери керек. Буннан инсан жүрис-турысы, саламатлығына үлкен итибар берилип ҳәттеки аўқатланыўды да тийкарғы моральлық қағыйдалар қатарына киргизеди.

Зардуштийлик әдеп-икрамлылық тәлийматында инсанның дүньялық бахыт-саадатқа ерисиў мәселесинде де ислам дини қағыйдаларына қарама-қарсы болған моментти көриўимиз мүмкин. Изертлеўши З.Геюшевтиң атап өткениндей, зардуштийлик морали, дүньялық инамлардан ўаз кешиўди талап етпейди, керисинше дүньядағы барлық затлардан өз муғдарында ләззет алыўды, өзиниң пүткил өмирин «жақсы күн көриў ушын дәркар болған

нәрселер мал-мулк» пенен, турмыстан ләззет алыў арқалы, бахтияр жасаўды, мазмунлы турмыс кешириўге шақырады.

Авестодағы әдеп-икрамлылық көз-қараслардың улыўма кѳриниси мине усылардан ибарат болып ол Орайлық Азия халықлары тарийхын ең әййемги дәўирден баслап ислам дини тарқалғанға шекемги дәўирди ѳз ишине алады. Авестодағы әдеп-икрамлылық тәлиймат, моральлық қағыйдалар бүгинги күн ушын үлкен әҳмийетке ийе.

Бул жоқарыда айтылғанлардан тысқары Орайлық Азия улыўма, Шығыс халықларының әдеп-икрамлылық қағыйдаларының, моральлық қатнаслардың қәлиплесиўине сол дәўирдеги халықлардың атадан балаға ѳтип келген бай мәдений, руўхый мийраслары (фольклор, халық аўыз еки творчествосы ҳ.т.б.) жақсылық ҳәм жаманлық кѳринислеринде унамлы ҳәм унамсыз қаҳарманлардың ҳәр қыйлы образларында ѳз сәўлелениўин тапқан. (Мәселен: «Қалила ҳәм Димна», «Қабуснама» ҳ.т.б.).

Орта әсирлерге келип христиан дини Европа халқларының жәмийетлик-сиясий ҳәм мәдений турмысын ширкеўге бойсындырды, ҳәм барлық тараўда да ширкеў қадағалаўы орнатылды. Ислам ҳәм мәдeният ширкеўдиң кѳрсеткен жолы менен раўажланыўға мәжбүр болды. Ал ислам growинде болса әсиресе орта әсирлерге келип суфизмниң қәлиплесиўи менен мәлим дәрежеде еркин ойлаўшылық пайда болып илим, мәдeният ҳәм искусстваның раўажланыўына кең жол ашылды. Нәтийжеде әййемги дүнья классиклери илгери сүрген әдеп-икрамлылық идеяларын раўажландырыў, олар ортаға таслаған машқалаларды шешиў, сол дәўир ҳәм кейинги дәўирлер ушын актуал болған әҳмийетли теориялық ҳәм кѳркем-моральлық шығармаларды дѳретиў тийкарынан Мусылман Шығысы ойшыллары тәрепинен әмелге асырылды.

Бул дәўир ҳәр қыйлы философиялық ағымлардан қуралды. Бирақ бундай ағымлар ҳәм бағдарлардың ѳзине тән айрымашылықларының бири олар Әййемги дүнья этикалық тәлийматы сыяқлы қатып қалған шегараларға ийе емес еди.

Орта әсир мусылман Шығысы тәлийматы ҳаққында сөз еткенимизде бунда еки бағдар машшойийунлик ҳәм суфизм бағдарының үлкен әҳмийетке ийе екенлигин көремиз.

## Әбу Насыр Фарабий (873-941)

Орта әсирлерде мусылман Шығысында машшоийиуўнлик ямаса аристотеллик ағымын белгили араб ойшылы ал-Кинди баслап берди. Оның тийкарын салыўшы уллы ойшыл Абу Наср ал-Фараби есапланады. Өз заманында Аристотельден кейинги «екинши устаз» деп аталған Туркистанлы бабамыз өзиниң философиялық, этикалық шығармалары менен Шығыс еллеринде кеңнен мойынланады. Фараби Аристотельдиң классикалық мийнетлерин ҳәр тәреплеме түсиндирип оны тийкарынан қайта ислеп Шығыстағы философияның аристотеллик бағытының раўажланыў бағдарын анықлап берди ҳәм «екинши устаз» («аль-муаллим ас-сани») деп аталды. Орта Азияда әдеп-икрамлылық ҳаққында тәлийматларының раўажланыўына ең көп үлес қосқан энциклопедист алым Абу Насыр Фарабий. Шығыста Аристотель «дәслепки муғаллим» аты менен атақлы болған Фарабий «муаллим сони» аты менен белгили. Фарабийдиң этика пәнине қосқан үлеси соннан ибарат болды, ол инсан жәмийетттен тысқарыда жасай алмайды, өз турмыс искерлиги даўамында жәмийетлик жәрдемге мүтәж деп есаплайды., ол инсан жәмийетлик мийнетсиз жасай алмайды, инсан өз жәмийетлик ўазыйпасын атқарыўы ушын оған бириншиден адамлар менен қатнаста болыў зәрүр, екиншиден ол өнер көнликпелерин пайда етиўи керек. Оның пикири бойынша жәмийетлик пайдалы мийнет жәмийет раўажаланыўыўының тийкарғы шәрти. Фарабий «пазыл адамлар шәҳәри» мийнетинде инсанның жәмийетлик турмысының пайда болыўы, мәмлекетти админстративлик дүзиў мәселелери, идеал шәҳәрде жасаўшылардың әдеп-икрамлылық принциплерин көрсетеди.

Аристотель сыяқлы Фараби де философияны теориялық ҳәм әмелий деп екиге бөлди ҳәм этиканы соңғы әмелий философияға киргизди. Әдеп-икрамлылық ҳәм мораль машқалалары оның «Бахытқа ерисиў жолын көрсетиўши китап», «Бахытқа ерисиў ҳаққында», «Мәмлекет искериниң

ҳикметлери», «Пәзийлетли адамлар шәҳәри» деген шығармаларында өз көринисин тапқан. Оларда инсан бахты ең тийкарғы машқала сыпатында ортаға тасланады. Соның менен бирге уллы ойшыл өзиниң этикалық көз-қарасларында пәзийлетке үлкен кеўил бөледи. Оның пикири бойынша адам пәзийлеттиң не екенлигин билген жағдайда ғана ҳақыйқый бахытқа ерисе алады. Аристотелге уқсап Фараби де адамгершилик пәзийлетлерди ақыл-ерикке тийкарланған пәзийлетлер ҳәм минез-қулыққа тийкарланған пәзийлетлер деп екиге бөлинеди. Ол өзиниң «Пәзийлетли адамлар шәҳәри» деген шығармасында барлық заманға өрнек болатуғын ўәсийятларды жазып қалдырған. «Барлық турғынлары бир-биреўине көмеклесип бириксе, дейди Фарабий, - олар ҳақыйқат бахытқа ериседи... бахытқа жетисиў ушын адамлары биригип, биреў-биреўин қуўатлап көмеклессе, бул берекет дарыған адамгершиликли жәмийет болады... ал ҳәмме халықлар бахытқа жетисиў жолында бир-биреўине жәрдем бериўге умтылса, путкил жер жүзи берекет дарыған адамгершиликке, пәзийлетке ериседи». Демек Фарабийдиң пикири бойынша адамлардың, халықлардың бир-бири менен дослықта, татыўлықта жасап, өз-ара көмеклесиўи бахытлы турмыста жасаўдың дереги, ең жоқарғы адамгершиликтиң нышаны болып табылады. Оның бул ўәсиятлары әййемги Түркистанның ҳәзирги әўладлары ушын да сабақлық ролин атқарады.

**Абу Райхан Беруний (973-1048)**

Абу Райхан Беруний ири алым-тәбияттаныўшы, астроном, математик ҳәм сиясий ғайраткер. Ол дүньяқарасқа тийисли мәселелерди тәбийий ҳәм анық пәнлерден келип шыққан жуўмақларға сүйенип, математик түрде шешти. Ол этиканың жақсылық ҳәм жаманлық, намыс ҳәм иззет, ләззет ҳәм бахыт, дослық ҳәмде ортақлық усаған мәселелерге үлкен итибар берди. Ол инсанның ақылы, ҳәрекетлерин инсанның өзинен, оның тәбиятынан келтирип шығарады. Ойшыл әдеп-икрамлылықтың әўмийетин инсанлардың турмыс тәрзи менен байланыстырып түсиндиреди. Беруний алым болыўды әдеп-икрамлылық пенен байланыстырды. Ол өз әдеп-икрамлылық қарасларында инсанның бул дүньядағы орны мәселесине үлкен итибар берди. Буннан тысқары ол адамның өз қулқын жақсылаўы бир тәрептен өзине

байланыслы болса, екинши тәрептен сыртқы шәраятларға байланыслы деген идеяны алға сүреди.

Беруний өмирдиң мәниси машқаласын дөретиўшилик мийнет, сақыйлық ҳәм жақсылық тийкарында ҳал қылады. Оның этикасында инсан еркинлиги тән алынады. Инсанның өмирде әдеп-икрамлылықтың әпиўайы нормаларына бойсынып жасаўы керек деп көрсетиледи.

## Абу Али Ибн Сино (980-1037)

Абу Али Ибн Сино этика илиминиң раўажланыўына үлкен үлес қосты. Ибн Сино пикири бойынша этика бул «Бахытлы болыў ушын инсан өз әдеп-икрамлылық әдетлери ҳәм ҳәрекетлеринде қандай болыўы лазым»лығы ҳаққындағы пән. Оның пикири бойынша этика адамлардың өзине қарап ҳәм басқа шахсларға қарап ҳәрекет нормаларын ҳәм қағыйдаларын үйренеди, себеби адамның өзине болған мүнәсибети әлбетте басқа адамларға берилиўин көзде тутуады. Ибн Сино қарасларында муҳаббат ҳаққындағы мәселе үлкен орын тутады. Ол ҳәр қандай организмде муҳаббат бар болады, бирақ ең уллы муҳаббат инсан муҳаббаты деп көрсетеди. Оның пикири бойынша муҳаббат туўма қәсийет. Ол инсан өмиринде әҳмийетли орын тутады. Машшойийунлик этикасының және бир уллы ўәкили Фарабидиң шәкирти Ибн Сино есапланады. Ибн Синаның этикалық көз-қараслары «Әдеп-икрамлылық илимине тийисли трактат», «Минет ҳаққында трактат», «Нәпсини пәкизе тутыў ҳаққында трактат», «Әдалатлық ҳаққында трактат», «Турақ жайлардагы тәдбирлер» сыяқлы шығармаларында баянланған. Ибн Сина моралдың әмелий философия системасындағы орнын анықлаўға ҳәрекет етеди. Ол этиканы әмелий философия деп, моралды оның изертлеў объекти сыпатында тәриплейди.

Ибн Сина өз шығармаларында бир қанша әдеп-икрамлылық пәзийлетлерге анықлама береди. Яғный әдалат, сақыйлық, қанаат, кишипейиллик ҳ.т.б. жәнеде олардың кериси болған әдалатсызлық, бақыллық, ашкөзлик, менменлик усаған түсиниклердиң мазмун-мәнисин

ашып береди, ҳәм олардың бир-бирине өтиўиниң тәбийғый ҳал екенлигин түсиндиреди. Соның ушын ҳәм бул уллы ойшылдың пикири бойынша этика илиминде тек ғана адамгершиликке тән болған жақсы пәзийлетлер ғана үйренилип қоймастан, олардың қарама-қарсы болған жаман иллетлер де уйренилиўи керек.

**Абу Бакир ар-Разий**

Орта әсирлер этикалық тәлийматында Абу Бакир ар-Разийдиң тәлийматы өзине тән орынды ийелейди. Оның әдеп-икрамлылық ҳаққындағы көзқараслары «Ләззет», «Философиялық турмыс тәризи», «Бахыт ҳәм пәраўанлық белгилери» деген шығармаларында баянланған.

Ар-Разий моральды инсанда әдеп-икрамлықты тәрбиялаў ҳәм әдепсизликти жоқ етиў жоллары ҳәм усыллары ҳаққындағы илим деп биледи, ол адамды ақыл менен ис жүргизиўге, нормада ләззатлениўге, сезимлерин, нәпсин жылаўлап, бир мәўритлик ләззет ушын өмирин зая етпеўге шақырады. Улыўма алғанда, Ар-Разийдың әдеп-икрамлылық көзқараслары, илимий тил менен айтқанда гедонизм ҳәм эвдемонизмге тийкарланады. Оның этикалық көзқараслары әййемги грек ойшыллы Эпикурдың этикалық тәлийматын даўам еттириўшиси сыпатында көринеди.

**Ибн Рушд**

Жоқарыдағы аты аталған ағымның және бир ўәкили, Европада «Аверроизм» деген бағдардың тийкарын салыўшы, курдобалық (испаниялық) ойшыл Ибн Рушд (латынша Авероэс) этика илиминиң раўажланыўына үлкен үлес қосқан ойшыллардың бири.

Курдобалық ойшыл идеал мәмлекетте пухаралар санасына адамгершиликли пазыйлетлерди сиңдириў ҳәм раўажландырыў ушын еки турли усылды қолланыўды усыныс етеди. Биринشиси: исендириў усылы. Бул нәрсе өз гезегинде еки түрли жантасыўды талап етеди яғный кең жәмийетшиликти тәрбиялаў ушын көркем шығармалар ҳәм шешенлик өнеринен, ал белгили дәрежедеги саўатқа ийе адамларда адамгершиликли пазыйлетлерди қәлиплестириўде логикалық дәлиллеў ҳәм илимий-философиялық сөз шеберлигинен пайдаланыўды усынады. Екиншиси -

мәжбүрий усыл. Ол тийкарынан сыртқы душпанлар менен гүрести өз ишине алатуғын қубылыс. Ибн Рушд бул усылды жиҳад пенен теңлестиреди. Бирақ оның түсинигиндеги жиҳад кәпирлерге қарсы алып барылатуғын урыс емес. Ол Аристотельдиң «Никомах этикасы» шығармасына жазған түсиндирмесинде (комментарий) ҳәмме ўақытта тынышлық зәрүрлигин, урысқа тек айрым жағдайларда ғана жол қойыў кереклигин айтады, жиҳадты тек шарият талаплары көзқарасынан түсиниў мусылманлар ушын жудә үлкен апатшылықлар алып келгенлигин айтады. Демек, Ибн Рушдтың пикири бойынша, жиҳадта тариқат басқышы тийкарында түсиниў керек (келеси бөлимлерде биз тариқат басқышына кеңирек түсиник беремиз). Бул курдобалық ойшылдың көзқарасларының суфизмнен қашық емеслигин көрсетеди. Усы жерде бизиң суфизмге тоқтап өтиўимиз мақсетке муўапық болады.

## Ислам этикасы

Ислам тек ғана дин болып қалмай, бәлки пүткил бир жәмийетлик-философиялық ҳәм әдеп-икрамлылық, ҳуқықый системаны қурайды. Бул система мусылманлардың дүньяқарасы, қулық-әдети, ҳуқықларын белгилеп береди. Ислам идеологиясы ҳәм этикалық системасының тийкарлары Қуранда баян етилген. Ислам талаплары калима келтириў, намаз оқыў, ораза тутыў, закат бериў, имканияты болса хаж қылыў талапларын өз ишине алады.

Шын кеўилден қағыйдаларға исениў ҳәм мересимлерди орынлаў–пазыйлет мазмунынында сәўлеленеди. Сол тийкарларға сүйенген ҳалда шариятта инсанның барлық ҳәрекетлери бес топарға бөлинген. Зәрүрий, рухсат етилетуғын, қаралanatуғын ҳәм қадаған етилетуғын ҳәрекетлер. Ислам этика системасында ийман ҳәм дин талаплары ҳәм де шәрият көрсетпелери ҳәр бир мусылманның әдеп-икрамлылық нормасына айландырылған. Дин қағыйдаларын, оның талапларын қатаң мересимлерин қатты тутыў мусылманның әдеп-икррамлылық мәжбүрияты, миннети есапланады.

Ислам әдеп-икрамлылық системасы әдеп-икрамлылықтың хәр бир нормасын қудай қәлеўи менен белгилейди хәм инсанның хәр бир хәрекетин Алла қүдиретине бойсындырып талқылайды.

Әдеп-икрамллық тәлийматлардағы бас мәселе- Алланың дереги мәселесинде ислам этикасы әдеп-икрамлылықты, оның әхмийетин Алланың аты хәм қүдиретин Қураны кәримге тийкарланып талқын қылады. Алла «Қураны кәримди» адамларға «дәстүрий әмел» жақсылық хәм жаманлықты парықлаўдағы «туўры жолы» деп талқылайды. Ислам этикасы бойсыныўшылық, сабыр-қанаат, мөминлик, Алла алдында қорқыўды үгитлейди. Адамлардың пүткил искерлиги әпиўайы әдеп-икрамлылық мақсет қудай рахмети хәм мәрхаматына ерисиў «ол дүнья» да жәннеттен орын алыўға хәрекет қылыў деп жәриялайды.

Ислам этикасындағы әхмийетли тәреплеринен бири ол адамлардан әдеп-икрамлы болыўды, саўап ис қылыўды, гүнә ислемеўди, гүнә қылыўдан қорқыўды үгитлейди.

## Суфизм этикасы.

Суфизм шығыс мусылман мәмлекетлериниң жәмийетлик ой-пикиринде кең таралған диний-философиялық тәлиймат болып, ислам динине исенип келген халықлардың руўхый турмысында терең из қалдырған. Бул тәлиймат VIII-IX әсирлерден баслап кең таралған.

Белгили, суфийлик хәрекети әдеп-икрамлылық бузылыўларға қарсы наразылық хәрекети ўәкиллери исламның саплығын тиклеў, жәмийетлик қатнаслар хәм әдеп-икрамлықтағы алдынғы әпиўайылыққа қайтыўды үгитлейди.

Суфизмниң теориялық тийкарын «бако» хәм «фано» хаққындағы тәлиймат қурайды. Инсан көз алдындағы әлем «фано» - өткинши. хақыйқый дүнья «бако» дүньясы адамның адам көринисинде жасаўы «азап», себеби бул дүньядағы өмиринде адам өз жәмийетинен ажыралған халда жасайды. Инсан өзинен ўаз кешкеннен кейин бахытқа яки хақыйқатқа ерисиўи мүмкин. Инсан

өмириниң мәниси – бул дүнья тынышлығынан ўаз кешип өзиниң пүткил итибарын «хақ»қа қосылып кетиўине қаратыўы лазым.

Суфизмниң Орта Азияда Яссаўыя, Мавлавия, Кадрия, Накшбандия, Каландария усаған ағымлары болған.

Суфизм тәлийматы Шығыс мусылман халқлары тарийхында өшпес из қалдырған диний-философиялық ағым болып есапланады. Суфизм инсанды пәкликке, туўрылыққа баслаўшы, ҳадал мийнет пенен жасаў арқалы, адамларды ҳақыйқатқа, туўрылыққа, хадаллыққа, қудаға жетисиў жолын белгилеп бериўши ҳәм жақсылықты жәрия етиўши ағым сыпатында тарқалды. Бирақ узақ жыллар даўамында суфизмге «диний мистик» ағым деп қарап келинди. Соңғы жылларда суфизм тәлийматына бурынғы мүнәсибет өзгерип оны диний философиялық ағым сыпатында үйрениўге кең мумкиншилик жаратылды.

Суфизм VII әсирдиң ақыры VIII әсирдиң басларында Жақын Шығыста мусылман үлкелеринде пайда болды ҳәм кейин Орайлық Азияға кең тарқалды. Дәслепки суфийлер дәбдебели, молшылық өмирден ўаз кешип, қыйншылықта, жоқшылықта жасаўды таңлаған. Оларға тән болған әдетлерден бири: сабыр-тақат ҳәм қанәәт пенен дәрўишлик етип жасаў ҳәтте адамлардан узақласып, олар менен ушыраспаўға, өз өмирин Алла жолына сыйыныў, ибадат қылыў менен өткериўден ибарат еди.

Суўфий басқа адамлардың өзиниң пәк ҳәм ғәрип турмыс кешириўи ҳәмме ўақыт ибадатта болыўы ҳәм тек илаҳий руҳқа қосылыўын мақсет қылып қойыўы менен парқланады. Суфий ушын я дүньядан, я ақыреттен дәме болмаслығы керек. Бир ғана тилеги - бул Қудайдың дийдарына жетисиўден ибарат IX әсирлерге келип суфизм диний-философиялық тәлийматының теориялық тийкарлары исленип шығылды.

Суфизм тәлийматы, оның идеялық, көркемлик өзгешеликлери ҳәм улыўма суўфийлик илими туўралы бираз белгили алымлар изертлеў жумысларын жазған, (Бертельс Е.Э. Суфизм и суфийская литература. Москва, Наука. 1965. 54-б. Бертельс Е.Э. Суфизм и суфийская литература: Фильштинский И.М. История арабская литературы. Москва, Наука. 1991,

317-402 б. Арипов М. Гуманизм Алишера Навои. Ташкент. 1991, Ҳаққулов И. Ахмед Яссавий ҳикматлари. Ташкент. 1991. 5-40 б.) Олар илим жәмийетшилигине кеңнен мәлим. Сондай-ақ қарақалпақ алымларының ишинде де бул мәселени өз мийнетлеринде белгили дәрежеде қозғап өткенлери де бар. (Ҳамийдий Х. Шығыс тиллериндеги жазба дереклер ҳәм ХХ әсирдеги қарақалпақ шайырлары. Нөкис. «Билим», 1991, 60-67-бетлер).

Суўфийлик тәлийматы Ислам дининиң ишиндеги үлкен бир ағым болып есапланады. Суўфийлик жолға түскенлердиң бас мақсети руўхый ҳәм дене тазалығы, пәклениў арқалы, руўх пенен денени бир бирине сәйкеслендириў арқалы кәмил инсан дәрежесине көтерилиў ҳәм соңында несип болса Аллаталаның дийдарын көриўге минасип болыў. Аллаталаға болған муҳаббат суўфиди ҳәр қыйлы гуна, кемшиликлерден, нәпси, менменлик ҳ.т.б. жаман қәсийетлерден қутқарады. Суўфийлик жолына түсип, ашық болған бенде мәнзилге жетиў ушын төрт басқышты басып өтеди. Биринши басқыш-шариат деп аталады. Бул басқышта суфийлер ҳадал менен ҳарамды, жақсылық пенен жаманлықты, мийрим-шәпәәт ҳәм зулымлықты айырады, бир сөз бенен айтқанда шариат нызамларына бойсынады. Екинши басқыш - тарийхат. Буған өтиў ушын шарапат басқышының барлық талапларын орынлап, ағла мусылман дәрежесине ерисиў керек. Буның ушын ол жол жоба беретуғын жетик устаз, пирге қол береди. Суўфий нәпси бәлелери болған ўйқы, аўқат, байлыққа ҳәўес болыў ҳәм басқа да пәс қылықлар менен гүреске түсип оларды жуўенлейди, илаҳият илиминиң сырларын ийелейди. Бул машақатлы жолды табыслы өткенлер үшинши басқыш: мағрипатқа көтериледи. Мағрифатта суўфийлар ҳадал менен ҳарамды, жақсылық пенен жаманлықты, мийрим шәпәәт пенен зулымлықты ақыл-ес пенен емес, ал кеўил менен, жүрек сезимлери менен (инстинкт пенен) аңлаўы тийис. Төртинши басқыш ҳақыйқат деп аталады. Оған ерискен суўфий руўхый раўажланыўдың жоқарғы шыңына ериседи ҳәм бенде сыпатында өз раўажланыўын жуўмақлап, руўхый камалатқа жетиседи. (Қараңыз: Қ.Жәримбетов. Ашық Зийўар. Н. Билим. 1998. 7-б). Суўфилик поэзиясы тийкарында көпшилик ойшыллар өз шығармаларын дөретти.

## Алишер Наўайы (1441-1501)

Суфийлик поэзиясы тийкарында шығармаларын жазған, өзиниң дүньяға көзқарасы тиккелей суфизм тәлийматы менен байланыслы болған уллы ойшыл, алым, мәмлекетлик ғайраткер Мир Әлишер Наўайы болып табылады.

Алишер Наўайы Орта Азияда этикалық пикирлер раўажаланыўына үлкен үлес қосты. Наўайының әдеп-икрамлылық карасларында әдалатлық категориясы әҳмийетли орын тутады. Ол әдалатлықты әдеп-икрамлылық пенен теңлестиреди. Наўайы ўатансүйиўшилик, мийнетсүйгишлик, расгөйлик, кемтарлық, әдалатпарўарлық инсан ушын әдеп-икрамлылық нормаға айланады, бул болса әдеп-икрамлылық, адамыйлықдур. Наўайы этикасында мийнетсүйгишлик улуғланады, инсанның еркинлигин тән алады, ҳәмде ол әдеп-икрамлылық тәрбия мәселесине үлкен орын береди, кексе әўладлар, жаслар алдында өз миннетлерине ийе екенликлерин көрсетип, кексе әўладты жасларға тәлим-тәрбия бериў ушын өз ўақтын аямаслыққа шақырады.

Бизге мәлим болғанындай, Наўайының қосық ҳәм дәстанларында илгери сүрген моральлық принциплер ҳәм унамлы қаҳарманлар образында өз көринисин тапқан әдалат, миннет, мәртлик, муҳаббат, кишипейиллик сыяқлы адамгершиликли пазыйлетлер көп жазылған. Наўайы өз шығармаларында адам қәдир-қымбатын биринши орынға қояды. Ар-намыс, ҳуждан, сабыр-тақаат, қанаат сыяқлы түсиниклердиң мазмунын ҳәр тәреплеме ашып береди.

Уллы ойшылдың «Маҳбуб-ул-қулуб» шығармасы, әсиресе, Тимурийлер дәўириниң этикалық тәлийматының раўажланыўына үлкен үлес қосты. Үш бөлимнен ибарат бул шығармада суфий диний-этикалық моралы жазылып қоймастан, пүткил мусылман Шығысының этикалық тәлийматының териялық машқалалары көтериледи. «Махбул ул-қулуб»да кәмил инсан машқаласы өзине тән тәризде ортаға тасланады. Дәстанда кәмил инсан

идеясы ҳәм миллий, ҳәм улыўма адамзатқа тән мазмунға ийе болған, оған тән ең жоқары руўхый ҳәм дене саламатлығын жәм еткен, оны бәркулла жақсылыққа бағдарлайтуғын идея сыпатында өз көринисин тапқан.

## Хусайн Ваиз Кашифи

Орта Азияда философиялық ҳәм әдеп-икрамлылық ой-пикирлердиң раўажланыўында Хусайн Ваиз Кашифидиң этикалық көз-қараслары да үлкен әҳмийетке ийе.

Хусайн Ваиз Кашифиден көплеп илмий, көркем шығармалар мийрас болып қалған. Дереклерден мәлим болғанындай, ол әдеп-икрамлылық, әдебияттаныў, тарийх, химия, математика, музыка, шешенлик өнери, дин тарийхы ҳ.т.б. илимлерге бағышланған 200 ден аслам шығармалар жазған. Ол Ҳадисти, Қураный Кәримди ядтан билген, ҳәттеки, Қуранның әпиўайы халыққа түсиникли болыў ушын төрт китаптан ибарат түсиндирме-комментарийлер де жазған.

Кашифи терең этикалық мазмунға ийе «Ахлоқи Муҳсиний», «Рисолати Хотамиа», «Анвори Сухайли», «Қалила ва Димна» сыяқлы оннан артық шығармалар дөреткен. Бул шығармалардың айрымлары Париж, Лондон, Берлин қалаларындағы  китапханаларда сақланбақта.

Кашифий әдалат түсинигине айрықша тоқтап өтеди ҳәм оны ҳәр тәреплеме анализлейди. Ол әдалатты инсанның ең жақсы пазыйлети, әдалатсызлықты болса жаман адамлардағы ең жаман иллет сыпатында талқылап, әдалаттың социаллық характерин ашып береди.

Кашифи жақсылық ҳәм жаманлық, ҳүждан, мийнет категориялары ҳаққында да ҳәр тәреплеме пикир жүргизеди. Оның пикиринше, мораль нормасы-адамлардың минез-қулық, ис-ҳәрекетлерин тәртипке салып турыўшы моральлық талаплар. Мораль нормалары социаллық мазмунға ийе болыўы менен бирге улыўма адамзатлық характерге де ийе. Ол инсанның ис-ҳәрекетин басқарып отырады.

Буннан тысқары Хусайн Ваиз Кашифи әдеп-икрамлылық ҳәм қатнасық мәденияты мәселелерин де ҳәр тәреплеме изертлейди.

Хусайн Ваиз Кашифи мораль нормаларын адамларда болыўы шәрт болған инсаный адамгершиликли пазыйлетлер деп түсинеди ҳәм оларды ҳәр тәреплеме изертлеўге ҳәрекет етеди. Оның философиялық ҳәм этикалық тәлийматы бүгинги күнде де үлкен әҳмийетке ийе.

**Жалаладдин Даваний**

Тимурийлер дәўиринде этикалық, әдеп-икрамлылық тәлийматларының раўажланыўында Жалаладдин Даваний де (1427-1502) үлкен үлес қосты. Оның моральлық машқалаларға бағышланған «Ахлоқи Жалолий» шығармасы XV- әсирдеги мусылман Шығысындағы этикалық тәлийматлардың жетискенлиги ҳәм кемшилигин өзинде сәўлелендирген. Шығарма үш бөлимнен ибарат болып, оның биринши бөлими тийкарғы моральлық түсиниклер болған әдалат, жақсылық, мәртлик, ҳадаллық сыяқлы адамгершилик пәзийлетлерди қылыўға, екиши бөлими: семья турмысы, бабалар тәрбиясы қатнасық мәденияты мәселелерине бағышланған. Китаптың үшинши бөлиминде болса қала мәденияты ҳәм патшалардың сиясат жүргизиўи, пухаралардың қала (ҳүкимет) басшылары менен өз ара мүнәсибетлериниң қалайынша әмелге асырылыўы керек екенлиги ҳаққында сөз етиледи.

Орта әсирлер мусылман Шығысында моральдың мазмунын түсиндириўде ҳәм әдеп-икрамлылықты халыққа тарқатыўда ҳәр қыйлы нәсиятнамалар болған көркем-дидактикалық шығармалардың да әҳмийети үлкен болды. Олар ушын улыўмалық болған белгилердиң бири - бул моральлық нормаларды, принциплерди, әдеп-икрамлылық мәденияты усылларын көпшиликке түсиникли тилде, рәңбәрәң формаларда, қызықлы ҳикаялар менен тыңлаўшыға жеткериў болып табылады. Усы көзқарастан нәсиятнамалар әдеп-икрамлылық тәрбияның Шығысқа тән болған үлгиси сыпатында хызмет етип келди ҳәм еле де хызмет етпекте.

Олардын ең танымалы дәстанлардан бири III-IV әсирлерде жаратылған әййемги ҳинд әдебий-дидактикалық естелиги «Пангататра». Ол бизде «Қалила ҳәм Димна» аты менен белгили. Ол өзбек ҳәм қарақалпақ тиллерине

аўдарма исленген. Биз шығарманы оқыған ўақытымызда көз алдымызда еки дүнья пайда болады: бири - инсап, әдалат, диянат, ҳадаллыққа сүйенген, әдеп-икрамлылық пазыйлетлердиң бирлиги болған инсанлар дүньясы, жақсылық әлеми, екиншиси жалғанды, қыянатты, пәсликти өзине кәсип етип алған, барлық жаман иллетлерди бойына сиңдирген жаман адамлар дүньясы яғный жаўызлық дүньясы. Мине усы жақсылық ҳәм жаманлық, жаўызлық арасындағы гүрес шығарманың тийкарғы мазмунын қурайды. Бунда жоқары әдеп-икрамлылық адам ушын бахыт, ал әдепсизлик болса апатшылық екенлиги әжайып гүрриңлерде, мысалларда өз орнын тапқан. «Қалила ҳәм Димна»ның формасы, композицион қурылысы, методологиялық тәреплери кейинги дәўирдеги нәсиятнамалар ушын көркем қәлип ролин атқарады.

Орта әсирлер мусылман Шығысында XI әсирде жаратылған Юсуф Хас Хажибтиң «Қутадғу билиг» (Бахытқа баслаўшы билим) ҳәм Кайкобустың «Қабуснама» шығармасы ең уллы шығармалардың бири болды.

«Қутадғу билиг» 13000 қатардан ибарат, әдеп-икрамлылық, мораль, сиясат мәселелерине арналған монументал шығарма. Шығармада жақсылық ҳәм жаманлық, жаратыўшылық ҳәм жаўызлық, ҳадаллық ҳәм ҳарамлық түсиниклериниң мазмуны көркем сөз арқалы қосық қатарларында, нақыл-мақалларда ашып бериледи.

«Қутадуғу билиг»те тек моральлық принциплер ямаса түсиниклер ғана емес, ал әдеп-икрамлылық мәденияты, этикет машқалалары да ортаға тасланады, тил менен қәлиб бирлиги әдеп-икрамлылықтың тийкары сыпатында анализ етиледи, бунда, әсиресе, инсанның ақыл-зәкаўатына үлкен әҳмийет береди.

Кәйқабустың «Қабуснама» шығармасында да жоқарыдағы айтылғанларға үлкен итибар бериледи. «Қабуснама» инсанның өмиринде жасаўы ҳәм оның искерлигиниң барлық тәреплерин өз ишине алыўшы нәсийҳат көрсетпелерден ибарат. Онда мийманға барыў, аўқатланыў, сөйлесиў әдебинен баслап тап моншаға түсиў, шахмат ойнаў әдебине шекем жазылған. Кайқобус жоқары әдеп-икрамлылыққа ерисиў еки түрде тәбийғый туўма ҳәм

тәрбия арқалы жүзеге келетуғынлығын айтады. Соның менен бирге, әдеп-икрамлылық тәрбиясы ҳәр еки жағдайда шәрт екенлигин айтады.

Улыўма айтқанда, орта әсирлер мусылман Шығысы еллеринде этикалық ҳәм раўажланыў дәўири болды. Бул раўажланыўға ислам дини, соның ишинде суфизм диний-философиялық тәлийматы күшли тәсир жасады.

## Мырза Бедил (1644-1721)

Мырза Бедилдиң шығармаларында тийкарғы машқалалар сыпатында инсан жәмийетиндеги мәселелер кең орын алған. Ол инсанның пәзийлетлерин. «әлем кемшиликлерин бир әлем  деп есаплайды. Әдеп-икрамлылық кемшиликлерин жоқ етиў менен байланыстырады. Инсан өмириниң мәниси, өмирди сүйиў, жасаў, жаратыў деп түсинеди. Бедил де әдалатлы жәмийетлик дүзимди әрман етеди. Бедил шығармаларында ақыл тәрбияға, инсанның мийнетине, илим-өнер мәселелерине үлкен итибар бериледи. Инсанның қәдир-қымбаты ҳәм бахыты мийнетте деп биледи.

## Орта әсирлик христиан этикасы.

Дәслепки христиан этикасы әййемги грек философлары Сократтың, Платонның, Стоиклердиң тәлийматларын өзинде жәмлестирип, Орта әсирлик теологиялық философияның тийкарында қәлиплести. Христианлық Рим империясында б.э. I әсирдиң екинши ярымында қуллардың, кәмбағаллардың, ҳуқықсыз пуқаралардың дини сыпатында пайда болды. Жерде, бул дүньяда теңликтиң, жақсы турмыстың орынланыўына үмит жойытып адамлар өзлериниң үмитлериниң иске асырылыўын ол дүньядан (арғы дүньядан) күтти. Дәслепки христианлықта езилгенлердиң теңликке умтылыў идеясы, императордың езиўшилигине қарсы наразылық, физикалық жумысқа жек көриўшилик идеялары фантастикалық сәўлелениўин тапты.

Орта әсирлик теологиялық (тоес-грек, қудай-логия тәлийматы) философия деп бизиң эрамыздың V-XVI әсирлери даўамында Европада тарқалған дүньядағы ең уллы баслама сыпатында Қудайды, ол дүньядағы затларды ол тәрепинен дөретилген нәрселер деп тән алынатуғын диний-философиялық бағдарға айтамыз. Теологиялық философия ертедеги

христианлық, антикалық философия тийкарында V әсирде Рим империясында пайда болды ҳәм V-X әсирдиң (Батыс Рим империясының қулаўы дәўиринде) ҳәм Ояныў дәўириниң басланыўы менен өзиниң раўажланыў шыңына шықты. Орта әсирлик теологиялық философияның тийкарғы ўәкиллери болып Тертуллиан Карфагенский, Августин Блаженный, Фома Аквинский ҳ.т.б. саналады.

Орта әсирлик христиан этикасы кескин иррационализм ҳәм мистицизм менен қудайға сыйыныўшылықты, мақтаў менен барлық руўхый турмысты диний догмалар тийкарында сәўлелендириўге умтылыўы менен ажыралып турады.

Орта әсирлик схоластикадағы жарқын фигуралардың бири Фома Аквинский (1225-1274 ж.ж.) болды.

Фома Аквинский схолостиканы системаластырған, Орта әсирдиң ири теолог-философы, Католик ширкеўиниң үстем бағдарларының бири - томизмди раўажландырған, доминаканлы монах.

Фома Аквинскийдиң тийкарғы шығармалары: «Теологияның суммасы», «Философияның суммасы», «Библияға комментарий», «Аристотель шығармаларына комментарий» ҳ.т.б.

Ол әдеп-икрамлылық, баҳалылықлар системасын қудайлық исенимге өткерип, Аристотельдиң этикасын христианлық тәлийматына сәйкеслендириўге ҳәрекет етти. Фома Аквинский өзиниң диний-этикалық тәлийматында ҳәр бир адамның өз еркинлигине ийе екенлигин баян етеди. Ҳақыйқатында да адам моральлық баҳалылықларға ийе болыўы ушын оған қудай тәрепинен күш-ғайрат керек, адамның өзи жақсылық жаратыўға бейим емес, - дейди ол. Фома Аквинский адамлардағы қәсийетлерди еки түрге бөледи: гражданлық (пуқаралық) ҳәм теологиялық (диний) деп. Биринши түри: тек адамларға, ал екинши - қудайға болған қатнасларды көрсетеди. Оның пикиринше, адам ушын тек пуқаралық қәсийетлер жеткиликсиз, неге десеңиз ҳәр бир адамның еки периштеси болады; биринշиси - жақсылық, ол тек адамларды тек ғана жақсылыққа, жақсы ислерге, ал екиншиси - жаманлық (шайтан) болып, ол адамды тек ғана жаман ислерге баслайды.

Егерде, ең биринши гүнәкарлық жүз бермегенде (бунда Адам-Ата ҳәм Ҳаўа Ененин жәннеттен қуўылғанлығы ҳаққындағы әпсанаға тийкарланады) адамда тек бир ғана - жақсылық периштеси болып, ол өз күш-қуўаты менен аңсат ғана кәмалға келген болар еди. Енди болса тек ғана қудай тәрепинен, оған сүйенип ғана мурат-мақсетке жетиўге болады. Усы себеплери адамның минез қулқындағы тийкарғы нәрсе - ширкеўдиң көрсетпелерине бойсыныў, соған ылайық ис алып барыў болып есапланады.

Орта әсирлерде жасаған басқада философлар Фома Аквинский сыяқлы этикалық идеялар мәңги, олар қудай тәрепинен белгиленген ҳәм өмир шәраятларына байланыслы емес деген көз-қарасларды тарқатады.

Улыўма алғанда Орта әсирлердеги христиан этикасы төмендеги белгилери менен, яғный, моральдың тәбияттан тысқары негизи ҳаққындағы тәлийматы менен, ҳәмме нәрсени көриўши ҳәм әдил қудайды ҳәм аскетизмди мақтаў ҳ.т.б. менен характерленеди.

## Немец классикалық философиясы ўәкиллериниң этикалық көз-қарaслары

Биз француз материалист-философларының этикалық тәлийматлары ҳаққында сөз еткенимизде, XVIII әсирде жасаған француз материалист-философлары Дидро, Ламетри, Гельвеций ҳәм Гольбахтың этика илиминиң раўажланыўына өзлериниң үлкен үлес қосқанлығын ҳәм моральлық проблемаларды илимий тийкарда шешиўге ҳәрекет еткенлигин көремиз.

Француз ағартыўшылық дәўиринде Гельвеций этикасы тән болды. Сол ўақыттағы раўажланып баратырған буржуазияның ортаңғы қатламларына арналып бул этика қыйын турмыстан бас тартыўшы ҳәм бахытқа умтылыўшы, өзиниң әпиўайы турмыслық талаплары менен көзге тасланатуғын адам тәбиятын өзине тийкар етип алады. Адамлардың ойлаў уқыплылығының тәбийғый теңлиги, ақыл-ой жетискенликлери менен санаат жетискенликлериниң бирлиги, адамның тәбийий мийримлилиги, тәрбияның уллылығы - булардың ҳәммеси Гельвецийдиң этикалық системасының тийкарғы моментлер болып есапланады.

Гельвецийдиң пикири бойынша объектив дуньяның ҳәрекет нызамларына бағынғанлығы сыяқлы, адамның руўхый дүньясында жеке мәп нызамына бағынған. Жеке мәп нызамы- әдеп-икрамлылық жақтан жетилисиўге алып келеди. Нызам болса жеке ҳәм жәмийетлиликтиң өз ара ҳәрекетин тәртиплестириў керек.

Гельвецийдиң этикалық тәлийматы бойынша ҳәр бир адамның бахтлы болыўға ҳуқықы бар. Ол адамлардың ақыл-ой уқыплылығының теңлигин мойынлады ҳәм бахыттың материаллық дерегиниң теңлестирилиўин талап етти.

Улыўма алғанда, Гельвецийдиң көз қарасы этика адамзат бахты ушын ҳәрекет етиў керек.

Гельвеций тәлийматына П.Гольбахтың көзқараслары жүдә жақын келеди. Оның пикири бойынша жәмийетлик мәплер менен сәйкес келетуғын өзин өзи сүйиўшилик, әдеп-икрамлылықтың критериясы хызметин атқарады. Адамларды тәрбиялаўда қоршаған орталықтың, мәмлекеттиң ролиниң жүдә үлкен екенин көрсетеди.

Жуўмақластырып айтқанда, XVIII әсирдеги француз материалистлериниң этикасы төмендеги белгилери: жеке адамның азатлығы, феодаллық езиўшилик формаларына қарсы гүрес руўхы менен суўғарылғанлығы, моральды сиясат ҳәм нызамлылық пенен бириктириўге умтылыўы, адамды әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўда қоршаған орталықтың ролин тастыйықлаўы ҳәм гуманизмге бағдарланғанлығы және де сол дәўирдеги раўажлана баслаған буржуазия класының моральлық принциплерин тастыйықлаўы менен характерленеди.

Социал утопистлердиң этикалық көзқарасы ҳаққында сөз еткенимизде, француз ойшыллары Анри Сен Симон (1760-1825 ж.ж.) ҳәм англичан ойшылы Роберт Оуэнниң (1771-1858 ж.ж.) әдеп-икрамлылық тәлийматларына тоқтап өтемиз.

Социал утопистлер өзлериниң көз-қарасларында еркин ҳәм әдил жәмийет ҳаққындағы иллюзияларды раўажландырады олардың моральлық

принциплерин әдеп-икрамлылықты оның раўажланыў нызамларын тәбийттың нызамларынан бөлип алыўға ҳәрекет етеди.

Социал утопистлердиң пикири бойынша адам өзиниң тәбияты бойынша жаўызда емес, мийримли де емес, тәбият оған көплеген қәсийетлерди берген ҳәм олардың раўажланыўын әмелге асырған. Бирақ көп нәрсе материаллық сиясий жағдайдан адамның өзин-өзи жетилистириўине умтылыўынан ғәрезли. Бахыттың сағасы, дереги - адамлардың искерлигинде олардың жәмийет мәпи ушын мийнет етиўинде деген пикирди алға сүреди. XVIII әсирдиң ақыры XIX әсирдиң биринши ярымында Германияда этикалық ой-пикирлердиң раўажланыўы немец классикалық философиясы ўәкиллериниң философиялық, этикалық көз-қарасларында өз сәўлелениўин тапты. Олардың бири Иммануэль Кант (1724-1804 ж.ж.) болып есапланады.

И.Кант өзиниң этикалық тәлийматында автономлы мораль теориясын, яғный сыртқы себеплердиң ғәрезсиз мораль теориясын дүзиўге ҳәрекет етти. Оның этикалық концепциясының орайында әдеп-икрамлылықтың негизин белгилейтуғын миннетли, ўазыйпалық идеясы турады. Миннет сезиминен емес, ал басқа себеплер менен исленген ҳәр қандай ҳәрекетти Кант моральсыз, әдеп-икрамлылық баҳалылыққа ийе емес ҳәрекет деп қарайды. Улыўмаластырып айтқанда, Канттың этикасы, бул избе-изли, ригоризм болып есапланады.

Канттың пикири бойынша, ҳәр қандай адам ушын миннетли (имперетивность) болған қәсийетке ийе қандай да бир абсолют әдеп-икрамлылық нызамы бар. Кант императивлердиң (миннетлердиң) еки түрин айырып көрсетеди: гипотетикалық яғный қандай да бир сыртқы мақсетлер, себеплер менен тийкарланған талаплар; ҳәм категориялық олар ҳәр қандай жағдайдан ғәрезсиз түрде ылайықлы минез-қулықты буйырады.

Канттың автономлы мораль концепциясында жеке адамның келип шығысынан, дининен, миллетинен ғәрезсиз оның тең ҳуқықлылығы ҳәм бирдей жуўапкершилиги ҳаққындағы талапларды жәриялаған француз буржуазиялық революциясының идеялары сәўлеленген. Бирақ XVIII әсирдиң ақырындағы Германиядағы жағдайдың өзгешелигине байланыслы бул

талаплар кескин абстракт формаға ийе болды. Адамның «ерки (добрая воля)» реал турмыста ҳәр қыйлы қумарлылық, тилеклер мүтәжликлер менен бурмаланатуғын есапқа алып, Кант жердеги өмирде ерк пенен миннет арасындағы гормонияның мүмкин бола алмайтуғынлығын мойынлайды бул гормония оннан тысқары да яғный индивидтиң жеке мәңгиликке ерисиўи арқасында ғана әмелге асыўы мүмкин. Усы тийкарда Кант өзиниң көзқарасында диний концепцияны ийелейди.

Кант өзиниң әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлийматына үш постулатты киргизеди. Биринши: ҳәр бир адам ишки сезими менен категориялық императивти сақлаўға бағдарланған абсолютлик, автономлы әдеп-икрамлылық еркине ийе; екинши: жердеги өмирдиң қысқа болғанлығы себепли адам әдеп-икрамлылық идеясына жетисе алмайды, қудайға исеним менен ол өзиниң жанын мәңгилестиреди. Үшинши адамлардың адамгершилик қәсийетлерине қарай байлықларды, бахытты әдил бөлистириўди жердеги өмирди иске асырып болмайды, бирақ ол дүньяда қудай адамды оның моральлық баҳалылығына сәйкес баҳалайды.

И. Кант пенен бир қатарда немец классикалық философиясының көрнекли ўәкиллериниң бири Георг Вильгельм Фридрих Гегель болып есапланады. Ол объектив идеализм позициясынан Канттың бурмаланған абстракт этикасын критикалады. Гегель, адам жәмийетлик мақлуқ бола турып сыртқы ҳәм ишки деп екиге бөлине алмайды; адам сыртқы көриниси бойынша қандай болса, яғный өзиниң ҳәрекетлеринде қандай болса ишки дүньясы сондай деп есаплайды.

Гегельдиң этикасы, яғный әдеп-икрамлылық ҳаққындағы тәлийматы өз ишине 1) абстрактлик ҳуқықты, 2) моральды, 3) әдеп-икрамлылықты қамтыйды. Ҳуқық (тезис) - бул сыртқы зәрүрликке бағыныўы, еркинликтиң болмаўы. Мораль (антитезис) - субъективлик сана, индивидтиң ҳүжданы. Әдеп-икрамлылық (синтез) - шын еркинлик, ҳуқық ҳәм моральдың, зәрүрликтиң ҳәм субъектив еркtиң биригиўи. Гегель әдеп-икрамлылықтың раўажланыўының формаларын атап көрсетип семья, пуқаралық жәмийет ҳәм

мәмлекет өзиниң итибарын усы социаллық формаларға қаратыў керек деген пикирди айтады.

## Моральдың мәниси, функциялары ҳәм принциплери

Мораль ҳәр бир шахс ямаса миллеттиң таўсылмас руўхый күш-қуўаты. Соның менен бирге мораль адамгершиликтиң, адамдағы ишки гөззаллықтың көриниси. Жоқары адамгершилик белгилерин өзинде жәмлестириў ҳәм оларға әмел қылыў инсаныйлықтың ең әҳмийетли белгиси. «Инсан» деген уллы атқа ерисиў ушын ҳәр бир адамнан адамгершилик нызамларына әмел қылыў ҳәм өз ис ҳәрекетлерин ҳүждан тәрезисинде өлшеп көриў талап қылынады.

«Адам болыў» дегенниң мәниси бул адамның ақыл-зәкаўатлы болыўы, өзин ҳәр қыйлы бузық ислерден аўлақ услаўы, бәркамаллыққа ерисиўи болып табылады. Инсанның бәркамаллылығы оның жақсылығында, басқалар ушын ислеген пайдалы ис ҳәрекетлеринде көринеди. Адамды мине усы жақсылыққа, бәркамаллыққа алып келиўши илим-мораль есапланады. Күнделикли турмыста адамлар арасындағы болатуғын қатнасықларда «жақсы» ямаса «жаман» деген моральлық мазмунда баҳа бериледи. «Жақсы» адам дегенде оның моральлық тәреплери нәзерде тутылады: ҳадаллық, адамгершилик, әдеплилик, меҳр, ҳүждан, ийман, ўәдеге ўападарлық, инсап ҳ.т.б. Булардың ҳәммеси адамның инсаныйлығын сыпатлайтуғын белгилери. Керисинше «жаман» адам дегенде жыртқыш ҳайўан тәризли ашкөз, әмелпараз, дүньяпараз, әдепсиз, ҳүждансыз, иймансыз, инсапсыз, қандай жол менен болса да дүнья табыўға, абырай арттырыўға умтылатуғын адамлар көзде тутылады. Жәмийетлик турмыста адамлар бундай пәс тайпадағы адамлар менен қатнас жасаўдан аўлақ болыўға ҳәрекет етеди. Жақсы адамлар менен дос болыўға, жақсылыққа қарай умтылады, руўҳый жақтан жетилисиўге ҳәрекет етеди. Адамды мине усы жақсылыққа, руўхый жақтан жетилисиўге, бәркамаллыққа алып келиўши илим-мораль есапланады.

Моральды анализлеўде ҳәм оның конкрет формаларын баҳалаўда оның мазмунындағы класслық аспектлерди абсолютлестириўди ҳәм итибардан

шетте қалдырыўымызға да болмайды. Себеби мораль өзиниң мәниси бойынша улыўма адамзатлық, цивилизациялық мазмунға ийе.

Улыўма адамзатлық дегенде биз әдетте әдеп-икрамлылықтың қарапайым нормаларын түсинемиз. Олар адамлардың өз-ара қатнасларында узақ жыллар даўамында реаль өмир сүрген ҳәм қәлиплескен тәртиплердиң санада сәўлелениўи болып табылады. Жәмийетлик турмыстың бул элементар қәделериниң социаллық хызмети соннан ибарат, олар жәмийет ағзаларының ден саўлығына, қәўипсизлигине, қәдир-қымбатына ҳ.т.б. қәўип туўдыратуғын ҳәр қыйлы иллетлерден қорғаў.

Моральдың адам минез қулқын ретлестириўши усыл ретиндеги айрықшалығы соннан ибарат, ол моральлық нормаларды сақлаўды мәжбүрлеўши арнаўлы мекемелерге (ҳуқық нормаларын сақлаўды мәжбүрлеўши тиккелей мәмлекет күшине сүйениўши ҳуқықтан өзгешелиги) тиккелей сүйенбейди. Мораль адамның исеним күшине, жәмийетлик пикирге, тәрбия, дәстүр, жеке адамның яки шөлкем ямаса мекемелердиң әдеп-икрамлылық абырайына сүйенеди. Сонлықтан моральлық нормалар тәртип ҳәрекеттиң ретлеўшиси сыпатында анық исленген ҳәм қатаң белгиленетуғын юридикалық нормалар сыяқлы болмайды. Соның менен бирге олар адамлар арасындағы мәмлекетлик органлар ямаса жәмийетлик шөлкемлер тәрепинен ретлестирилмейтуғын (дослық, жолдаслық, муҳаббат ҳ.т.б.) қатнасларға да қолланылады.

Солай етип мораль улыўма сана сыяқлы тарийхый, социаллық қубылыс, ол адамзат жәмийетинде ғана болады ҳәм раўажланып барады. Этика тарийхында адамның минез-қулқына, талаплардың белгили жыйындысы түринде мораль қашан ҳәм қалайынша пайда болды деген сораўларға жуўап бериўге қаратылған көплеген ҳәрекетлер болды. Бул сораўға жуўаптың берилиўине қарай этикалық теорияларды еки типке ажыратып қараўымызға болады.

Гетерономлық мораль теориялары моральдың шығысы қандай да бир моральдан тысқары факторларда деп есаплайды: қудайда (теологиялық этика), материаллық ҳақыйқатлылықтың ҳәм адамның субьектив санасының

арғы тәрепинде жайласқан мәңги ҳәм өзгермейтуғын қандай да бир идеал мақлуқларда (Платон этикасы) ҳ.т.б.

Бул теорияларға қарама-қарсы автономлы мораль теориялары моральды өзине тән болған ишки, жеке нызамларынан келтирип шығарады. Бундай теорияның айқын классикалық мысалы ретинде белгили немец философы И.Канттың тәлийматын келтириўимизге болады.

Моральдың өзине тән айырмашылықларының бири, мораль қандай да бир адам ҳәрекети сферасы менен шекленбеген, мәселен: илим-үйрениў, билим алыў сферасы, сиясат-класслар, мәмлекетлер арасындағы қатнасықларды үйренеди ҳ.т.б. Мораль болса барлық жерде де ушырасып адамлар қатнасығының ҳәмме сферасында-өндиристе де, турмыста да, семьяда да кең таралған. Моральдың басқа жәмийетлик сананың формаларынан айырмашылығы, ол ҳәр қыйлы социал-тарийхый мәселелерди шешиўге уқыплы, оған көп функциялылық ўазыйпасы тән. Сол көп функциялылық уқыбынан ол социал дүзимди беккемлеп қорғаўы ямаса қыйратыўы, адамларды бир-бирине қосып бириктириўи ямаса ажыратыўы мүмкин. Әдеп-икрамлылықтың өзине тән айырмашылығын түсиниў ушын оның атқаратуғын ролин, функциясын сиясат, ҳуқық, илим ҳәм искусствоның функцияларынан ажыратып қараўымыз керек.

**Сиясат ҳәм мораль.** Сиясат класслар, миллетлер, халықлар ортасындағы қатнасықларды билдиреди, адамлардың барлық идеологиялық тәсирлерине түсиниклерине сиңип барады соның менен бирге адамлардың кунделикли турмыста қолланатуғын мораль принциплери, норма қағыйдаларына тәсирлигин арттырады.

Сиясий мәдeният адамның ой-өрисин кеңейттиреди, жәмийеттеги болып атырған процесслерди, экономикалық, социаллық ҳәм руўҳый мәселелерди дурыс түсиниўине, халық аралық ўақыяларға дурыс баҳа бериўине, мәмлекет ишиндеги ҳәм дунья жүзиндеги болып атырған процесслер арасындағы байланысларды көре билиўине имканият береди. Адамның сиясий жақтан писип жетилискенлиги оның саналы мийнет

етиўинен, билимди табыслы өзлестирип алыўынан, жәмийетлик хызметке саналы түрде қатннасыўынан көринеди.

Солай етип, сиясат ҳәм мораль өз-ара байланыслы, бир-бирине тәсир етиўши күшлер. Мораль социаллық қатламлардың сиясий идеалларынан ғәрезсиз жасай алмайды, сиясат та сол жәмийеттеги социаллық қатламлардың (класстың) идеалларын беккемлеў, жәмийеттеги тийкарғы күшлердиң моральлық қоллап-қуўатлаўына мутәж болады.

**Ҳуқық ҳәм мораль.** Мораль ҳуқық пенен де тығыз байланыслы. Оның тийкарғы социаллық функциясы да, ўазыйпасы да мораль сыяқлы адамлардың жәмийеттеги ҳәрекетлерин тәртипке салыў болып есапланады. Бизге мәлим болғанындай класслық жәмийетке шекемги аралықта адамлардың минез-қулқының ҳәм социаллық нормаларды сақлаўының бирден-бир тәртипке салыўшысы мораль болып табылады. Жәмийеттиң классларға бөлиниўи минез-қулықтың ҳәммеге тең әдеп-икрамлылық нормаларының ҳәрекетте болыўына мүумкиншилик бериледи. Экономикада, демек сиясий надстройкада ҳәм ҳүким сүриўши социаллық топарлар жәмийеттиң пүткил ағзаларының минез-қулқын белгили бир тәртипке түсириўге умтылады. Ақыры өзлериниң ҳүкимдарлығын сақлап турыў, қорғаўындағы өндирис қатнасларына тәртипке түсирилген, татыў характерде көрсетиў булсыз мүмкин емес. Бул қәделерге мәмлекет миннетли характер енгизип, өзиниң қараўындағы барлық мүмкиншиликлер арқалы оларға миннетлилик санкциясын береди. Ҳәзирги дәўирдеги мораль ҳәм ҳуқықтың өзине тән спецификалық өз-ара тәсири мыналардан ибарат: базы-бир мораль нормалары мәмлекет тәрепинен юридикалық рәсмий-лестирилиўи менен ҳуқық нормаларына айланады, ҳуқық нормалары болса ҳәмме ўақытта этика мазмуны менен толықтырылып барады: айырым ҳуқық, мораль нормалары дәстүрлерге айланады ҳ.т.б.

Мораль ҳәм нызамды бир-бирине қарама-қарсы қойыўға болмайды. Олардың бирлиги ҳәм өз ара байланыслылығы узақ дәўирлерге сақланып қалады, себеби ҳуқық мораль сыяқлы адамлардың умтылыўын, жетискенлигин көрсетеди, жеке адам ҳәм жәмийеттиң өз ара қатнасығын

белгилейди, жәмийеттиң ҳәр бир ағзасына (миллети, жынысы, социаллық орнына қарамай) бирдей талаплар қойып, моральдағы теңлик принципи сыяқлы адамлардың нызам алдындағы теңлигин белгилейди. Мораль кейин пайда болған ҳуқық пенен бирликте адамлардың минез-қулқын тәртипке салыўшылық рольди атқара отырып, оннан мынадай әҳмийетли бир топар моментлер арқалы айырылып турады.

1. Мораль сондай тәртипке салыўшы система, ол жәмийеттиң раўажланыўының ҳәр бир формациялық ҳәм цивилизациялық басқышы ушын зәрүрли.

Ҳуқық болатуғын болса, тийкарынан тек «мәмлекетлик» формациялардың атрибуты болады ҳәм буларда мораль өзинше ҳуқықтан пүткиллей ғәрезсиз мәлим жәмийетлик тәртипке сәйкес адамлардың минез-қулық нормалары менен тәмийнлей алмайды.

2. Әдеп-икрамлық нормалар тек жәмийетлик пикир, ал ҳуқықый нормалар пүткил мәмлекетлик власть арқалы қоллап қуўатланады. Усыған ылайық әдеп-икрамлық санкцияда (мақуллаў ямаса айыплаў) идеаллық руўҳый характерге ийе: адам өзиниң минез-қулқының баҳаланыўын жәмийетлик пикир арқалы қабыл етип ҳәм оған сәйкес келешекке қарай дүзетип барыўы мүмкин. Ал юридикалық санкция награда ҳәм жазалаў болатуғын болса, жәмийетлик тәсирдиң мәжбурий шарасы характерине ийе.

3. Ҳуқықый әдеп-икрамлылық системалар категориялары да бир-биринен принциаль дәрежеде айырылып турады. Егер ҳуқықтың тийкарғы категориялары нызамлы ҳәм нызамсыз, заңлы ҳәм заңсыз (жөнли ҳәм жөнсиз) түринде көринис тапса, мораль ҳәм этиканың тийкарғы баҳалаў категориялары: жақсылық, жаманлық, әдиллик, ҳүждан, ар-намыс, қәдир-қымбат (адамгершилик) бахыт, өмирдиң мәниси ҳ.т.б. усаған көринислерге ийе болады.

4. Моральлық нормалар адамлар арасындағы мәмлекетлик органлар тәрепинен тәртипке салынатуғын қатнасларға ҳәм тарқалады (дослық, жолдаслық, муҳаббат ҳ.т.б.) (Қараңыз: Ю.Әлимбетов, Ә.Бердимуратова. Философия. Лекция текстлери. 2001.)

Илим, искусство ҳәм мораль-булар өз ара алмаспайтуғын дүньяны таныўдың үш тури. Ҳақыйқатлық мәселеси - бул илимий уйрениўдиң алдына қойған мәселеси, ал көркем образ искусствода, минез-кулық нормалары проблемасы болса моральда ең айрықша орынды ийелейди. Илим барлық ўақытта да жәмийетлик раўажланыўдың бир тәрепи ҳәм әдеп икрамлылық прогресси болып келди. Тек ғана жәмийетлик, социал-гуманитар илимлер емес, тәбият таныў илимлери де, дәл илимлерде адам проблемалары менен байланыслы, адамзат ушын хызмет етеди, демек онда олар мораль менен тиккелей қатнасықта болады. Ҳақыйқатлық-тек ғана илимий емес, ал моральлық талап етиўшилик, ол қандайда бир ўақыядан, ҳәрекеттен, факттен дурыс жуўмақ шығарыўға, оған дурыс баҳа бериўге жәрдем етеди. Соның менен бирге илимий ҳақыйқатлық илимпаздан ҳақ кеўиллик, адамгершилик, принципиаллық, шынлық усаған моральлық қәсийетлерди талап етеди.

Мораль искусство менен де тығыз байланыслы. Мораль ҳәм искусство жәмийетлик сананың ҳәм адамның руўхый-практикалық ҳәрекетиниң бир-бири менен тығыз байланыслы еки формасы. Мораль сыяқлы искусствода адамның өзин-өзи түсиниўине, өмирдеги өз орнын табыўға жәрдем береди.
Искусствоның көпшилик мазмунын мораль проблемалары қурайды, себеби искусство шынлығында жақсылық ҳәм жаманлық, бахыт, өмирдиң мақсетин мазмунын сәўлелендиреди.

Мораль-адам ҳәм жәмийет ортасындағы обьективлик өз ара байланыслардың психологиялық ҳәм идеологиялық формасы, улыўмалық ҳәм индивидуал мазмунды жәмлестириў зәрүрлигиниң пайда болыўы болып есапланады. Мораль қурамалы социаллық қубылыс болып өз ишине моральлық сананы, моральлық искерликти ҳәм әдеп-икрамлылық қатнасықларды қамтыйды.
Моральлық искерлик-ҳәр қандай тараўдағы адам искерлигиниң сапа-лық белгиси, аспекти, тәрепи сыпатында қаралады. Бул тараўлар сиясий, мийнет, турмыс тараўы болыўы мүмкин.

Моральдың екинши структуралық элементи-әдеп-икрамлылық қатнасықлары. Олар адамлардың моральлық искерлиги процессинде

киресетуғын ғәрезсиз байланыслардың жыйындысы сыпатында жасайды. Өз гезегинде обьектке байланыслы әдеп-икрамлылық қатнасықлары ҳәр қыйлы түрлерге ажыралады.

Моральдың структурасының үшинши элементи-моральлық сана. Моральлық сана жәмийетлик сананың спецификалық формасы. Ол жәмийетлик қатнасықларды сәўлелендириўши түсиниклердиң ҳәм көз-қараслардың жыйындысы болып есапланады.

Моральлық санада еки дәрежени айырып көрсетиўге болады: сезимлик-эмоционаллық ҳәм рационаллық. Моральлық сананың сезимлик-эмоционаллық дәрежеси әдеп-икрамлылық сезимлериниң жыйындысы болып есапланады.

Психология тәрепинен исленген улыўма сезимлер теориясы әдеп-икрамлылық сезимлерин, жеке адамның руўхый талаплары менен байланыслы болған ең жоқарғы сезимлерге тийисли деп есаплайды. Адамға белгили бир ҳәрекетлерди, өзин қалай услаўды буйырыўшы сезимлерди моральлық сезимлерге тийисли деп есаплаў мүмкин. Бундай сезимлер уялыў, өкиниў, ҳужданлық азап шегиўшилик ҳ.т.б. усаған ҳәр қыйлы эмоционаллық аўҳаллар түринде көринетуғын миннет ҳәм ҳүждан сезимлери.

Моральлық сананың рационал дәрежеси-нормативли-баҳалылықлы мәниске ийе түсиниклердиң айрықша бир түри болып, бул түсиниклер моральлық нормалар, әдеп-икрамлылық принциплери ҳәм идеаллары болып табылады.

Моральдың тийкарғы функцияларына регулятив, тәрбиялық ҳәм билим таныў (гносеологиялық) функциялары киреди. Этика тараўын изертлеўши көплеген илимпазлар регулятив функцияны моральдиң баслы функциясы деп есаплайды. Адамлардың бир-биреўине, семьяға, социаллық қатламға улыўма жәмийетке қатнасын тәртиплестириў биринши гезекте әдеп-икрамлылыққа жүкленген. Моральдың бул функциясының ҳәрекет етиў сферасы ҳәм нәтийжелилиги жәмийетлик дүзимниң характерине де байланыслы болады.

Жәмийетлик турмыста мораль жеке адамды қәлиплестириў усаған әҳмийетли ўазыйпаны атқарыўшы, тәсирли тәрбия қуралы болып есапланады.

Адамзаттың әдеп-икрамлылық тәжрийбесин өзинде жәмлеп, мораль бул тәжрийбени ҳәр бир жаңа әўлад ушын берип отырады. Моральдиң тәрбиялық функциясы да усыннан ибарат.

Жәмийетлик сананың формасы ретинде мораль сондай-ақ билим таныў функциясында атқарады. Өзиниң мәниси бойынша жәмийетлик болмыстың сәўлелениўи бола турып, моральлық сана өзиниң спецификалық түсиниклеринде жәмийеттиң ҳәм жеке адамның прогрессив раўажланыўы ҳәм турмысы ушын әҳмийетли болған адамлардың өз ара қатнасықларының зәрүрли тәреплерин билдиреди.

Жәмийеттиң тарийхый раўажланыў барысында этикада әдеп-икрамлылық баҳалылықларын сәўлелендириўши тийкарғы түсиниклер системасы яғный категориялар қәлиплести. Бул тийкарғы категориялар қатарына жақсылық ҳәм жаманлық, миннет, ҳуждан, ар-намыс ҳәм қәдир-қымбат, бахыт, өмирдиң мазмуны усаған категориялар киреди.

Этика категориялары - бул белгили бир жәмийеттеги әдеп-икрамлылық қатнасықларының спецификасы ҳаққында бир тутас көзқарас пайда етиўши моральлық сананың ең улыўмалық ҳәм негизги түсиниклери болып есапланады. Моральлық сананың ҳәм этиканың категорияларының характерли өзгешелиги: булар олардың сәўлелендириўшилик функциясы, конкрет-тарийхый мазмуны, баҳалаўшылығы, нормативлиги, рационаллықтың ҳәм эмоционаллық-психологиялықтың бирлиги, оларда қарама-қарсы полярлы басламалардың сәўлелениўи (жақсылық ҳәм жаманлықтық, бахыт ҳәм бахытсызлық, әдалат ҳәм әдалатсызлық ҳ.т.б.) болып табылады.

Жақсылық ҳәм жаманлық моральлық сананың тийкарғы түсиниклеринен есапланады. Усы түсиниклер арқалы адамның ис ҳәрекетлери, оның барлық искерлиги баҳаланады. Бул түсиниклер моральлық сана тәрепинен ертеден-ақ исленип шығылған. Этиканың тарийхы соны көрсетеди, адамлардың жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққындағы пикирлери жәмийеттиң раўажланыўының конкрет тарийхый жағдайларынан ҳәм анаў

ямаса мынаў этикалық теорияның қандай класслық мәплерди билдиргенлигинен ғәрезли турде өзгерип отырады.

Жақсылық - бул адамлар арасындағы қатнасықларда адамгершиликтиң өсиўине, жәмийетлик прогресске жәрдем етиўши айырым адамлардың ямаса социаллық группалардың ҳәрекетлери, олардың ҳәрекетлериниң нормалары, мотивлери, мақсети, әдеп-икрамлылық қәсийетлери болып табылады. Жақсылық бул кеўилдиң, қәлиптиң айдынлығын жүректиң тазалығын көрсетиўши инсаний пәзийлет. Жақсылық исеним, меҳр-ақыбет сыяқлы әдеп-икрамлылық сыпатлары менен ажыралмас байланысқа ийе. Жақсы пикирлер, жақсы сезимлер, жақсы ислер адамның кеўлин таўдай көтерип, қәлбине қуўаныш бағышлайды.

Жақсылық шын мәнисинде инсаныйлық болып, ол халқымыздың инсанпәрўарлық көзқарасларын, қуўанышларын сәўлелендиреди. Ата-бабаларымыз өз турмысында барлық ўақытта жақсы нийет пенен, арзыў-үмитлер қанатында жасап келген ҳәм олар өзлериниң жақсы ислери, ислеген жақсылықлары арқалы дүньяға даңқ таратқан. Сақыпқыран Әмир Тимур, Әлишер Наўайы, Мырза Бабур сыяқлы мәмлекетлик искер ҳәм ойшыллар өзлери жасаған дәўирде ҳәмме ўақытта адамларға жақсылық етиў мақсетинде жасаған. Өз дәўиринде Әмир Тимур «Жақсыларға-жақсылық қылдым, жаманларды болса өз жаманлығына тапсырдым. Ким маған дослық қылған болса, дослығы қәдирин умытпадым ҳәм оған мириўбет, ҳүрмет-иззет көрсеттим» - деген еди.

Моральлық жаманлық-бул адамлар арасындағы қатнасықларда адамгершилик қәсийетлердиң өсиўине ҳәм жәмийетлик прогресске қарама-қарсы келиўши ис ҳәрекетлер, нормалар ҳәм идеаллар жыйындысы болып табылады.

Адамның минез қулқында миннет ҳәм ҳуждан белгили бир мораль нормалары ҳәм әдеп-икрамлылық принциплери бойынша ҳәрекет етиўдиң ишки талабы сыпатында хызмет атқарады. Жеке адамның жәмийетке социаллық қатламға, жәмәәтке, басқа адамға ҳәм өзине болған қатнастағы моральлық ўазыйпалары миннет сезиминде беккемленеди.

Моральлық сананың бул элементлериниң спецификалық функциясы соннан ибарат, олар жәмийетлик ўазыйпаларды миннетлерди адамның өз қәлеўине, еркине айландырады. Өзиниң тәбияты бойынша моральлық сананың бул түсиниклери тарийхый раўажланыўдың өними болып табылады. Тарийхый жақтан индивидуаллық моральлық сананың тури сыпатында биринши гезекте ҳүждан пайда болыўы итимал. Ол адамның өзиниң ис-ҳәрекетиниң әдеп-икрамлылық мәнисин сезиў ҳәм билиў уқыплылығы, адамның өзине ҳуқық шығарыўшы ишки судья ретинде қаралынады. Миннет - әдеп-икрамлылық сананың қубылысы ретинде жеке адамның әдеп-икрамлылық жуўапкершилигиниң күшейиўи ҳәм моральлық еркинликтиң өсиўи менен бирге кейинирек пайда болды. Өзиниң негизи бойынша миннет ҳәм ҳүждан түсиниклери адамлардың жәмийетлик турмыс жағдайларының сәўлелениўи болып есапланады, соның ушын олардың мазмуны дәўирден-дәўирге, әўладтан-әўладқа берилип барады.

Миннет ҳәм ҳуждан көплеген улыўмалық қәсийетлерге ийе. Өзлериниң мазмуны бойынша адамның ис ҳәрекетлерин моральлық тәртиплестириўде уқсас функцияларды атқарады.

Өзбекстан Республикасының Конституциясында пухаралардың миннетлерине үлкен итибар берилген. Оның 11-бабында барлық пухаралардың Конституцияда белгилеп қойылған миннетлерди орынлаўға, нызамларға бойсыныўға, басқа адамлардың ҳуқықлары, еркинликлерин ҳүрмет қылыўға, Өзбекстан халқының тарийхый, мәдений ҳәм руўҳый мийрасын абайлап-сақлаўға, қоршаған орталыққа ықтыят мүнәсибетте болыўға, нызам менен белгиленген салықлар ҳәм жергиликли жыйымларды төлеўге мәжбур ҳәм Өзбекстан Республикасын қорғаў-Өзбекстан Республикасы ҳәр бир пухарасының миннети деп тастыйықланады.

Конституцияда көрсетилгениндей әскерий хызметти өтеў ҳәр бир жигиттиң әдиўли миннети есапланады. Өз миннетине садықлық ҳәр бир адамның әдеп-икрамлылығын белгилейди. Өз сөзиниң үстинен шықпаған, өз миннетин атқармаған адамлар халық арасында да абырайға ийе болмайды. Миннет өз-өзинен қәлиплеспейди, ол тәрбия процессинде раўажланып

барады. Миннетти тәрбиялаў процессинде адамның өз-өзине талапшаңлығы раўажланады. Нәтийжеде ҳәр бир адамда өз исине, билимине, күш-қуўатына исеним қарар табады. Миннет ҳәм ҳүжданды пәк тутыў, өз қәдир-қымбатын сақлай билиў ҳәр бир жас ямаса кексе адамның абырайын арттырады. үлкен жастағы адамларды ҳүрметлеў - бул ҳәр бир жастың миннети есапланады.

Ҳүждан-бул жеке адамның жәмийет алдындағы миннети ҳәм жуўапкершилигин субьектив түсинип жетиўи.

Ҳуждан да басқа базы бир моральлық категориялар сыяқлы баҳалаў белгисине ийе. Бирақ бул баҳалаў ҳеш қашан обьектке қаратылмаған, ол субьекттиң ис-ҳәрекетлерин баҳалайды, яғный онда субьект өзи ушын ишки обьект ўазыйпасын өтейди. Көпшилик жағдайда ҳүждан түсинигиниң орнында ийман түсинигин ушыратыў мумкин. Ийман тийкарынан диний түсиник. Лекин күнделикли турмыста ҳуждан түсинигиниң синоними ретинде қолланылады. Мәселен, кимди дур биреўди «ийманлы адам» дегенде, оның мусылманлыққа ийман келтирген-келтирмегени ҳаққында ойлап отырмайды, буның устине ол адам мусылман емес, христиан болыўы да мумкин. Бул жерде гәп ол адамның диндарлығы ҳаққында емес, ал оның ҳадал, ҳүжданлы, ҳақыйқатшыл екенлиги ҳаққында кетип атыр. Усы мәнисте ҳүждан менен ийманды бир-бирине жақын түсиниклер деп қабыл етиўимизге болады.

Тилекке қарсы айырым әдебиятларда ҳүждан категориясы түсинигине «субьектив» қубылыс сыпатында қарап әдалат, миннет, намыс сыяқлы түсиниклерди оған қарағанда социаллық жағынан әҳмийетлирек деп баҳалаў, оларды «жоқарыға шығарыў» ҳаллары да ушырайды. Өз-өзинен көринип турғанындай ҳүждансыз адамнан ҳешқашан әдалатты да, миннетке садықлықты да, ар-намысты да күтиў мүмкин емес. Ҳүжданлы, ар-намыслы адамлар ғана ҳақыйқый еркин, демократиялық, пухаралық жәмийетти қура алады.

Ар-намыс ҳәм қәдир-қымбат-адамды тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе болған этиканың ҳәм моральлық сананың тийкарғы категориялары. Мазмуны бойынша бир-бирине жақын болған бул түсиниклер адамның өз-өзине

қатнасын, жәмийеттиң адамға қатнасын ашып көрсетеди, адамның әдеп-икрамлылық баҳалылығын билдириў хызметин атқарады.

Ар-намыс түсиниги адамның ҳәм жәмийеттиң абыройында сәўлеленеди. Соның ушында ар-намыс шахстан жеке адамның өзиниң ямаса жәмәәттиң жәмийетлик абырайын көтериўши, оны қоллап-қуўатлаўшы минез-қулық ҳәм ис-ҳәрекетлерди талап етеди.

Намыс түсиниги бир тәрептен миннет пенен байланыслы болса, екинши жағынан қәдир-қымбат түсинигине де байланыслы. Намыс өзиниң мазмуны бойынша шахстың өз қәдир-қымбаттының жәмийет тәрепинен тән алыныўы ямаса тән алынбаўы мүнәсибети менен белгиленеди. Тийкарында намысқа салыстырғанда ар түсиниги тар мазмундағы (көлемдеги) түсиник. Биз ар-уятлы адам дегенде, өз сөзиниң устинен шығатуғын, өзиниң ар-уятын ҳәр қандай нәрседен жоқары қоятуғын адамды түсинемиз. Ары жоқ адам-өз атына қарап айтылып атырған сөзлерге бийпәрўа қарап, жумысын ислеп кете беретуғын, айтылған, айтылмаған жерге кирип бара беретуғын сурбет адам. Ар-уятқа қарағанда намыстың «тасы аўыр», ол социаллық белгиге ийе. Намыс жолында адам ҳәттеки өз өмиринен де ўаз кешиўи мумкин, адамлар өз намысы, семья намысы, миллет намысы деп гүреседи. Бул ҳаққында көплеген көркем шығармалар да жаратылған, тарийхта да көплеген анық фактлер бар. Мийнет, спорт сыяқлы тараўларда жәмәәт намысы да улкен әҳмийетке ийе, усы жерде намыс абырай тусиниги менен де байланысып кетеди. Булардың ҳәммеси инсанның өзин ҳүрмет қылыўы, өзине салыстырғанда әтираптағылардың ҳүрмет-изетин жоғалтпаў ушын өзин-өзи қадағалаў сезиминен келип шығады.

Қәдир-қымбат түсиниги барлық адамлардың теңлик принципине тийкарланған ҳалында жеке адамның моральлық баҳалылығын билдиреди. Бул түсиник ар-намыс түсинигине қарағанда кеңирек түсиник, себеби ол адамның қандай функцияны атқарыўына, қандай социаллық рольде болыўына қарамастан адамға инсан сыпатында баҳа береди.

Қәдир-қымбатта жеке адамның өзин тусинип жетисиўи ҳәм өзин қадағалаў формасы болып есапланады, ол унамсыз минез-қулыққа жол

қоймаўшылықты ҳәм ылайықлы ислерди әмелге асырыўды нәзерде тутады. Жеке адамның қәдир-қымбаты, сондай-ақ басқалардың оған сыйласығын, адамның белгили ҳуқық ҳәм мүмкиншиликлерге ийе екенлигин мойын-лаўды талап етеди.

Барлық этикалық системаларда «бахыт» түсиниги өмирдиң мазмунын түсиниў менен тиккелей байланыстырылады, себеби улыўмалық мәнисинде бахыт түсиниги адамның өз өмириниң моральлық қанаатланыўшылық сезими түринде белгиленеди. Көплеген этикалық тәлийматларда бахыт адамның ҳуқықы деп айтылады, бахытқа умтылыў жеке адамның тәбийғый қәсийети сыпатында алып қаралды. Усының менен бирге бул тәлийматларда бахыт ҳәм оған умтылыў моральлық искерликтиң сағасы ҳәм тийкарғы ролин атқарады деп тастыйықланады.

Бахыт категориясы өзине төмендегише белгилерди қамтыйды: жеке адамның өмирди, өзиниң жасап турған орталығын қабыллаўы, адамның физикалық күшлердиң, ден саўлықтың толысыўын сезиўи, өз мақсетине жеткенликтен қанаатланыўышылық, адам искерлигине исеним, мийнеттеги творчестволық руўхланыўшылық ҳәм мийнеттиң нәтийжелерине мақтаныш етиў, адамның перзентлик, аналық, әкелик сезимлерин, сондай-ақ дослықтың, муҳаббаттың қуўанышларын тусинип жетисиўи ҳ.т.б.

Солай етип бахыт-бул адамның жәмийетлик ҳәм жеке ийгилик ушын барлық руўхый ҳәм физикалық күшлерди толық қолланыў нәтийжесиндеги жоқарғы моральлық қанаатланыўшылық сезими болып табылады.

Өмирдиң мазмуны ҳаққындағы мәселе-бул адамның өзин түсиниўге ҳәм билиўге, дуньядағы орнын анықлаўға умтылыўшы, жеке адамның тәбийғый талабы. Этиканың хызмети соннан ибарат ол адамның алдына усы мәселени қояды ҳәм оны өз өмириниң, улыўма адамзат өмириниң неге арналғанлығы ҳаққында ойлаўға мәжбүрлейди.

Өмирдиң мазмуны-адамның турмыслық искерлигиниң мақсетин, бағытын анықлаўшы, ҳәр қандай дуньяға көзқараслық системаға тән түсиник. Халық даналығында үй қурған, дарақ еккен, перзент тәрбиялаған адам өмирде қуры жасамаған адам деп айтылады. Адамның ҳеш бир ҳәрекети

изсиз өтпейди, олардың ҳәр қайсысы белгили әдеп-икрамлылық қәсийетлерин билдиреди, турмыстағы адамлардың өз ара қатнасларында ямаса жақсылықты ямаса жаманлықты тастыйықлайды. Сонлықтан да ҳәр бир жеке адамның өмири өзиниң мәнисине, ҳәм мазмунына ийе болып адамның еркинен ғәрезсиз түрде жәмийетлик раўажланыўда белгили бир из қалдырады. Адамның өмириниң мазмуны, ҳәм өмириниң мақсети бир-бири менен тығыз байланыслы болса да, бирдей әҳмийетке ийе емес түсиниклер. Өмирдиң мазмуны-бул адамның өмириниң, оның қәлеўинен ғәрезсиз, обьективлик әҳмийети, ал өмирдиң мақсети - бул адам тәрепинен қойылып адамның өз өмириниң мәнисин жеке ишки тусиник арқалы билиўи, оның қандай да бир исте, қубылыста конкретлестирилиўи. Конкрет бир искерликте белгили нәтийжелерге ерисиў, белгили бир қәнигеликти ийелеў өмирдиң мақсети болыўы мумкин.

Тийкарғы түсиниклер-категориялар сыяқлы моральлық принциплерде әдеп-икрамлылықты аңлаў формаларынан есапланады. Олардағы моральлық талап салыстырмалы турде улыўмалық тәризде көзге тасланады. Олар жәмийет тәрепинен шахсқа қойылатуғын талап сыпатында пайда болып инсан моралының мәнисин, оның турмыс мазмунын, адамлар менен өз ара қатнаслардағы тийкарғы аспектлерди белгилеп береди. Нәтийжеде принциплер, инсан ис-ҳәрекетиниң улыўма бағдарын көрсеткен ҳалда, көплеген моральлық нормалар ушын тийкар болып хызмет атқарады.

Моральлық принциплердиң ең әййемги ҳәм ең әҳмийетлилеринен бири бул-адамгершилик. Ол инсанның ең жоқарғы социаллық ўазыйпаларын белгилейтуғын ҳәм оны бар ететуғын идеялар, көзқараслар, исенимлер жыйындысы, шахс ерки, қәдир-қымбаты, оның бахытлы болыў ҳуқықын талап етиў имканиятының бар екенлигине болған исеним. Философиялық әдебиятларда адамгершилик принципин дәслеп Европа ояныў дәўири ойшыллары алға сүрген деген пикирлер де жоқ емес. Анығырағы, адамгершилик дәслеп Шығыста ортаға тасланған, инсаныйлық, инсан-пәрўарлық деген мәнисти билдириўши «намлулу» сөзи буннан 3-4 мың жыллар бурынғы «Самир мих» жазыўларында ушырайды.

Инсанпәрўарлық улыўма инсаный баҳалылықлар қатарына киреди. Инсанпәрўарлық пенен бир қатарда ўатанпәрўарлық принципи де үлкен әҳмийетке ийе. Ол инсанның өз Ўатанына муҳаббатын, оны қәдирлеўге болған сезимлерин аңлатыўшы моральлық түсиник. Оны көпшилик жағдайда Ўатан душпанларына қарсы гүресте руўхый-идеологиялық қурал сыпатында да қолланады. Тийкарында бул принциптиң шегарасы жүдә кең, ол адамгершиликке салыстырғанда айдынласқан формасы. Ол ең дәслеп ўатанласлары еркин қорғаў, инсан азатлығы ушын алып барылатуғын ис ҳәрекетлерди өз ишине алыўшы түсиник. Ўатанды қорғаў бул-инсанды қорғаў, миллетти қорғаў болып табылады. Лекин бул қорғаў тек ғана урыс майданында емес, ал барлық тараўларда да өз көринисине ийе болады. Ҳәр бир тараўда Ўатан ерискен табыслардан қуўаныў, сәтсизликлерди қайғырыў сезими, Ўатаны менен мақтаныў, оның ҳәр бир қарыс жери, тарийхый естеликлери, илим мәдeният ҳәм искусстводағы жетискенликлерге меҳир менен қараў, оларды көздиң қарашығындай сақлаў булардың ҳәммеси ўатанпәрўарлықтың көринислери болып есапланады.

Ҳәзирги ўақытта жасларымызда ўатанпәрўарлық сезимлерин тәрбиялаў, оларды Ўатан сөзиниң мәнисин терең аңлап жетиўге үйретиў, ўатанпәрўарлық-ең жоқарғы моральлық принцип екенин тусиндириў бизиң пәнимиздиң де ең әҳмийетли ўазыйпасы болып есапланады.

Және бир әҳмийетли моральлық принцип-миллетпәрўарлық. Ол белгили бир мәнисте ўатанпәрўарлық принципиниң және де айдынласқан формасы. Миллетти сүйиў кең мағанада Ўатанды сүйиў деген. Ўатансыз миллеттиң болыўы ямаса еркин ҳәм бахытлы жасаўы мумкин емес.

Бирақ, миллет пәрўарлықты миллетшилик пенен қосып жибермеў керек. Миллетшилик- бул өз миллетин ажыратып алып, оған уллылық белгисин бериўге умтылыў болса, миллетпәрўарлық басқаларды кемситпеген ҳалда, өз миллетиниң гүллениўи, раўажланыўы ушын гүресиў, бул жолда, егер керек болатуғын болса өз өмирин де пида етиў деген сөз. Ол инсанпәрўарлық пенен ажыралмас байланысқа ийе. Өз миллетин шын кеўилден сүймеген адам ҳеш қашан да басқа миллетлерди сүйе алмайды.

Миллетпәрўар адам-бул миллий өзликти аңлап жеткен инсан. Ол өз миллети менен мақтанады, өз миллети менен пүтин жәҳәнниң мақтаныўын қәлейди. Миллетпәрўар инсанлардың өмири миллеттиң өмири сыяқлы мәңги. Миллет жолында өз жанын пида еткен өзбек халқының Минаввар қары, Беҳбудий, Фитрат, Шолпан, қарақалпақ халқының Аллаяр Досназаров, Қасым Әўезов, Көптилеў Нурмухамедовлар сыяқлы пидайы инсанларын халқымыз ҳеш қашан да умытпайды.

Усының менен бирге тынышлық сүйиўшилик, жомартлық (сақыйлық) сыяқлы моральлық принциплер де инсаният өмиринде үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтан да, тынышлық сүйиўшилик урыстың, қан төгиўдиң ҳәр қандай көринислерин бийкар етеди. Жомартлық (сақыйлық) принципи Шығыста әййемнен-ақ бар нәрсе. Европада оны альтруизм аты менен Огюст Конт илимий айналысқа киргизген. Ол адамда өз қәўимлесине жаны ашыў сезиминен, оған бахыт ҳәм абаданлық тилеў туйғысынан келип шығып өзиниң мәниси бойынша бийминнет қайыр-сақаўатлылыққа тийкарланады. Буннан тысқары бизиң миллий моралимизде қарақалпақшылық, миймандослық сыяқлы принциплер де бар. Ол миллетимиздиң ең жақсы дәстүрлерине садықлық туйғысынан келип шығады ҳәм қарақалпақ халқына тән болған баўыры кеңлик, досқа, миймanға болған қатнаста барлық жақсы нәрселерди инам ететуғын пидайылық белгилерин өзинде жәмлестиреди.

Адам өмиринде моральлық нормалар да үлкен әҳмийетке ийе. Олар принциплерге қарағанда бирқанша әпиўайырақ, улыўмаласпаған. Оларды күнделикли турмысымызда мәлим бир моральлық принциплердиң әмелге асырыўшы элементлердиң бири деп айтсақ да болады, олар моральлық талаплардың ең әпиўайы формасы сыпатында көринеди. Ҳадаллық, кишипейиллик, әлпайымлық, ҳақ кеўиллилик сыяқлы нормаларға тоқтап өтемиз. Сол нәрсени ҳәм айтып өтиўимиз керек, ҳадаллықты оның дәслепки тар диний мағанадағы мазмунында, яғный қайсы тағам ҳадал, қайсы тағам ҳарам деген мәнисте түсинбеўимиз керек. Ол әллеқашан-ақ улыўмаадамзатлық мазмунға ийе болған нормаға айналған түсиник.

Бизиң халқымызда «ҳадал адам» деп жақсы адамды, «ҳадал болсын» деп жақсы табыслы мийнетти қәстерлесе, екинши биреўлерди «ҳарамы адам», яғный жаман адам, ямаса «жыйнағаны ҳарамға айналды» деп түсиндирип отырады. Әлбетте, адам тиришилик етиўи ушын өмиринде ҳадал мийнет етеди. Мийнети менен атақ алады, өзиниң ырысқы-несийбесин табады, даңқын шығарады. Оның өз мийнети менен ырысқы несийбе таўып жасаўы ата-бабаларымыздың тастыйықлағанындай «ҳадал» деп аталады.

«Ҳадал» деген сөз араб сөзи болып «рухсат етилген», «таза» дегенди аңлатады, яғный мусылманлар ушын рухсат етилген қылық-қылўалар ҳәм ислер, соның менен бирге таза ҳәм пәк есапланған азық-аўқатлар. Ал ҳарам сөзиниң мәниси болса, бул айтылғанлардың кериси болып табылады.

Тәбиятта барлық ҳайўанлар, ҳәттеки өсимликлерде жасаў ушын гүреседи. Өзи таўып жейди, өседи, нәсил қалдырады, өз жолы менен кетеди. Ал адамның тиришилигинде адамның ҳәммесиниң бирдей бол-маўына байланыслы бир-бирине мәлел бериў, мүмкиншилигиниң үлкенлигине ямаса кишилигине байланыслы оларға қойылатуғын саналы талаплар келип шықты. Олардың ислейтуғын ислерине, жеп-ишиўлерине, қылық-қылўаларына жоқары адамыйлық талаплар қойылып, олардың шегарасы анықланған. Себеби ҳәр бир адам қәлеген жағына кете берсе, ойына не келсе соны ислей берсе, онда жәмийетте ўайраншылық пайда болып, адамлар бузылып, өсип раўажланыўы шатасар еди. Динлер усыны түсинип адамларда бир жәмәәтте услаў ушын ҳадал, ҳарам тәртиплерин шығарған. Буннан шыққан идея ырысқы несийбени ҳадаллап жеў. Ата-бабаларымыз биреўдиң малына, биреўдиң пулына жаман көзи менен қараўды, көздиң қыясын таслаўды қадаған еткен. Кисиниң ҳаялына қол салыўды да ҳарам деген. Олар кисиниң ҳақы кетпесин деп ескертип отырған. Әсиресе «жетимниң ҳақын жеўди» қатты қаралаған. Мийнетсиз табылған малларды, урлықты ҳарам деген. Олар «ҳарам бар жерде сатқынлық, әдалатсызлық бар жерде жәбир, жалған бар жерде доҳмет болады» деп келтиреди.

Мудам ҳадалға садық болған ата-бабаларымыз затларды бөлистиргенде де бири-биреўине қыянет қылмаған. «Өзи жоқтың көзи жоқ» деп ойламаған.

Ҳарамлықтың тек бул дүньясы емес, о дүньясы да күйеди, о дүньяда дозаққа барады деп инанған. Кисиниң затына тиймеў адамлардың санасына сиңген. Ҳәттеки, тәрезиге салынған затты аўырырақ қылып тартып бериў ҳадаллықтың белгиси деп түсиндирилген.

Солай етип, бизиң ата-бабаларымыз әдетинде ишип-жеген аўқатларды ғана ҳарам ҳәм ҳадалға бөлип қоймастан олардың минез қулықлары, тәртиби, ислеп атырған ислери ҳадал ҳәм ҳарамға ажыратылған. (Қараңыз: Ж.Базарбаев, Қ.Даулетова Әдептаныў. Н.1992ж. 42-бет)

Адамзатқа тән әдеп-икрамлылық нормалардың бири бул кишипейиллик, әлпайымлық нормалары. Адамның кишипейил ҳәм әлпайым болыўына тийкарғы себеп, ол тәбийғый мақлуқ ретинде өткинши, ал өзиниң адамзат урпағына жетиўи менен социаллық мақлуқ ретинде күшли. Демек, адам өзиниң адамлар алдында, жәмийет алдында, тәбият алдында, жуўапкершилигин сезсе ол кишипейил болады.

Кишипейил адам басқа адамларды сыйлайды, оларға әлпайымлық қатнас жасайды, басқалардан айрықша болып турыўға ҳәрекетленбейди, өзиниң жеке хызметлерин көрсетип марапатланбайды. Кишипейил адам адамгершиликли, меҳрибан болады, адамға ҳәмме ўақыт жәрдем бериўге тайын турады. Кишипейиллик-бул әпиўайы нәрсе емес, ол әдет, ол социаллық дәреже болып есапланады. Соның ушын да халық «кишипейиллик-кишилик емес, ал кисилик» деп дурыс айтқан.

Кишипейиллик пенен бир қатарда, ҳақ кеўиллилик те инсанның жақсы пәзийлетлериниң бири. Ҳақ кеўил адам басқалардың ығбал бахтына, олардың хызметине ҳәм оның жеке өмириндеги жеңислерине өзиниң бахты, өзиниң жеңиси ретинде қарап оған қуўанады. Ол адам кисилердиң бахтының да, жәмийеттиң бахтын сәўлелендиретуғын адамлар. Ол адам болсын, ҳәммениң иси журиссин, мениң хызметим, мениң табысым қала береди, ҳәммениң табысы болсын, ҳәммениң табысы мениң табысым деп исенеди. Ол өзин биреўдиң көмек сораўын тилетпей-ақ, өзиниң ҳақ кеўиллилиги менен көмек бериўге таяр турады. Бундай адамды халықта ҳақ жүрек адам деп атайды. Ҳақ кеўил-адам ақ көкирек, кеўлинде кир жоқ, өтирик айтыўды, алдаўды

билмейди. Оның руўхый дуньясына жат қумарлықты, мақтаншақлықты, менсинбеўшиликти, тәкаббарлықты да билмейди. Сабырлылық та адамның әдеп-икрамлылығының бир көриниси болып табылады. Сабырлылық-адамның өзин-өзи бийлеўи болып ол өз ишине өзиниң ҳәрекетин, алдына қойған мақсетине жетиўге, өз ҳәрекетин бағындырыў уқыплылығы, қыйыншылықларды жеңип өзиниң сезимлериниң үстинен қадағалаўды иске асырыў, өзин басыў, дөгеректиң қарсылығына ушырасқанда пессимистлик ямаса авантюристлик кейиплерди таслаў уқыплылығы. Ол адамның еркиниң кушлигиниң көрсеткиши ҳәм соның менен қатар гуманистлик қатнастың тийкары болып есапланады.

Сабырлылық әдеп-икрамлылықта жоқары баҳаланып ушқалақлыққа, шыдамсызлыққа қарсы тусиник. Буның тәрбиялық сыпаты сонда, адам бирден қызып кетпестен ҳәр истиң соңына бағып, ойланып ис қылады. Себеби, «Ашыў алдында, ақыл кейнинде келеди» деген халқымыз. Сабыр әдеп-икрамлылықтың руўхый таянышының бири. Сабырлы киси қыйыншылықларды мәртлик пенен қабыл етеди. Ал жеңил тәбиятлы киси қапа-қәсте болады, өзин отқа таслайды, қайғы ғамға бериледи.

Сабырлылық бул адамда жуўапкершилик сезимлерин де тәрбиялайды. Ол зәрүрий емес жағдайда адамның еркин-ықтыярын, өз хәўесин ирке билиў болып есапланады. Сонлықтан да сабырлы адам жәмийетте үлкен абырайға ийе болып, оны ҳәмме мойынлайды, адамлар оның тәсирине өз ерки менен берилип, оның сөзлерин ықласы ықтыяры ҳәм бар интасы менен орынлайды.

### Этиканың дүзилиси ҳәм әҳмийети.

Этика өзгериўши, қурамалы жәмийетлик ҳәдийсе. Этиканың әҳмийети ҳәм тәбиятын түсиниў ушын оның дүзилиси ҳәм қәлиплесиўи нызамлықларын билиў лазым.

Ол этикалық сана, мораллық искерлик, этикалық қатнаслардан ибарат болған, логикалық қурамалы формалық бирликке ийе.

Мораллық сана этикалық талапларды, әдалатлық ҳаққындағы көз-қарасларды қәлиплестиретуғын қараслар, идеялар, теориялар есапланады.

Улыўма, сана сыяқлы этикалық сана да бар болған жәмийетлик болмыстың көриниси. Бирақ, этикалық санада – улыўма, бар болған жәмийетлик болмыс емес, ал адамлардың жәмийеттеги қулқы, раўажланатуғын формадағы таманлары өз сәўлелениўин табады.

Мораллық искерлик – этикалық сана ҳәдийселеринде (мотивлер, нийетлер, дүньяқарас, этикалық қәдир-қымбат, идеаллар ҳәм тағы басқалар) көринетуғын, әмелге асатуғын қулықты, сан-санақсыз ис-ҳәрекетлер, байланыс-қатнасларды этикалық мақсетлерге саналы бойсындырыў, адамның жәмийетлик турмыстың түрли тараўларына, мийнетке, коллективке, шаңараққа, ағайын-туўғанларға, досларға қатнасы, илим, искусство, мәденият тараўындағы искерлиги, сондай-ақ адамның өзи гүўа болған яки қатнасып атырған күнделик турмыс ўақыяларына қатнасы ҳәм басқалар.

Басқаша айтқанда, этикалық искерлик – әмелде өз көринисин табатуғын әдеп-икрамллық болып есапланады. !деп-икрамлылық, минез қулық – этикалық искерликке қарағанда тар түсиник. Қулық – адамның санасы ҳәм ойы менен белгиленетуғын этикалық ис-ҳәрекетлердиң жыйындысы. Адамлардың этикалық қулқы әдеп-икрамлылық байлықларды қәлиплестириў, жәмийеттиң этикалық орталығын жаратыўда үлкен роль ойнайды. Қулықтың бирлиги, биринши элементи ис-ҳәрекет есапланады. Ис-ҳәрекет, мотив адамның жақсы яки жаман қәсийетке ийе болған белгили бир жәмийетлик әҳмийетли нәтийжеге алып келетуғын мәлим искерлик бирлиги есапланады.

Этикалық қатнаслар тәртиптеги ҳәдийсе ҳәм жәмийетлик қатнаслардың қурам бөлеги. Жәмийетлик қатнаслардың ҳәр қандай түри усап, этикалық қатнаслар этика нормалары енен шекленген, адамлар, топарлар, шахс ҳәм жәмийет ортасындағы белгили байланыслар системасы түринде бар болады. Соған тийкарланып, этикалық қатнаслар бул тек ғана байланыслардан ғана ибарат болмай, әйне пайтта норматив тийкарға ийе болған өз-ара тәсирди, сондай-ақ адамның, улыўма, басқа адамлар, жәмийет алдындағы миннетлерди де өз ишине алады.

## Этиканың тийкарғы принцип ҳәм нормалары.

«Этикалық принциплер» - этикалық сананың формалары болып, оларда этикалық талаплар бирқанша улыўма тәризде сәўлеленеди. Принциплер этиканың ең әҳмийетли конкрет тарийхый белгилерин, шахс ис-ҳәрекетине қойылатуғын барлық талапларды жәмлестирип, адамлар искерлигин улыўма бағдар жолын көрсетеди ҳәм бир қанша конкрет, белгили қулық, нормаларға тийкар болып хызмет қылады. Этикалық санада норматив баҳалы көз-қараслар сыпатында беккем орын алған принциплер қурамалы қулық тәрзин, ис-ҳәрекетлер типин сәўлелендиреди. Соның ушын принциплер пүткил жәмийетлик қатнаслар системасына тән болған улыўма этикалық талаплар сыпатында айырым жеке нормалар айдынласады.

### Ўатансүйиўшилик

Ўатанпарўарлық – ўатанға муҳаббат, оған садықлық, оның мәплери жолында хызметқылыўға таяр турыў демек. Ўатанпарўарлық жәмийетлик тарийхый ҳәм этикалық сезим сыпатында адамның жәмийетлик эволюциясы даўамында пайда болады. Ол адамлардың өз мәмлекетин экономикалық, мәдений раўажланыўына үлес қосыўға умтылыў формасында да көрине баслайды. Соны да айтып өтиў керек, ўатанпарўарлық идеяларының эволюциясы тек ғана тереңлесип ғана қалмай, жәмийетлик турмыстың көп тараўларына тереңрек кирип барыўы менен бирге ўатанпарўарлық географиясы кеңейип барады.

### Гуманизм – инсанлар ара мүнәсибетлер принципи сыпатында.

Гуманизм инсанға болған меҳрибанлық, тереӊ инсанийлық ғамхорлық, инсан азатлығы ҳәм ҳәр тәреплеме раўажланыўын сәўлелендириўши жоқары туйғы. Ол инсаний, әдеп-икрамлылық принцип сыпатында ол тарийхый раўажланып барды, жетилисти. Азатлық ушын гүресип атырған халық массасы мәплерин сәўлелендирип терең руўхый мазмунға ийе болды.

Гуманизм принципин жәмийетлик сиясий ҳәм этика планындағы мазмунын экономикалық нызамлар сиясат ҳәм белгили бир дәўирде ҳуким сүрген дуньяқараслар белгилеп берген.

## Этиканың тийкарғы категориялары.

Ҳәр бир пән өз категориялар системасына ийе, категориялардың мазмуны инсан санасының үйренилип атырған предмет әҳмийетине қай дәрежеде кирип барғанлығын көрсетеди. Этика категорияларының өзине тәнлиги соннан ибарат, оларда пән сыпатындағы этиканың әзелий тийкарын қураўшы этиканың ең әҳмийетли нормалары ҳ**адаллық ҳәм расгөйлик.**

Жәмийет турмысында ҳадаллық ҳәм расгөйлик этикалық нормалары да жүдә әҳмийетли. Ҳадаллық ҳәм расгөйлик шахс әдеп-икрамлылығының айнасы. Оны адамның этикалық исеними де, мотивлери де, ис ҳәрекетлери де айнадағыдай сәўленелип турады. Ҳадаллық шахс пикири ҳәм ис-ҳәрекетлериндеги этикалық барқарарлығының синтези болып, жәмийетлик турмыстың көплеген қатламларында адамлардың жақсы қәсийетлери, яғный расгөйлик, садықлық, мәртлик, көңли ашықлық, кең пейиллик, принципиаллық арқалы көринеди.

!пиўайылық ҳәм кемтарлықта этиканың характерли белгиси. Егер инсан өзине ҳәм өзлерине қарата талапшаң болса, өзинде ҳеш қандай айрықша қәдир-қымбат ҳәм ҳуқық бар деп тән алмайды, жетискенликлерге мақтанбайды, өз хызметлерине де, кемшиликлерине де критика менен жантасады, мақтаў алыў ушын емес, улыўма истиң пайдасы ушын жақсы ис-ҳәрекетлер қылыўға умтылады, биз бундай адамлар ҳаққында ол кемтар инсан деймиз.

Принципиаллық – инсанның минез-қулқындағы өз позициясын саналы түрде қорғаўы, ол инсанның өткинши нәрселерге, бир минутлық кейпиятқа, жеке гез келген мотивлерге, ренжиў, қапа болыў сезимине, қайсарлыққа, ағайын-туўғанлардың басымына берилмеслигинде, бәлки оның тийкарлы исенимлерге бойсыныўында көринеди.

Этика категориялары әдеп-икрамлылық қатнасықлардың объектив нызамлықларын, жәмийет этикалық турмысының барлық тәреплерин ҳәм рәң-бәреңлигин сәўлелендиреди.

## Жақсылық ҳәм жаманлық.

Жақсылық ҳәм жаманлық этикалық сананың бирқанша улыўма түсиниклерине тийисли болып әдеп-икрамлылық пенен әдепсизликтиң парқы ҳәм қарама-қарсылығын бир формада сәўлелендиреди. Адамлар бул категориялар жәрдеминде дөгерек-әтирапта болып атырған ҳәмме ўақыяларды баҳалайды. Әйне нениң баҳаланып атырғанлығына қарап бул категориялар жәнеде конкрет түсиниклер формасына киреди, жақсылық ҳәм жаманлық өз-ара байланыслы, әйне ўақытта олар бирин-бири бийкарлаўшы категориялар. Егер жақсылық категориясында идеалға сәйкес келетуғын нәрселер ҳаққында көзқараслар жәмленсе, жаманлық түсинигинде адамлардың идеалына, олар қәдирлейтуғын нәрселерге қарама-қарсы келетуғын бахытқа ерисиўге тосқынлық ететуғын ҳәмме нәрселер ҳаққындағы көзқараслар сәўлеленеди.

## Әдалатлық

Әдалатлық бул – теңликтиң ҳақыйқый ҳәм сыйлықлаўдың зәрүрий өлшеўи есапланады. Этиканың басқа категориялары да өзиниң жыйындысы менен әдеп-икрамлылықты қурайтуғын ең әҳмийетли байланыс ҳәм қатнасларды сәўлелендириў болып хызмет қылады. Бирақ әдиллик адамлардың өз-ара қатнасларын қамтып ала бермейди, ал шахс ҳәм жәмийетлик бирликтиң реал экономикалық, ҳуқықый, сиясий ҳалатын белгилейди. Әдалатлық өз итибарын тарийхый процесслерди, ўақыяларды, сиясий ҳәм идеологиялық акцияларды, жәмийетлик ҳәдийселерди, этикалық ҳәрекеттиң салыстырмалы дәрежесин баҳалаўға емес, ал ўақыяның бул еки тәрепиниң өз-ара қатнасларына қаратады. Яғный айырым адамлар, класслар, топарлардың жәмийет турмысында ойнайтуғын роли менен олардың жәмийетлик аўҳалы ортасындағы қылмыс пенен ақыбет, жынаят пенен жаза ортасындағы, адамның қәдир-қымбаты менен оның сыйлықланыўы ортасындағы, ҳуқық пенен мәжбүрият ортасындағы өз-ара қатнасларды дыққат орайына алады.

## Ҳүждан

Ҳүждан инсанның өз қулқын белгили бир этикалық нормалары көз-қарасынан турып әдеп-икрамлылық баҳалаў ҳәм қадағалаўы, өз ис-ҳәрекетлерине байланыслы болған сезимлерди кеширмелерди өзи анализ етиўи.

Этикалық тәлийматлар жәмийет раўажланыўының дәслепки басқышларында пайда болған ҳәм олар алғашқы жәмәәт дүзими дәўириниң кризиси ҳәм де  класслық (қулшылық) жәмийетиниң қарар табыўы менен байланыслы. !деп-икрамлылық ҳаққындағы дәслепки тәлийматлар !ийемги Шығыс мәмлекетлери- Мысыр, Вавилония, Палестина, Ҳиндистан, Кытайда жүзеге келген. !ийемги Мысырда әдеп-икрамлылық нәсиятнамларды руўханийлар жаратқан. Олар әдеп-икрамлылық аспаннан басланады деп қараған, ҳәмде адамның бас мақсетин қудай менен қосылып кетиўде көрген, тийкарғы әдеп-икрамлылық мәжбүриятын фараонларға хызмет қылыў ҳәм қудайларға ҳүрмет пенен қараўда деп билген. Олар «қудайлар әдеп-икрамлылық дәстүрге қалай әмел қылынып атырғанлығын бақлап турады, адамның ис-ҳәрекетлерине қарап өлиминен кейин сыйлықлайды ҳәм жазалайды», деп тәлим берген. Руўқанийлар, адамлардағы «әдепсизлик» қудайларды жетерли дәрежеде сыйламағанлығынан пайда болады, деп билген.

!деп-икрамлылық ҳаққындағы тәлийматларды ислеп шығыўға Әййемги Ҳиндистанда да үлкен итибар берилген. Әийемги Мысырда болғаны сыяқлы, бул жерде де әдеп-икрамлылық, диний ҳәм дүньялық тәлийматлар ҳүкимлик сүрген. Брахманизм, жайнизм ҳәм буддизмниң диний-этикалық тәлийматлары бойсыныўшлықты, жердеги барлық азап-ақыретлерге бойсыныў ҳәм сабыр-тақат қылыўды үгитлейди. Бул тәлийматлар азап ақыбетлерди улығлаўға тийкарланып, адамның сезимлерине, оның денесиниң тәбийий талапларына итибарсызлық пенен қараўды  үгит-нәсиятлайды. Олар жасамақ-азапланыў демекдур, деп тастыйықлайды. Азап-ақырет адамлардың ол дүньядағы тынышлығы ушын төлеў, гүнаны жуўыў ҳақы деп қаралған. Бул дүньядағы бахыт ушын емес, ал керисинше о дүньядағы бахыт ушын ҳәрекет қылыў, Адам минез-қулқының әдеп-

икрамлылық принципи ҳәр қандай ҳәўес ҳәм арзыўларды сөндириў пәклениў деп жәрияланады, Инсапсызлық, жалған, ғәзеп, ашкөзлик, көре алмаўшылық, тәккабырлық, мақтаншақлық  адамды бул дүньяға байлап қойатуғын, меҳир қойдыратуығын нәрселер қатарына киритиледи. Азаплардан тек ҳадаллық ҳәм мехрибанлық пенен ғана қутылыў мүмкин делинеди.

## ПӘНДИ ОҚЫТЫЎДА ЖАҢА ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ҲӘМ ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАР

1. Этика пәнин оқытыўға дүзилген ис бағдарламасындағы ҳәмме темалар бойынша жаңа педагогикалық технологиялар әмелге асырылады. Бул бойынша қолланылатуғын методлар: кластер, ақылға хүжим, синквейн, киши группада ислеў, абажур х.т.б.

Тийкарғы технология сыпатында проблемалық оқытыў технологиясы қабыл етилген.

2. Информациялық технологияларды қолланыў процесси көбирек компьютерди пайдаланыўды бағдарланған. Бул бойынша философия пәнине тийисли темаларға слайдлар ислеў ҳәм оларды демонстрациялаў процесси әмелге асырылады, мультимедиаларды қолланыў нәзерде тутылады.

## «Синквейн» методы

- Синквейн ҳаққында қысқаша мағлыўмат`
- - Синквейн бес қатарлы тақмақ дегенди аңлатады. Лекция бойынша алынған билимди қысқаша резюме бериў түринде бериў уқыплылығын студентте пайда етиўге жәрдем береди. Студенттен бай түсиниклерге тийкарланған ҳалда рефлексия жүргизиўди талап етеди. Синквейн материалды, мағлыўматты қысқа пикирлерде синтезлеўди талап ететуғын тақмақ.
- Синквейнди жазыўға қойылатуғын қәделер`
- 1. Биринши қатарда тема бир атлық сөз жәрдеминде бериледи.
- 2. Екинши қатарда теманы еки келбетлик сөздиң жәрдеминде сүўретлеў.
- 3. үшинши қатарда берилген тема көлеминде ҳәрекетти үш сөз жәрдеминде сүўретлеў.
- 4. Төртинши қатарда темаға қатнасты көрсететуғын төрт сөзден қуралған гәпти келтириў керек.
- 5. Бесинши қатарда теманың мазмунын ашатуғын бир сөзден қуралған биринши атлық сөздиң синонимин келтириў керек.

## «Синквейн» методы

- Қалай ислеў керек ?
- Атама (әдетте атлық сөз) ______________
- Сүўретлеў (әдетте келбетлик еки сөз) ____ _______
- Ҳәрекет (әдетте фейил үш сөз) _____ ______ ______
- Сезиў (фраза) _____ ______ ______ _________
- Тийкарды қайталаў __________
- Синквейнди дүзиў студентлер тәрепинен, бириншиден, қурамалы мағлыўматты синтезлеў инструменти, екиншиден, олардың түсиниклер аппаратын баҳалаў усылы, үшиншиден, дөретиўшилигин көркемлик жақтан сәўлелендириў усылы ретинде пайдалы.

## «Кластер» методы

- «Кластер» методы ҳаққында мағлыўмат`
- Берилген тема бойынша студентлерге еркин ҳәм ашық түрде пикирлеўге жәрдем бериўши педагогикалық стратегия. Ол ойлаў искерлигин стимулластырыў ушын қолланылады. Белгили тема бойынша түсиникке ийе болыў ушын, студентлердиң өзлериниң жеке билимлерине қатнасын көрсетиўши стратегия.
- Кластерди дүзиўге қойылатуғын талаплар :
- -берилген теманың мазмунына байланыслы түсиник ҳаққында ойымызға келген барлық мағлыўматты жазамыз (олардың сапасын есапқа алмаған ҳалда).
- -мағлыўматлар арасында илажы барынша көп байланысты көрсетиўге ҳәрекет етиў керек.

## «Инсерт» стратегиясы

- «Инсерт» стратегиясын қолланыў сабақ барысында берилип атырған материалды студентлердиң өзлестиргенлигин интерактив белгилер системасын пайдаланыў жәрдеминде аныќлаў ушын қолланылады. Бул стратегияны қолланыў студентлерде текст пенен жумыс ислеўдиң эффективлилигин, ойланып оқыўды, гөне материал менен жаңаның байланысын көрсетиў уқыплылығын арттырады.
- Инсерт стратегиясының белгилер системасы төмендегише көриниске ийе болыўы шәрт: «V» -белгиси студентлер бурын билген мазмунға қойылады.
- «-» -(минус) белгиси студентлердиң алған мағлыўматы, алған билимлерине қарсы мазмунға қойылады.
- «+»-(плюс) белгиси студентлер ушын жаңа болған мазмунға қойылады
- «?»- (сораў) белги студентлер ушын түсиниксиз, қосымша мағлыўматты талап ететуғын мазмунға қойылады.

## «Инсерт» стратегиясы

- Инсерт стратегиясын қолланғанда биринши адым ретинде көрсетилген тема бойынша «Мийге ҳүжим» жүргизиледи, екинши адым ретинде бюерилген мазмунды белгилерди қолланыў жәрдеминде индивидуал оқыў талап етиледи, үшинши адым ретинде «мийге ҳүжим» тийкарында алынған нәтийжени оқыў тийкарында алынған мазмун менен байланыста анализлеў алып қаралады, төртинши адым ретинде алынған мағлыўматты «Инсерт» таблицасы түринде системаластырыў керек.

- Таблица «Инсерт»

| V | + | - | ? |
|---|---|---|---|
| | | | |

## «Еки бөлимли күнделик» усылы

- «Еки бөлимли күнделик» усылын қолланыў сабақ соңында он бес минут даўамында студентлерден өтилген материал бойынша өзлериниң пикирлерин жазыў талап етиледи. «Еки бөлимли күнделик» усылы студентлерде информациялық, операциялық қәсийетлерди раўажландырады.
- Бул усылды қолланыў бойынша методикалық көрсетпелер:
- Биринши адым- дәптер бети екиге бөлинеди.
- Екинши адым- студент лекцияда өзине анағурлым дәрежеде тәсир еткен (унаған яки белгили бир дәрежеде сораў туўдырған) пикирлерди, оқытыўшының идеяларын дәптердиң шеп тәрепине жазады.
- Үшинши адым- дәптердиң оң тәрепине студент берилген пикирлерге өзиниң түсиндирмелерин жазады.

- Төртинши адым- текстти оқып көрип, студентлер дәптерге өзлериниң көз-қарасларын жазады.
- Бесинши адым- жумыстың соңында студентлердиң ҳәр бири өзлериниң пикирлери менен басқа студентлерди таныстырыўға ҳақылы, олардағы өзлрине унаған идеяларды атап көрсетиўине болады

**«Шығыс картасы» усылы**

- Студентлер жазба түринде, лекцияның соңында өтилген материаллар бойынша «шығыс картасын» ислеп шығыўы тийис. Бир бет қағазға студентлер төмендеги үш пункт бойынша өзлериниң пикирлерин жазыўы тийис.
- 1.Лекцияның ең әҳмийетли бөлегин бөлип көрсетиўи тийис.
- 2.Лекцияның темасы бойынша бир сораўды түсиндириўи тийис.
- 3.Лекция материаллары бойынша улыўма түсиндирме бериўи тийис

**«Категориялық жақтан шолыў» усылы**

- Бул усыл студентлерде информациялық, операциялық уқыплылықты раўажландырады.
- Категориялық шолыў жасаўға көрсетпелер: бириншиден, студентлер берилген тема бойынша барлық тийкарғы идеяларды қағазға жазыўы тийис, екиншиден, алынған мағлыўматты улыўма белгилерге тийкарланған ҳалда бирлестириўши көрсетилген идеялардың ишинен ең улыўмалық дәрежеге ийе идеяларды бөлип алыўы керек, үшиншиден, алынған идеяларды, мағлыўматты лекцияның тийкарғы категорияларына сәйкес бөлистирилиўи тийис.

## Сабақты өтиўге керек материаллар, үскенелер ҳәм жәрдемши хызметкерлер.

Пәнди оқытыўға дүзилген ис бағдарламасындағы ҳәмме темалар бойынша жаңа педагогикалық технологиялар әмелге асырылады. Сабақты өтиўде ҳәр қыйлы ҳәзирги заман қуралларынан пайдаланылады. Бул бойынша қолланылатуғын методлар ҳәм үскенелер: кластер, ақылға ҳүжим, синквейн, Т-сызылма ҳ.т.б. қураллардан: экран, кадаскоп, компьютер, видеопроектор, мультимедиялар ҳәм сызылмалардан пайдаланылады.

Кафедраның ассистент оқытыўшылары, лаборантлары ҳәм операторлар бул қуралларды темаға сәйкес түрде аудиторияда болыўын тәмийинлейди.

## Этика пәнинен өз бетинше жумыс тематикасы;

1. Этика предмети, изертлеў объекти ҳәм ўазыйпалары.
2. Әййемги Шығыстағы ең дәслепки этикалық идеялар.
3. Мусылман шығыс еллериндеги орта әсир этикалық тәлийматлары.
4. Жаңа дәўир этикасы.
5. Этиканың келип шығыўы, ықтыяр еркинлиги ҳәм этика дүзилиси.
6. Этиканың тийкарғы категориялары.
7. Этикалық принциплер ҳәм нормалар.

8. Шаңарақ, пуқаралық жәмийети ҳәм мәмлекеттиң этикалық тийкарлары.
9. Этикалық мәдeният ҳәм шахстың этикалық тәрбиясы.
10. Этикалық ой-пикир раўажланыўының тийкарғы басқышлары. (Дәўирлер ҳәм ойшыллардың этикалық тәлийматлары бойынша)
11. Кәсиплик этика ҳәм әдеп машқалалары.
12. Миллий үрп-әдетлердиң этикалық принциплер ҳәм нормалар менен сәйкеслиги (той, шаңарақ байрамлары)
13. Заманагөй кәмил инсан машқаласы.
14. Этика илиминиң пәни.
15. Этика функциялары.
16. Морал: келип шығыўы ҳәм тарийхый раўажланыўы.
17. Этиканың илимлери системасындағы орны.
18. Этикалық ойдың тарийхый раўажланыў басқышлары.
19. Этика, морал, әдеп-икрамлылық түсиниклериниң мәниси.
20. Жаңа дәўирде этикалық ойдың раўажланыўы.
21. Ислам дининиң пайда болыўы.
22. Моралдың мазмуны, функциялары ҳәм принциплери.
23. Әдеп-икрамлық қатнасының мәденияты.
24. Моралдың мәниси.
25. Базар қатнасықларына өтиў дәўиринде инсанлар арасындағы қатнасларды гуманизациялаў процесси.
26. Моралдың негизги функциялары.
27. Моралдың тийкарғы структуралары.
28. Этика пәниниң объекти ҳәм излейтуғын проблемалары.
29. Морал дүньяны рухый практикалық өзлестириў формасы сыпатында.
30. XIX-XX-әсирдеги әдеп-икрамлылық ҳаққында тәлийматлар.
31. Әдеп-икрамлылық түсиниклери.
32. Этика ҳәм экология.
33. Мухаббат ҳәм неке.
34. Әдеп-икрамлылықтың Өзбекстанның бийғәрезлигин орнатыў ҳәм раўажланыўдағы орны ҳәм роли.
35. Этика пәниниң ўазыйпалары ҳәм әҳмийети.

**Этика пәнинен жуўмақлаўшы сораўлар;**

1. Этика пәниниң изертлеў объекти.
2. Этиканың өзине тән философиялық пән сыпатындағы орны.
3. Этиканың басқа жәмийетлик пәнлер менен байланысы.
4. Әййемги Шығыс дәслепки этикалық тәлийматлар бесиги.
5. «Авесто» - әййемги дәнья этикасы энциклопедясы.
6. Индия ҳәм Қытай ағартыўшыларының этикалық тәлийматлары.
7. Әййемги грек этикасы.
8. Орта әсир мусылман шығысы еллери этикасы.
9. Темур ҳәм Темурийлер дәўири этикасы.

10. Европа ояныў дәўири этикасы.
11. Немец классикалық этикасы
12. Немец классикалық этикасынан кейинги Европа этикасы.
13. XX әсир этикасының тийкарғы бағдарлары.
14. Түркистан ағартыўшыларының этикалық көзқараслары.
15. Руўхыйлық ҳаққында улыўма түсиник.
16. Этиканың руўхыйлық системасындағы бирлестириўшилик әҳмийети.
17. Этика категориялары.
18. Этиканың басқа социаллық ҳәдийселер менен өз-ара байланысы.
19. Этикалық принциплер, өлшемлер, олардың инсан ҳәм инсаният жәмийети раўажланыўындағы әҳмийети.
20. Шаңарақ – дәслепки этикалық орталық.
21. Пуқаралық жәмийети ҳәм этика мәселелери.
22. Этикалық мәдeният ҳәм кәсиплик этика.
23. Ал Фарабийдиң этикалық көзқараслары.
24. Абу Райхан Берунийдиң этикалық көзқараслары.
25. Абу Али Ибн Синоның этикалық көзқараслары.
26. Юсуп Хос Хажибтиң этикалық көзқараслары.
27. Ахмад Югнакийдиң этикалық көзқараслары.
28. Гегельдиң этикалық көзқараслары.
29. И.Канттың этикалық көзқараслары.
30. Ф. Л. Фейербахтың этикалық көзқараслары.
31. Сократтың этикалық көзқараслары.
32. Платонның этикалық көзқараслары.
33. Аристотельдиң этикалық көзқараслары.
34. Жақсылық ҳәм жаманлық категориясы.
35. Әдалатлық категориясы.
36. Ҳадаллық, расгөйлик категориясы.
37. Гуманизм принципи.
38. Ўатансүйиўшилик принципи.
39. Ҳүждан, ар намыс категориясы.
40. Суфизм этикасы.
41. Ислам этикасы.
42. Абу Бакир ар-Разийдиң этикалық көзқараслары.
43. Ибн Рушдтың этикалық көзқараслары.
44. А. Наўайының этикалық көзқараслары.
45. Кашифийдиң этикалық көзқараслары.
46. Инсан сүйиўшилик принципи.

## Этика пәнинен тест сораўлары.

1. Этика атамасын биринши болып илимге киргизген алым.

А. Гераклит.

Б. Демокрит.

В. Сократ.

+Г. Аристотель.

2. Президент И.А.Каримов айтқан.
+А. Мораль руўхыйлықтың өзеги.
Б. Инсан морали тек сәлем әликтен ибарат емес.
В. Мораль булл инсан ҳәм адалат туйғысы, ийман, ҳадаллық.
Г. 1, 2.

3. «Этика атамасы ишки гөзаллық» деп талқылаған алымлар.
А. Сократ.
Б. Платон.
+В. Фарабий.
Г.1,2.

4. Әййемги Туран ҳәм Иранда этикалық пикирдиң раўажланыўы…дини менен байланыслы.
А. Индуизм.
Б. Даосизм.
В. Синтоизм.
+Г. Яхудийлик.

5. Ким шын жүректен инсанды сүйиўге умтылса ол жаўызлық қылмайды дейди.
А. Мао Цзи.
Б. Лао Цзи.
В. Демокрит.
+Г. Сократ.

6. Луций Аней Сенеканың этикаға тийисли шығармалары.
А. Гәзеп ҳаққында.
Б. Реҳим ҳаққында.
В. Бахытлы турмыс ҳаққында.
+г. Луцийге этикалық хатлар.

7. Нақшбандий тариқатының пайда болыўына теориялық тийкар болған Ибн Сина шығармасы.
А. Ишқ рисоласы.
Б. Ахлоқ илимине тийисли рисола.
В. Мийнет ҳаққындағы рисола.
+Г.Нәпсини пәкизе тутыў ҳаққындағы рисола.

8. Кошифийдиң этикаға бағышланған шығармасы.
А. Ахлоқлы мухсыны.
+Б. Ахлоқ илимине тийисли рисола.
В. Адалат ҳаққында китап.
Г. А, В.

9. «Зардушт айтты» шығармасының авторы.
А. Ницше.
Б. Гегель.
В. Фейербах.
+Г. Шопенгауер.

10.Мораль структурасы…ибарат.
+А. Мораллық сана
Б. Мораллық сезимлер.
В. Мораллық мүнәсибетлер.
+Г. А, Б, В.

11.Кайсы кәсиплик этикада Гиппократ анты қолланылады.
+А. Медицина.
В. Педагогика.
С. Журналистика
Г. Инженерлик.

12.Этика – бул…
А. Гөззаллық туўралы көз-қараслар.
Б. Пикирлеў формаларын үйретиўши тәлиймат.
+В. Әдеп-икрамлылық туўралы илим
Г. Дурыс жуўап жоқ.

13.Этика қандай илимлердиң қатарына киреди.
А. Педагогикалық.
Б. Медициналық.
+В. Философиялық.
Г. Математикалық.

14.«Гильгамеш» эпосының ўатаны.
А. Ҳиндистан.
Б. Китай.
+В. Вавилон.
Г. а, б.

15.Даосизм тәлийматын ким дөреткен.
А. Мао-цзи.
Б. Кун-цзи.
+В. Лао-цзи.
Г. а,б.

16.Аристотельдиң этикалық көз-қараслары оның қайсы мийнетиндн жәмленген.
А. Никомахтың этика китабы.
Б. Эвдемниң этика китабы.

+В. үлкен этика китабы.
Г. а,б,в.

17.«Ләззет», «Философиялық өмир тәризи», «Руўхый табобат», «Бахыт ҳәм параўанлық белгилери» шығармаларын  ким жазған.
+А. Наўайы.
Б. Фарабий.
В. Кашифий
Г. Ибн Сина.

18.«Махбуб-ул кулуб» шықармасын ким жазған.
А. Яссавий.
Б. Румий
В. Беруний
+Г. А.Наўайы

19.«Ҳақыйқый философия – китап жазыўдан емес, адамларды жаратыўдан ибарат…Жаңа философияның тамыры Муҳаббаттың ҳақыйқатлығында» деген қатарлар қайсы философқа тийисли.
А. Кант.
Б. Гегель.
В. Шопенгауер.
+Г. Ницше.

20.«Бул дүньяның көрки адам баласы» деп ким айтқан.
А. Бердақ.
Б. Күнхожа.
В. Өтеш.
+Г. Ажинияз.

21. Мораллық принциплер.
А. Инсан  сүйиўшилик.
Б. Еркинликти сүйиўшилик.
В. Ўатан сүйиўшилик.
+Г. Барлығы дурыс

22.Этика сөзи қайсы тилден алынған
+А. Латын
Б. Грек.
В. Немец.
Г. Француз

23.Аристотель пәнлерди қандай топарларға бөледи.
А. Теориялық.
Б. Әмелий.
В. Дөретиўшилик.

+Г. А, Б.

24.Әййемги Мысырдан бизге жетип келген нәсиятнама
А. Калила ҳәм Димна.
Б. Конфуций үгитлери.
В. Кобуснама.
+Г. Пхатотеп үгитлери.

25.Буддизм дининиң муқаддес китабы.
А. Забур.
Б. Таурат.
В. Инжил
+Г. Дурыс жуўап жоқ.

26.«Күш әдалатта» сөзи кимге тийисли.
А. Гиждуаний
+Б. Темур
В. Яссавий.
Г. Румий

## Әдебиятлар:


1. И.Каримов. Ўзбекистон иқтисодий ислоҳатларни чуқирлаштириш йўлида. Т.1995
2. И.Каримов. Өзбекстанның өзиниң раўажланыў жолы. Н.1993
3. Ж.Базарбаев, Қ.Даўлетова. Әдепнама Н.1993
4. Ахлоқшунослик асослари (маърузалар тўплами) Т.
5. И.Т.Фролов, Б.Г.Юдин. Этика наука. (проблемы и дискуссия) М.1986
6.Зеленкова.И., Беляева Е.Этика. Минск.1997
7.Чанышев А. Курс лекции по древней философии. М.1981
8.Ғ айбуллах-Ас-Салом….Толибнома. Т.1996
10. Гусейнов А. и.др. Этика М.1999
11.Гусейнов А. Золотое правила нравственности М.1982
12. Гусейнов А. Мораль (общественное сознание и его формы).
13. Дробницкий О.Понятие морали. М.1974
14.Татаренко А.Структура нравственного сознания. М.1974
15.Наука и нравственность.
16.Канавалова Л. Мораль и познание М.1975.
17.Одобшунослик асослари (маърузалар тўплами)
18. Кон И.Дружба.Этика –психологической очерк. М.1980
19. Васильев К. Любовь. М.1982
20. Печенов А.Истина и справедливость. М.1989
21.Анисимов С.Мораль и поведение. М.1986
22. Волченко Л.Культура поведения, этикет, нравственность.М.1982
23. ТатаренкоА. Нравственные основы общения.М.1979
24. Каган.М.С.Мир общения.М.1988

25. Каримов И. Ўзбекистон XX1 аср бўсағасида.
26. Каримов И. Ҳодаллик ва фидойилик –фаолиятимизнинг асосий мезони бўлсин.Т. Ўзбекистон.1994
27. Нравственная культура личности. Киев.1986
28. С чего начинается личность.М 1979
29. Воспитание комплексный подход.М.1979